Джон Стотт



# МАСИХЫЙЛЫҚТЫҢ ТИЙКАРЫ

Джон Стотт

# МАСИХЫЙЛЫҚТЫҢ ТИЙКАРЫ

# СӨЗ БАСЫ

«Жәмәәтке душпан, Ийса Масихқа дос». Бул сөзлер менен бүгинги күнде көплеген адамларды, әсиресе, жасларды сүўретлеўге болады.

Олар мәкемелердиң ийиси шыққан барлық нәрсеге қарсы турады. Оларға жәмәәтте орнатылған тәртип (истэблишмент) ҳәм оның беккем артықмашлықлары жақпайды. Олар жәмәәтти де ҳеш қандай тийкарсыз инкар етеди, — себеби оны бир қанша кемшиликлери менен бузылған деп ойлайды.

Соған қарамастан, олар инкар етип атырған нәрсе Ийса Масихтың Өзи емес, ал заманагөй жәмәәт болып табылады. Әйне, соның ушын олар Ийса тийкарын салған заманагөй жәмәәттиң жағдайы менен масихыйлықтың Тийкаршысы арасында қарама-қарсылықты көреди, олар сондай әшкараланады ҳәм жүдә суўық. Деген менен, Ийса Масихтың Өзи ҳәм тәлийматы бизлердиң заманымызда да өзине деген дыққат — итибарды жойытпаған. Еки мың жыл бурын Ийса орнатылған тәртипке жийи-жийи қарсы шығатуғын еди, ал оның айырым сөзлеринде қозғалаңға шақырыўшы мәнис бар еди. Деген менен, Ийсаның идеялары өзгерген жоқ. Ол қай жерге барса да, сүйиспеншилик ҳәм тынышлық инәм ететуғын еди. Және де, Өзи қалай тәлим берген болса, анық солай өмир кеширди. Бирақ, Ол ҳақыйқый болған ба еди?

Дүньяда көплеген адамлар Масихтың ҳәм масихыйлықтың ҳақыйқыйлығы сөзсиз қабыл етилген хожалықларда тәрбияланбақта. Деген менен, бул адамларда сыншыл қәсийетлер раўажланып, олар жеке пикир жүргизе баслағанда, балалығындағы динниң күшли жерлерин изертлеўге

қарағанда, олар ушын сол диннен ўаз кешиў аңсатырақ болады.

Ал, басқа көплеген адамлар масихый орталықта тәрбияланбағанлықтан, индуизм, буддизм, ислам ямаса дүньядағы гуманизмниң морали, коммунизм ямаса экзистенциализмниң тәлийматын үйренеди.

Бирақ бириншилер де, екиншилер де ара-тура болса да, Ийса ҳаққында оқыйды, Онда тәрийплеп жеткизиў қыйын болған Өзине тартыўшылық бар екенин ҳәм бул нәрсеге аңсат ғана қол силтеп кетиў қыйын екенин билип алады.

Солай етип, бизлер Насыралы Ийсаның тарийхый тулғасы ҳаққында сөз етиўди баслаймыз. Ол ҳақыйқаттан да өмир сүрди. Бул бойынша ҳеш қандай дәлиллей алатуғын гүманлар жоқ. Ийсаның тарийхта болғанын бутқа табыныўшы авторлар да, масихый авторлар да тастыйықлады.

Ийса ҳақыйқаттан да адам болып жасады. Ол басқа адамлар сыяқлы туўылды, ержетти, тер төгип мийнет етти, дем алды, уйықлады, ишип-жеди, азап шекти ҳәм өлди. Ол ҳақыйқый адамның денесине ҳәм ҳақыйқый адамның сезимлерине ийе еди.

Деген менен, бизлер Оның қандай да бир мәнисте Қудай болғанына ҳақыйқаттан да исене аламыз ба? Ийсаның Қудайлығы масихыйлар сүўретлеп жазған тек ескиликтиң қалдығы емес пе? Насыралы ағаш устасының Қудайдың жалғыз Улы екени ҳаққында масихыйлардың таң қаларлық исенимин тастыйықлаўшы қандай да бир гүўалық бар ма?

Бул — тийкарғы сораў болып, оннан қашып қутылыў мүмкин емес. Бизлер ҳақыйқатшыл болыўымыз керек. Егер Ийса адам денесиндеги Қудай болмаған болса, онда енди масихыйлық та жоқ болғаны. Олай болса, бизлерде

тек әжайып идеяларға ҳәм жақсы моральға ийе болған және бир дин ғана қалады. Ал оның айрықша өзгешелиги жоқ болып кетеди.

Бирақ, Ийсаның қудайлық тәбияты ҳаққында жақсы, күшли, тарийхый ҳәм раўажланып атырған гүўалық бар. Ҳәр бир ҳақ адам өз ақыл-санасына қарсы бармай-ақ, бул гүўалықты тастыйықлап, қол қоя алады. Және де, бизлер Ийсаның Өзин сондай батыл ҳәм сондай кишипейил түрде айрықша қылып таныстырғанын билемиз. Ийса ҳеш нәрсе менен салыстырып болмайтуғын минез-қулыққа ийе еди. Оның күши, кишипейиллилиги, сөзсиз ҳақлығы, жумсақ кеўли, балаларға деген ғамхорлығы, кемситилгенлерге деген сүйиспеншилиги, мәртебеси ҳәм Өзин қурбан етиўи пүткил дүнья жүзин сүйсиндирди. Ол азаплы өлим көргени менен изсиз жоқ болып кеткени жоқ. Оның өлимнен қайта тирилгени ҳаққында жәрияланғаны исенимли гүўалық бола алады.

Айтайық, егер Ийса Қудайдың Улы болса, онда масихыйлықтың тийкарлары бул ҳақыйқатлықты тек қабыл етиў ғана бола ма? Яқ, бул да емес. Егер бизлер Ийсаның қудайлығына исенген болсақ, онда Оның ислерин де билип алыўымыз зәрүр. Ийса не ушын келди? Мухаддес Китап буған былай деп жуўап береди: «Ол бул дүньяға гүнакарларды қутқарыў ушын келди». Насыралы Ийса — биз гүнакарлар ушын керек болған, аспаннан келген Қутқарыўшы. Бизлер гүналарымыз себепли айырылып қалған ең мухаддес Қудайдан кеширим алыўымыз ҳәм Оған қайтыўымыз керек. Бизлер өз-өзимизди сүйиўден азат болыўымыз ҳәм өз идеалларымызға сай жасаўымыз ушын күш алыўымыз тийис. Бизлер бир-биримизди сүйиўди үйрениўимиз, достымызды да, душпанымызды да бирдей

жақсы көриўимиз зәрүр. Анық усы нәрсе қутқарылыў дегенди аңлатады. Усы нәрсени Масих бизлер ушын Өз өлими ҳәм қайта тирилиўи арқалы қолға киргизди.

Олай болса, масихыйлықтың тийкары дүньяның Қутқарыўшысы болыў ушын келген Ийсаның Қудайдың Улы екенине исениўден ибарат болғаны ма? Яқ, бул да емес. Қудайлық тәбиятқа ийе болған Оған бойсыныў, адам сыпатында қутқарылыўға мүтәж екениңди мойынлаў ҳәм Масихтың қутқаратуғынына исениў де жеткиликли емес. Масихыйлық — бул тек исеним емес, ал ол ис-ҳәрекетти де нәзерде тутады. Бизлердиң ақыл-ойымыз бенен исениўимиз сыннан тысқары болғанлықтан, исенимимизди ислеримиз арқалы ҳәрекетке келтириўимиз керек.

Солай екен, бизлер не ислеўимиз керек? Бизлер өзлеримизди, жүрегимизди, ақыл-ойымызды, жанымызды, еркимизди, үйимизди ҳәм өмиримизди, яғный пүткил өзлигимизди Ийса Масихқа бағышлаўымыз тийис. Бизлер Оның алдында бойсыныўымыз зәрүр. Оған өз Қутқарыўшымыз сыпатында исениўимиз, Ийемиз сыпатында бойсыныўымыз, исениўшилер жәмәәтине садық ағза, ал дүньядағы жәмийетте жуўапкерли пуқара болыўымыз керек.

Масихыйлықтың тийкарлары ҳәм усы китаптың мазмуны-мине, усыннан ибарат. Бирақ, Ийса Масихтың қудайлығы ҳаққында гүўалықты қарап шығыўдан алдын, бул тақырыпты дурыс үйрениў бойынша кирисиў бөлими зәрүр болады. Масихыйлар Ийса Масихта Қудайды көриўге болады деп исенеди. Бул нәрсени қарап шығыўға Қудай бизлерди қалай излейтуғын болса, бизлер де оны солай излеўимиз тийис деген түсиник жәрдем береди.

# 1
# ИСЕНИМЛИ ЖАНТАСЫЎ

«Ең баста Қудай...». Мухаддес Китаптағы бул дәслепки үш сөз дүньяның жаратылыў тарийхына ямаса жаратылыс китабына кириспеден әҳмийетлирек. Бул бизлердиң Мухаддес Китапты толығы менен түсиниўимизге жәрдем бериўши гилт. Олар Мухаддес Китаптағы динниң Қудай басқаратуғын дин екенин айтады.

Қудайды албыратып таслаў, Оны алдын ала түсиниў қыйын. Ол бәрқулла биринши болып ҳәрекет етеди ҳәм бәрқулла басында жүреди. Қудай адам пайда болмастан алдын ҳәрекет еткен еди. Адам Қудайды излеў ушын ҳәрекетке келместен алдын, Қудай адамды излеген еди. Бизлер Мухаддес Китапта қармаланып, Қудайға қарай баратырған адамды емес, ал адамға қарай қолын созып турған Қудайды көремиз.

Көплеген адамлар Қудайды узақ жайласқан тахтта жайғасып отыратуғын, үнсиз, жат, басында өлим бар адамлар Өзин бир нәрсе ислеўге көндиргенге дейин, олардың мүтәжликлерине бийпәрўа қарайтуғын қылып көз алдыларына келтиреди. Бул — пүткиллей жалған көз-қарас. Мухаддес Китап Қудайды бизлерге былай

ашып береди: адам еле қараңғылықта қалып, гүнаға батып жүргенде, Қудайға жүз бурыў оның басына еле кирип-шығыўдан көп алдын-ақ, Қудай Өз тахтынан турады да, даңқ-салтанатын қалдырып, адамды излейди ҳәм оны таппағанша, тынышланбайды.

Бул уллы, ҳәмме нәрседен бурын болатуғын Қудайдың ис-ҳәрекети көп нәрселер арқалы көринеди. Жаратылыс иси де Қудайдың басламасы менен болды. Ол жер жүзине ҳәм ондағы ҳәмме нәрсеге тиришилик инәм етти. «Ең баста Қудай аспан ҳәм жерди жаратты». Ол Өз басламасы менен адамзатқа Өз тәбиятын ҳәм еркин аян арқалы ашып берди: «Қудай әййемги заманларда пайғамбарлар арқалы көп мәртебе ҳәм ҳәр түрли жоллар менен ата-бабаларымызға сөйлеген еди. Ал бул соңғы ўақытларда болса, Қудай бизлерге Өз Улы Ийса арқалы сөйледи». Қудайдың Өзи баслама көтерип, Ийса Масих арқалы ер адамларды ҳәм ҳаялларды гүнадан қутқарыўға келди: «Қудай келип, Өз халқы ушын төлем төлеп, оны қутқарды» (Жар. 1:1; Евр. 1:1-2; Лука. 1:68).

Қудай жаратты. Қудай сөйледи. Қудай ис-ҳәрекет етти. Қудайдың үш түрли тараўда ислеген ис-ҳәрекети Мухаддес Китапта жәрияланған динниң қысқаша мазмунын тастыйықлаўдан ибарат. Бизлер бул китапта 2-ши ҳәм 3-ши тастыйықлаўларды қарап шығамыз. Себеби, негизинде масихыйлық Ийса Масихтың тарийхый тулғасынан басланады. Егер Қудай сөйлеген болса, онда Оның дүньяға айтқан соңғы ҳәм ең уллы сөзи Ийса Масих болды. Егер Қудай ис-ҳәрекет еткен болса, онда Оның ең жақсы иси-бул дүньяны Ийса Масих арқалы қутқарыўы болды.

Қудай Ийса Масих арқалы сөйледи ҳәм Ол арқалы ис-ҳәрекет етти. Ол бир нәрселерди айтты ҳәм бир нәрселерди иследи. Бул масихыйлық тек Қудайға байланыслы сөзлерден ибарат дегенди аңлатпайды. Және де, бул диний идеялардың ҳәм қағыйдалардың жыйнағы да емес. Павелдиң айтыўы бойынша: «Қудайдың Хош Хабары Өз Улы Ийса Масих ҳаққында. Ийса Масих — бизлердиң Ийемиз» (Рим 1:1-4). Бул — биринши гезекте адамды ис-ҳәрекет етиўге шақырыў емес, ал бизлер ушын Қудайдың Ийса Масих арқалы не ислегенин жәриялаўдан ибарат.

## Қудай сөйледи

Адам баласы көп нәрселерди билиўге қатты қызығады. Оның сана-сезими усылай жаратылғанлықтан, ол тынышлана алмайды. Адам ҳәмме ўақытта таныс емес нәрселерге дыққат пенен нәзер салады. Ол таўсылмас күш-ғайрат пенен билим излейди. Адамның өмири — ашылыўлардан туратуғын саяхат. Ол бәрқулла сорайды, изертлейди, ашады, сер салып қарайды. Адам кишкене бала сыяқлы: «Неге?» деген сораўын қоймайды. Бирақ, адамның сана-сезими Қудайға қаратылса, ол не қыларын билмей қалады. Оның сана-сезими қараңғылықта қармаланып қалады, өз тереңликлеринде жәрдем күтип, тырбаңлайды. Бул таң қаларлық нәрсе емес. Өйткени, Қудай — шексиз, ал бизлер басында өлим бар адамлармыз. Қудай бизлердиң түсинигимизден тысқары болғанлықтан, бизлердиң эмпериялық илимлердиң пайдалы қуралы болған ақылымыз да бул жерде тез жәрдем бере

алмайды. Бизлердиң ақылымыз Қудайдың шексиз сана-сезимине кирип бара алмайды. Ол жаққа апаратуғын текше де жоқ болып, тек ушы-қыйыры жоқ үлкен ағыс ғана бар. Аюптан: «Қудайдың терең ой-пикирлерин билип алыўға бола ма?» — деп сораған екен. Бул мүмкин емес.

Жағдайды жақсылаў ушын Қудайдың Өзи биринши болып ҳәрекет етпегенде, ҳәммеси солайынша қала берген болар еди. Адам баласы агностик болып қалып, Понтий Пилат пенен биргеликте: «Ҳақыйқат деген не?» — деп сораған, бирақ ҳеш қашан жуўабын тыңламаған, ҳәтте, жуўап аламан деп үмит етиўге батылы да бармаған болар еди. Адам Қудайға сыйынған болар еди, себеби бул оның тәбиятына тән нәрсе. Бирақ, Афинадағы қурбанлық шалынатуғын орында жазылғандай, адамның барлық қурбанлық шалатуғын орынларында да «Бийтаныс Қудайға» деген жазыў болар еди.

Деген менен, Қудай сөйледи. Оның Өзи Өзин ашып бериўге қарар етти. Масихыйлықта ашып бериў доктринасы терең ақыл-даналыққа ийе. Қудай бизлердиң ақыл-ойымызға бизлер ушын жасырын болып қалыўы мүмкин болған нәрсени ашып берди. Оның ашып берген нәрсесиниң бир бөлегин бизлер тәбият арқалы көремиз.

> «Аспан Қудайдың даңқын жәриялайды, Оның ислери ҳаққында жер мәлим етеди».
>
> *Забур 18:2*

> «Өйткени Қудай ҳаққында билиўге мүмкин болған нәрселер оларға (яғный, адамларға) белгили. Қудайдың Өзи оларға усыларды мәлим еткен. Дүнья жаратылғаннан

бери Қудайдың көзге көринбейтуғын қәсийетлери, яғный шексиз қүдирети ҳәм қудайлығы Ол жаратқан барлықтан сезиледи. Солай етип, олар өзлерин ақлай алмайды».

*Рим 1:19-20*

Әдетте буны Қудайдың «улыўма» аяны деп атайды (себеби бул аян жер жүзиндеги барлық адамлар ушын арналған) ямаса ол «тәбийғый» аян деп те аталады (себеби ол тәбиятта). Деген менен, бул жеткиликли емес. Әлбетте, бизлер тәбият арқалы Қудайдың бар екенин ҳәм аз муғдарда болса да, Оның қудайлық күши, даңқы ҳәм садықлығы ҳаққында билип аламыз. Бирақ, егер адамға Қудайды анық билиў керек болса, онда оған кеңирек ҳәм ҳәрекет етиўши аян зәрүр болады. Қудай Өзин ашып бергенде, Ол Өзиниң мухаддес екенлигин, сүйиспеншилигин ҳәм гүналардан қутқаратуғын бийликке ийе екенин де билдиреди. Қудай буларды қуўанышлы түрде иследи. Бул «айрықша» аян болып табылады. Өйткени, ол таңланған халық болған Израил халқы ушын таңланған адамлар болған Ески Келисимдеги пайғамбарлар ҳәм Жаңа Келисимдеги елшилер арқалы билдирилди.

Және де, бул аян «ғайрытәбийий» аян болып та есапланады, себеби ол «руўхландырыў» арқалы берилип, Ийсаның Өзи ҳәм ислери арқалы ашылды. Бундай аянды түсиндириў ҳәм сүўретлеў ушын Мухаддес Китап Қудайдың не айтқаны ҳаққында «сөз» етеди. Бизлер бир-биримиз бенен сөйлесиў арқалы аңсат қарым-қатнас жасаймыз. Сөзлеримиз арқалы сана-сезимимизди ашамыз. Бул нәрсе бизлердиң шекленген ақылымызға

Өзиниң шексиз ақылын ашып бериўди қәлеген Қудайды ойлағанымызда еле де түсиниклирек болады. Өйткени, Ийшая пайғамбардың сөзлери бойынша, Қудай жерден қәншелли бийик болса, Қудайдың ақыл-ойлары да бизлердикинен соншелли жоқары. Егер Қудай Өз ойларын сөзлери арқалы билдирмегенде, бизлер оларды биле алмаған болар едик. Солай етип, Ийемиздиң сөзлери көп пайғамбарларға Ийса Масих келиўге дейин келип турды. «Сөз адам болып арамызда жасады» (Юх 1:1, 14). Сол тәризде Павел де Коринфтеги исениўшилер жәмәәтине: «Себеби дүньяның өз ақыл-даналығы менен Қудайды билмеўи Қудайдың даналығы бойынша болды. Сонлықтан, Қудай исенген адамларды ақылсыз деп саналған бизлердиң ўазымыз бенен қутқарыўды мақул көрди», — деди. Адам Қудайды өз даналығы менен емес, ал Қудайдың сөзи арқалы билип алады ҳәм адамның ақылы менен емес, ал Қудайдың аяны арқалы билип алады. Павелдың Арес төбесинде афиналыларға айтқанындай, Қудай Өзин Масих арқалы билдиргени себепли масихыйлар да батыл түрде ҳүким етип, былай деп айта алады: «Өзлериңиз билмей сыйынып жүрген усы Қудай ҳаққында сизлерге жәриялайжақпан».

Бул тастыйықлаў дурыс баҳаланбағаны себепли илим ҳәм дин арасында көп қарама-қарсылықлар пайда болды. Дин тараўында эмпериялық жантасыўды улыўма қолланыўға болмайды. Илимий билимлер бақлаў ҳәм тәжирийбе жәрдеминде алға илгерлейди. Бул билимлер бес физикалық сезим арқалы келетуғын мағлыўмат пенен жумыс ислейди. Деген менен, бизлер метафизикалық тараўға қарасақ, тез мағлыўмат ала алмаймыз. Ҳәзир

Қудайды қол менен услап көриўге, көз бенен көриўге ямаса еситиўге болмайды. Бирақ, бир ўақытлары Қудай сөйлеўге қарар етип, көриўге ҳәм еситиўге болатуғын денеде болыўды шешкен еди. Юхан өзиниң биринши хатын былай деп баслады: «Eң бастан бар болған өмир Сөзи ҳаққында: Оны еситкенимизди, өз көзлеримиз бенен көргенимизди ҳәм анықлап көрип, Оған қолларымызды тийгизгенимизди сизлерге жәриялап атырмыз ҳәм Ол туўралы гүўалық берип атырмыз» (Юх 1-х 1:1-2).

## Қудай ҳәрекет етти

Масихыйлық Хош Хабар Қудай сөйледи деген тастыйықлаўға туўры келмейди, ол Қудай ҳәрекет етти деген тастыйықлаўды мақуллайды.

Адам баласы мүтәж болғанлықтан, Қудай еки тараўда да Өзи ҳәрекет етти. Өйткени, бизлер сада болып қалмай, гүнакармыз да. Солай етип, Қудай Өзин бизлердиң садалығымызды ашып бериў ушын аян етиўи шәрт емес еди. Бизлерди гүналарымыздан қутқарыў ушын, Ол бир нәрсе ислеўи тийис еди. Қудай буны Ески Келисим заманында-ақ баслаған еди. Ибрайымның өзинен ҳәм урпақларынан бир халықты пайда етиў ушын оларды Мысырдағы қулшылықтан қутқарып, Синай таўында келисим дүзиў ушын, оларды шөл арқалы ўәде етилген жерге апарып, Өзи таңлаған халық сыпатында оларды баслап жүриў ҳәм үйретиў ушын, Қудай Ибрайымды Ур қаласынан шақырып алған еди.

Бирақ, булардың ҳәммеси Қудайдың Масих арқалы уллы қутқарыў исиниң таярлығы ғана болды. Адамды

Мысырдағы қулшылықтан ямаса Бабилондағы сүргиннен емес, ал гүнаның сүргининен ҳәм қулшылығынан қутқарыў керек еди. Мине, сол себептен Ийса Масих келди. Ол Қутқарыўшы болып келди.

«Сен Оның атын Ийса деп қоясаң, себеби Ол Өз халқын гүналарынан қутқарады».

*Матта 1:21*

«Масих Ийса бул дүньяға гүнакарларды қутқарыў ушын келди, деген сөзлер исенимли ҳәм ҳәмме адамлар тәрепинен қабыл қылыныўға ылайықлы сөзлер».

*Тим 1-х 1:15*

«Себеби Адам Улы адасқанларды таўып, қутқарыў ушын келди».

*Лука 19:10*

Ол сүриўиндеги бир қойды излеп таппағанша, тынышланбайтуғын шопан еди (*Лука* 15:3-7).

Масихыйлардың дини-бул қутқаратуғын дин. Масихый емес динлер гүнакарларды сүйген, олар ушын дүньяға келип, Өз жанын берген Қудай ҳаққында айтылған хабар менен теңлесиўге ҳәлсизлик етеди.

## Адамның жуўабы

Қудай сөйледи. Қудай ҳәрекет етти. Бул сөзлер ҳәм ислер ҳаққында жазылған ҳәм түсиндирилген сөзлерди Мухаддес Китаптан излеўимиз тийис. Көп адамлар ушын олар еле сол жерде. Қудай не айтқан ҳәм не ислеген болса да, өткен күнлерде айтты ҳәм иследи. Олар

өтмиштен ҳақыйқый тәжирийбеге, Мухаддес Китаптан өмирге өтпеди. Қудай сөйлеген еди, бирақ бизлер Оны тыңладық па? Қудай ҳәрекет еткен еди, бирақ бизлер Ол ислеген нәрселерден бир нәрсе алдық па?

Бизлердиң не ислеў кереклигимиз туўралы кейин ала усы китаптан түсиндирме аламыз. Ҳәзир тек бир нәрсе ғана айта аламыз: бизлер излеўимиз керек. Қудай бизлерди изледи. Ол еле де бизлерди излемекте. Бизлер оны излеўимиз тийис. Қудайдың адамға деген баслы өкпеси — бул адамның Қудайды излемегенинен ибарат.

> «Жаратқан Ийе аспаннан адамларға қарады: олардың арасында саналы ҳәм Қудайды излеўшилер бар ма екен деп, көрмекши болды. Ҳәмме жолдан адасқан, барлығы жарамсыз болған, жақсылық ислеўши ҳеш ким жоқ, бирде биреўи жоқ».
>
> *Забур 13:2-3*

Деген менен, Ийса: «Излеңлер, табасызлар», — деп жәриялаған еди. Егер излемесең, ҳеш қашан таба алмайсаң. Шопан жойтылған қойын таппағанша, излей берген еди. Ҳаял да жойтылған теңгесин таппағанша, излей берген еди. Бизлер неге ҳеш қандай тәшиўишленбесек те болады, деп ойлаймыз? Қудай Өзин тапқанды, тек Оны излегенлердиң ғана тапқанын қәлейди.

Излегенде жан-тәнимиз бенен излеўимиз зәрүр. «Адам қәншелли батыл болса, ол соншелли ериншек болады», — деп жазған еди Эмерсон. Деген менен, булардың ҳәммеси соншелли әҳмийетли болғанлықтан, бизлер өзимиздиң тәбийғый ериншеклигимизди, бийпәрўалығымызды жеңип, өз ақыл-ойымызды излеўге бағышлаўымыз

керек. Қудай бийталапларға онша сабырлы емес. «Оның Өзин излегенлерди сыйлықлайтуғынына исениў тийис» (Еврейлерге хат 11:6).

Излегенде кишипейиллик пенен излеўимиз тийис. Биреўлерге излегенде бийпәрўалық иркиниш жасаса, ал басқалар ушын үлкен ҳәм кең тарқалған иркиниш — бул менменлик болады. Бизлер ақыл-ойымыздың шекленгенин, Қудайдың Өзи бизлерге Өзин ашып бермесе, ақыл-ойымыздың бир ҳәрекет пенен Қудайды аша алмайтуғынын мойынлаўымыз керек. Бизлер рационал түрде пикир жүргизиўди иркиўимиз тийис демекши емеспен. Керисинше, Забурдағы бир жыршының буйырғанындай, бизлер пәмсиз ат ямаса ғашырға уқсап қалмаўымыз тийис. Бизлер өз ақыл-ойымызды иске салыўымыз, бирақ оның шекленгенлигин тән алыўымыз зәрүр. Ийса былай деген еди:

> «О, Әке, аспан ҳәм жердиң Ийеси! Буларды даналардан ҳәм ақыллылардан жасырып, нәрестедей адамларға ашып билдиргениң ушын, Сени мақтайман».
>
> *Лука 10:21*

Ийсаның балаларға деген сүйиспеншилигиниң бир себеби усы. Балаларды үйретсе болады. Олар менмен, даңқпараз ҳәм сыншыл емес. Бизлер кишкене балаларға тән болған ашық кишипейил ҳәм тез қабыл еткиш ақылға ийе болыўымыз керек.

Излегенде ҳадаллық пенен излеўимиз тийис. Қудай Өз аянын менменсинбей, екиленбей, кишипейиллик ҳәм тынық ақыл менен билдиреди. Ҳәр бир оқыўшы жаңа пәнге өзинде әлле-қашан қәлиплескен көз-қарас пенен

жантасыў қәншелли қәўипли екенин биледи. Деген менен, көп излеўши адамлар Мухаддес Китапты үйрениўге келгенде, өзлери қабыл еткен шешимлерин тасламаған болады. Бирақ, тек ҳақыйқаттан излегенлерге ғана Қудай Өз ўәдесин берген. «Мени излеңлер, табасызлар. Мени шын жүректен излесеңлер ғана табасызлар» (Еремия 29:13). Демек, өз ой-пикирлеримизди қойып, масихыйлықтың ҳақыйқат екенлигин өз ақыл-ойымыз бенен ашыўымыз зәрүр.

Излегенде бойсынып излеўимиз керек. Бул талапты орынлаў ҳәммесинен қыйын. Қудайды излегенде тек өз идеяларыңды қайта көрип шығыўға емес, ал өз өмириңди өзгертиўге де таяр турыўың тийис. Масихыйлық хабарда моральлық шақырық бар. Егер хабар ҳақыйқат болса, онда шақырықты қабыл етиў зәрүр. Қудай адам бақлайтуғын қолайлы объект емес. Қудайды микроскоп астына қойып, я болмаса Оған телескоп арқалы қарап: «О, қандай қызық!» — дей алмайсаң. Қудай қызықлы емес. Ол қатты қапа қыла алады. Ийса Масих ҳаққында да солай айтсақ болады.

> «Бизлер Оған сана-сезимимиз арқалы қараймыз, бирақ Оның бизлерге руўхый жақтан қарайтуғынын көремиз. Бизлер роль аўмастық. Бизлер Аристотельди үйренгенимизде, ол бизлерге ақыл-сана бойынша нәсият береди. Ал, бизлер Ийсаны үйренгенимизде, өзлеримиздиң руўхый жақтан тереӊ тынышсызлыққа түсетуғынымызды сеземиз. Сонда бизлер ишимизден усы Ийсаға деген жүрегимиздиң ҳәм еркимиздиң шешимин қабыл етиўимиз керек болады. Адам Ийсаны ақыл — ойының ғәрезсизлиги менен үйренсе болады, бирақ ол моральлық жақтан

бийтәреп болып қала алмайды. Бизлер кимниң байрағы астында жүрис баслағанымызды жәриялаўымыз тийис. Буған Ийса менен туўрыдан-туўры қарым-қатнас жасасақ ғана ерисемиз. Бизлер тыныш билим алып баслаған едик, ал енди бизлерди моральлық шешим қабыл етиўге шақырмақта».

*П. Карнеги Симпсон «Масихтың гүўалыгы», 1930, Джеймс Кларктиң баспасы, 1952, 23, 24-бетлер*

Демек, Ийса исенбейтуғын еврейлерге қарата сөйлегенде, усыларды нәзерде тутқан еди. Ийса былай деген еди: «Ким де ким Қудайдың еркин орынлағысы келсе, бул тәлийматтың Қудайдан ба ямаса Мен Өзлигимнен айтып атырман ба, билип алады» (Юхан 7:17).

Бул ўәде түсиникли. Бизлер Масих ҳақыйқый болды ма, я жалған ба, Оның тәлийматы адамдики болды ма, я Қудайдики болды ма, буны билип алыўымызға болады. Деген менен, бул ўәде моральлық талапқа тийкарланған. Бизлер тек исенип ғана қоймай, бойсыныўға да таяр турыўымыз тийис. Қудай бизлерге еркин ашып бергенде, оны орынлаўға таяр турыўымыз зәрүр.

Мениң еле есимде, бир күни маған жақында ғана мектепти питкерип, Лондонда ислеп атырған бир жас жигит келди. Ол маған исениўшилер жәмәәтине барыўды тоқтатқанын, себеби исеним белгилерин айтқан ўақытта өзин еки жүзлидей сезетуғынын айтқан еди. Жигит енди бул нәрсеге исенбейтуғын еди. Ол сөзин тамамлағанда, мен оған: «Егер мен сизиң сораўларыңызға жуўап берип, сизиң сана-сезимиңизди толық қанаатландыра алсам, сиз өз өмириңизди өзгертиўди қәлер ме едиңиз?» — дедим. Ол зорға жымыйып, қызарып кетти. Негизинде оның

машқаласы сана-сезимине емес, ал руўхына байланыслы еди.

Демек, бизлер усы тәризде излеўимизди даўам етиўимиз керек. Бизлер бийпәрўалықты, менменликти, өзимизде бар болған көз-қарасымызды ҳәм гүнамызды таслап, изи не менен жуўмақланыўына қарамастан, Қудайды излеўимиз тийис. Ҳәрекет етип излеўде ең ишинде еки соңғы иркиништи жеңип өтиў қыйын. Булар — сана сезим бойынша көз-қарас ҳәм руўхый еркинлик. Бул еки иркиниш те қорқыныш әкеледи, ал қорқыныш — ҳақыйқаттың баслы душпаны. Қорқыныш бизлердиң излеўимизди тоқтатып таслайды. Ийса Масихты излеў ҳәм Оны қабыл алыў айтарлықтай қолайсызлықлар әкелетуғынын билемиз. Бизлерге өмирге деген көз-қарасымызды пүткиллей өзгертиўимизге ҳәм жаңа өмир тәризине бейимлесиўимизге туўра келеди. Сана-сезим ҳәм руўхый жақтан болған қорқақлық бизлерди екилениўге мәжбүрлейди. Бизлер излемегенимиз себепли таппаймыз ҳәм табыўды қәлемегенимиз себепли излемеймиз. Бир нәрсени табыўды қәлемейтуғын болсақ, ең жақсы жолы — бул излемеў.

Қәтелесиўиңиз мүмкин екенин ойлап көриң. Масих ҳақыйқый болыўы мүмкин-ғо, ақыры! Егер сиз Қудайды кишипейил, ҳадал ҳәм бойсынған ҳалда излеўди қәлемесеңиз, онда Өзиниң Қудайдың аяны екенин тастыйықлаўшы китапты оқып көриң. Әсиресе Ийса Масихтың өмири туўралы гүрриң етиўши төрт Хош Хабарды оқып көриң. Оған сиз бенен ушырасыўға ҳәм Өзиниң ҳақыйқый екенин көрсетиўге мүмкиншилик бериң. Ақыл-ойыңыз ҳәм қәлеўиңиз бенен толық түсинип,

егер Қудай исендирсе, исениўге ҳәм бойсыныўға таяр болып келиң. Марк жазған ямаса Юхан жазған Хош Хабарды оқып көрсеңиз қалай болар екен? Толық тәсирлениў ушын, олардың қәлеген биреўин бир отырғанда оқып шығыўға болады (жақсысы, ҳәзирги заман аўдармасын оқығаныңыз дурыс). Соңынан және қайталап оқыса болады. Бирақ әсте, күнине бир баптан оқыў тийис. Мысалы, оқыўдан алдын былай деп дуўа етсеңиз болады:

> «Қудай, егер сен бар болсаң (мен буны билмеймен) ҳәм егер сен мениң дуўамды еситип турған болсаң (мени еситип турсаң ба, мен буны да билмеймен) мен растан-ақ ҳақыйқатлықты излеп атырғанымды саған айтқым келеди. Ийсаның Сениң Улың ҳәм дүньяның Қутқарыўшысы екени рас болса, маған буны көрсет. Егер сен мени усыған исендирсең, мен Оған өз Қутқарыўшым сыпатында исенемен ҳәм Оған өз Ийем сыпатында еремен».

Усылай дуўа еткени менен ҳеш ким түңилип қалмайды. Қудай адамның алдында қарыздар емес. Ол ҳадаллық пенен излеўди ҳүрмет етеди ҳәм Өзин ҳақыйқаттан излегенлерге сыйлық береди. Масихтың ўәдеси жүдә әпиўайы: излеңлер, табасызлар.

# I

# МАСИХТЫҢ ӨЗЛИГИ

# 2

# МАСИХ ӨЗИН КИМ ДЕП ЖӘРИЯЛАДЫ?

Бизлер әлле-қашан көргенимиздей, егер тапқың келсе, излеў керек екен. Излеўди қай жерден баслаў тийис? Масихыйлар буған, излеўди Насыралы Ийсаның тарийхый тулғасынан баслаў зәрүрлигин айтады. Өйткени, егер Қудай сөйлеген ҳәм ҳәрекет еткен болса, Ол буны толық ҳәм минсиз түрде Ийса Масих арқалы иследи. Тийкарғы сораў мынадай болды: «Насыралы ағаш устасы Қудайдың Улы болған ба еди? Масихыйлықты үйрениўди Масихтан баслаўдың еки баслы себеби бар. Биринишиси, масихыйлық негизинде Масихтың Өзи. Масихтың Өзи ҳәм Оның ислери — бул масихыйлық дин тийкарланған күш. Егер Масих Өзин ким деп жәриялаған болса, анық сол болмаса, Ол ислеў ушын келген исин ислемеген болса, онда тийкар бузылады ҳәм пүткил имарат қулайды. Егер масихыйлықтан Масихты алып тасласаңыз, ол қаңырап, бос қалады. Масих — масихыйлықтың орайы болып, ҳәмме нәрсе Оның әтирапына қуралады. Бизлер ҳәзир Масихтың философиясының келип шығыўын, Оның системасының баҳалығын ямаса этикасының сыпатын талқылап отырмаймыз.

Бизлерди биринши гезекте Масихтың Өзлиги қызықтырады. Ол ким болған?

Екиншиден, егер Ийса Масих бизлердиң алдымызда айрықша қудайлық Өзлиги менен геўделенсе, онда басқа көплеген машқалалар тәбийғый жол менен шешиле береди. Егер Ийса Қудайдан болса, онда Қудайдың бар екени дәлийлленип, оның минез-қулқы ашылған болады. Бизлер адамның тәғдири ҳәм жазмышы, өлимнен кейинги өмири, Ески Келисимниң мақсети ҳәм абройы, атанақ ағаштың әҳмийети ҳаққында сораўларға жуўаплар ала баслаймыз. Өйткени, Ийса усылар ҳаққында айтқан еди. Егер Ол Қудай болса, онда Оның тәлийматы да ҳақыйқый болыўы керек.

Солай етип, бизлердиң изертлеўлеримиз Ийса Масихтан басланыўы тийис. Оны билип алыўымыз ушын Хош Хабарларды оқыўымыз тийис. Ҳәзирше оларға руўхландырылған Мухаддес Жазыўлардың бир бөлеги деп қараў шәрт емес. Оларға тарийхый ҳүжжетлер деп қараўдың өзи жеткиликли болады. Олардың тарийхый ҳүжжетлер екени сөзсиз. Ҳәзир бизлер олардың әдебий келип шығыўы бойынша сораўды қарап шыға алмаймыз (Жаңа Келисимниң ҳақыйқыйлығы ҳаққында Ф. Ф. Брюстиң «Жаңа Келисимниң ҳүжжетлери: олар ҳақыйқый ма?» — деген китапты көриң. Бесинши басылым, 1990). Бизлерге тек Жаңа Келисимниң авторларының ҳәммеси масихый болғаны, масихыйлардың ҳадал адамлар екени ҳәм Жаңа Келисимниң мазмуны анық сүўретлемелер ҳәм тири гүўалардың тәсирлеринен ибарат екени ҳаққында атап өтиў жеткиликли болады. Деген менен, бизлер ҳәзирше Хош Хабарларға Ийсаның өмири ҳәм тәлийматы жазылған

тийкарлы ҳәм анық жазбалар сыпатында қараймыз. Усылай ис тутып, келип шығыўы гүман туўғызатуғын қандай да бир текстлерге тийкарланбаймыз. Бизлер улыўма ҳәм әпиўайы жерлерге көбирек итибар аўдарамыз.

Бизлердиң мақсетимиз — гүўалық келтирип, Ийсаның Қудайдың Улы екенин дәлийллеўден ибарат. Бизлерди Оның Қудайлығы ҳаққында белгисиз жәриялаўлар қанаатландырмайды: бизлер Оның Қудайлық тәбиятын анықлаўымыз зәрүр. Бизлер Оның басқа ҳеш кимге тән болмаған Қудай менен мәңги ҳәм негизги байланысқа ийе екенине исенемиз ҳәм Оны адамның нықабын кийип алған Қудай ямаса Қудайдың қәсийетлерине ийе болған адам деп есапламаймыз. Бизлер оны ҳәм Қудай, ҳәм адам деп билемиз. Исенимимиз кәмил, Ийса еки анық ҳәм минсиз тәбиятқа ийе болған тарийхый тулға еди. Яғный, ол қудайлық ҳәм адамыйлық тәбиятқа ийе болғанлықтан, минсиз ҳәм мәңгилик қайталанбас болды. Тек усындай жағдайда ғана Оған сүйсинип, алдында бас ийиўимизге Ол ылайықлы болады.

Гүўалық кем дегенде үш бөлимнен турады:

1. Оның Өзин ким деп жәриялаўы;

2. Оның қандай минез — қулық көрсеткени;

3. Оның өлимнен қайта тирилиўи.

Ҳеш бир дәлийл өзлигинен жуўмақ шығарыўға жәрдем бермейди. Бирақ, үш гүўалық жәмленип, бир жуўмаққа әкеледи.

Солай етип, биринши гүўалық — бул Масихтың Өзиниң тастыйықлаўы. Архиепископ Уильям Гемплдиң сөзине қарағанда: «Жасағаны ҳаққында қандай да бир гүўалық болған сол Масихтың таң қаларлық мәлимлемелер

билдириўши әжайып Тулға екенлиги ҳәзир тән алынды». Әлбетте, ҳақ-ҳуқықын талап етиўдиң өзи гүўалықтан ибарат емес. Бирақ, бизлердиң алдымызда түсиндириўди талап ететуғын қубылыс турыпты. Анығырақ болыў ушын, төрт түрли ҳақ-ҳуқықты талап етиў ҳаққында түсиник беремиз.

## Оның Өзине бағдарланған тәлийматы

Ийсаның тәлийматындағы ең таң қаларлық нәрсе — бул Оның Өзи туўралы айтыўы. Дурыс, Ол Қудай Әке ҳәм Қудайдың Патшалығы ҳаққында көп айтқан еди. Бирақ, кейин усыларға қосымша қылып, Өзиниң Қудайдың Улы екенин ҳәм Патшалықты мийрас етип алыў ушын келгенлигин де айтқан еди. Адамлардың Патшалыққа кириўи Ийсаның сөзин қалай қабыл еткенине байланыслы еди. Ийса ҳеш екиленбестен, Қудайдың Патшалығын Өзиниң Патшалығы деп атады.

Ийсаның тәлийматының Өзине бағдарланыўы Оны дәрҳал дүньядағы басқа уллы диний муғаллимлерден айрықша қылып қояды. Сол муғаллимлер өзлерин тән алған жоқ еди. Ал, Ийса Өзин ҳәммеден биринши қылып қойды. Сол муғаллимлер адамларға қандай да бир бағдарды көрсетип: «Мен көрип турған ҳақыйқат мынаў. Оған хызмет етиңлер», — деген еди. Ал Ийса: «Мен — Ҳақыйқатпан, Мениң изиме ериңлер», — деген еди. Этникалық динлердиң тийкарын салыўшылардың ҳеш бириниң де бундай сөзлерди айтыўға батылы бармаған еди. Бизлер Ийсаның сөзлерин оқығанымызда, «мен» деген алмасық дыққатымызды өзине тартады.

«Мен — өмир наныман. Маған келген адам ҳеш қашан аш болмайды ҳәм Маған исенген адам ҳеш қашан шөллемейди».

*Юхан 6:35*

«Мен — дүньяның нурыман. Ким де ким маған ерсе, қараңғылықта жүрмейди, ал өмир нурына ийе болады».

*Юхан 8:12*

«Мен — қайта тирилиў ҳәм өмирмен. Маған исенген адам өлсе де, жасайды. Маған исенип жасап атырған адам ҳеш қашан өлмейди».

*Юхан 11:25-26*

«Мен — жол, ҳақыйқат ҳәм өмирмен. Мен арқалы болмаса, ҳеш ким Әкеге бара алмайды».

*Юхан 14:6*

«Ҳәй, шаршап аўыр жүк басқанлар, ҳәммеңиз Маған келиңлер! Мен сизлерди рәҳәтлендиремен. Мойынтырығымды салып, Меннен үйрениңлер».

*Матта 11:28-29*

Ийсаның тәлийматының биринши бөлиминдеги әҳмийетли сораў мынадай болды: «Ал сизлер Мени ким деп санайсызлар?» Ийса Өзин көрип, Ибрайымның қуўанғанын, Муўсаның Өзи ҳаққында жазғанын, Мухаддес Жазыўда Өзи ҳаққында гүўалықлар жазылғанын, ал Ески Келисимдеги үш үлкен бөлимниң ҳәммесинде де, яғный Нызам, пайғамбарлар ҳәм жазбаларда Өзине байланыслы нәрселер айтылғанын тастыйықлады (Марк 8:29; Юхан 8:56; 5:46; 5:39; Лука 24:27, 44).

Лука Ийсаның Өз аўылы Насырадағы мәжилисханаға барғанын толық етип сүўретлейди. Сонда Ески Келисим-

деги Мухаддес Жазыўды оқыўы ушын, Ийсаға оралған қағаз берилгенде, Ол оқыў ушын орнынан турды. Бул Ийшая пайғамбардың китабынан алынған мына үзинди еди:

«Жаратқан Ийемниң Руўхы Мениң үстимде.
Өйткени, Ол Мени жарлыларға Хош Хабар жәриялаў ушын тайынлады.
Ол мени тутқынлардың азат болатуғынын,
Азап шеккенлердиң еркинликке шығыўы ушын,
Қудайымыздың өш алатуғын күнин жәриялаў ушын,
Жылағанларды жубатыў ушын жиберди».

*Ийшая 61:1-2*

Ийса китапты жаўды да, оны хызметкерге берип, орнына отырды. Мәжилисханадағы ҳәмме адамлар Оған тигилип қалды. Ийса үнсизликти мына әжайып сөзлер менен бузып: «Сизлер еситкен усы Мухаддес Жазыўлар орынланды», — деди. Басқа сөз бенен айтқанда: «Ийшая Мен туўралы жазған еди», — деди.

Ийса Өзи туўралы усындай пикирге ийе бола тура, адамларды Өзине шақырыўы таң қалarлық нәрсе емес. Негизинде, ол тек шақырып ғана қоймай, буйрық берип; «Маған келип, изиме ериңлер», — деген еди. Егер адамлар Өзине келсе, жәбир шеккенлердиң жүгин жеңиллетиўге, аш адамларға азық бериўге ҳәм шөллеген адамның шөлин қандырыўға ўәде еткен еди. Кейин ала Оның изине ериўшилер Оған бойсыныўы ҳәм Ол ҳаққында адамлар алдында гүўалық бериўи тийис еди. Ийсаның шәкиртлери Оның ҳуқықларын мойынлады. Павел, Петр, Яқып ҳәм Яҳуда хатларында өзлерин қуўанышлы түрде Оның қуллары деп жәриялады.

Және де, Ийса заманласларына Өзин олардың исениўи ҳәм сүйиўи тийис болған объект сыпатында усынды. Адамға Қудайға исениў тән нәрсе болса да, Ийса Өзине исениўге шақырады. «Қудайға унайтуғын ис — Оның Жибергенине исениў». Егер Ийсаға исениў — адамның баслы ўазыйпасы болса, Оған исенбеў-ең қорқынышлы гүна. (Юхан 6:29, 3:36, 8:24, 16:8,9).

Биринши ҳәм баслы буйрық Қудайды пүткил жүрегиң, жаның ҳәм ақыл-ойың менен сүйиў кереклигин айтады. Деген менен, Ийса адам биринши гезекте Өзин сүйиў кереклигин, усыған Ол ҳақылы екенин айтты. Ата-анасын, улын ямаса қызын Меннен артық көрген ҳәр бир адам Маған ылайықлы емес деген еди Ийса. Айырмашылықты салыстырыў арқалы көрсетиў ушын, Ийса еврейше усыл қолланып, былай деп қосып қойған еди: «Ким де ким Маған келип, ата-анасын, ҳаялын, балаларын, аға-инисин, апа-қарындасларын, ҳәтте, өз өмирин де жек көрмесе, ол Мениң шәкиртим бола алмайды». (Матта 10:37; Лука 14:26).

Ийса Қудайдың иске асырмақшы болған нийетли исинде Өзиниң баслы рольди ойнайтуғынына соншелли исенгенликтен, Өзи аспанға кеткеннен соң, орнын ийелейтуғын биреўди жибериўге қарар етти. Бул — Мухаддес Руўх еди. Масих Оны Жубатыўшы деп атаўды унататуғын еди. «Жубатыўшы» сөзи грек тилинде юридикалық термин болып, адвокат, қорғаўшы дегенди аңлатады. Мухаддес Руўхтың ўазыйпасы Ийсаның исин дүнья алдында қорғаўдан ибарат. «Ол Мен туўралы гүўалық береди. Ол Мени уллылайды. Өйткени, Меникинен алып, сизлерге билдиреди», — деген еди Ийса (Юхан 15:26,

16:14). Солай етип, Мухаддес Руўхтың дүньяға берген гүўалығы ҳәм исениўши жәмәәтлерге арналған аяны Ийса Масих туўралы болады.

Руўхландырыўшы сәтлердиң биринде Ийса Өзи ҳаққында өзимшиллик пенен: «Мен жерден жоқарыға көтерилгенимде, ҳәмме адамларды Өзиме тартаман», — деп болжаған еди. (Юх 12:32). Ийса ер адамлар ҳәм ҳаяллар ушын келешекте атанақ ағаштың руўхый магнетизм болатуғынын билген еди. Бирақ, Ийсаның сөзлери бойынша адамлар биринши гезекте Қудайға, исениўшилер жәмәәтине, ҳақыйқатқа ямаса ҳақлыққа емес, ал Оның Өзине умтылады. Улыўма алғанда, адамлар булардың ҳәммесине тек Оған келсе ғана ерисе алады.

Усы тәлиймат ийесиниң өзине бағдарланған тәлийматтағы ең әжайып нәрсе — бул кишипейилликти үгитлеўшиниң усылай тәлим бериўи болды. Ийса шәкиртлерин өзимшиллиги ушын айыплайтуғын еди, олардың уллы болыўды қәлеўи Оны шаршататуғын еди. Бирақ, Ийса Өзиниң үйреткенлерине әмел қылатуғын ба еди? Ол кишкене бир баланы үлги сыпатында ортаға турғызып қойған еди. Ал, Оның Өзи ушын басқа нәрсе үлги болды ма?

## Оның туўрыдан-туўры ҳақ-ҳуқықларын талап етиўи

Ийсаның Өзин Ески Келисим пайғамбаршылық етип айтқан Масих деп есаплағаны анық. Ол пайғамбарлардың әўладлар даўамында болжап келген Қудайдың Патшалығын орнатыў ушын келген еди.

Бир әҳмийетли нәрсе сол, Ийсаның адамларға айтқан ўазындағы биринши сөзи «орынланды» деген сөз болды. Ал, Оның биринши гәпи мынадай болды: «Ўақыт болды, Қудай Патшалығы жақынлады» (Марк 1:15). Ол Адам Улы деген дәрежени қабыл етти. Бул дәреже Даниел пайғамбардың бир аянынан алынған ҳәм ҳәмме тәрепинен қабыл етилген Масихтың дәрежеси еди. Ал, бас руўханий менен сөйлескенде, Ийса «Қудайдың Улы» деген атты қабыл етти. Бул Забур 2:7-ден алынған Масихтың және бир дәрежеси еди. Ийса Өз хызметин Қудайдың хызметшиси сыпатында азап шегиўден ибарат деп билди. Бул Ийшая пайғамбардың китабының соңғы бөлиминде сүўретленген еди. Ийсаның он еки шәкиртине үйреткен тәлийматының биринши бөлиминиң соңы Филип Кесариясында болған ўақыя менен жуўмақланады. Онда Симон Петр Ийсаның Масих екенине исенетуғынын мойынлайды. Мүмкин, басқалар Ийсаны пайғамбарлардың бири деп қабыл еткен болса керек, бирақ Симон пайғамбарлар Оны ким деп көрсеткен болса, сол деп қабыл етти (Марк 14:61-62; 8:27-29 қараң).

Ийсаның пүткил хызмети усы орынланыў сезими менен толтырылған. Күнлердиң биринде шәкиртлери менен аўлақта қалғанда, Ийса оларға: «Сизлердиң көрип атырғаныңызды көрип турған көзлер бахытлы! Мениң сизлерге айтатуғыным: қаншама пайғамбарлар менен патшалар сизлердиң көргенлериңизди көргиси келген еди, бирақ көрмеди. Еситкенлериңизди еситкиси келген еди, бирақ еситпеди» (Лука 10:23; Матта 13:16-17).

Бул бизлер қарап шығып атырған туўрыдан-туўры ҳақ-ҳуқықларын талап етиў Ийсаның тек Масих болға-

нына емес, ал Оның Қудайлық тәбиятына да байланыслы. Оның Өзи Масих деген дәрежеге қарағанда, Қудайдың Улы деген дәрежеге көбирек умтылды. Бул тастыйықлаў Ийсада болған Қудай менен сол айрықша ҳәм мәңгилик байланысты сүўретлейди. Усы ҳақ-ҳуқықты талап етиў бойынша үш мысал келтириўге болады.

Биринширен, Ийсаның Өзи бәрқулла айтқанындай, Оның Қудай менен Әке сыпатында тығыз байланысын көремиз. Ийса он еки жаста-ақ жердеги ата-анасын аспандағы Әкесиниң исине Өзиниң қәншелли умтылғаны менен таң қалдырды. Ол келеси сөзлерди айтқан еди:

> «Әкем усы күнге дейин мийнет етип киятыр. Мен де мийнет етип атырман».
>
> *Юхан 5:17*

> «Мен ҳәм Әкем бирмиз».
>
> *Юхан 10:30*

> «Мениң Әкеде, Әкениң Менде екенине исенбейсең бе?»
>
> *Юхан 14:10-11*

Ҳақыйқаттан да, Ийса Өз шәкиртлерин Қудайға Әке сыпатында қараўға үйретти. Деген менен, Масихтың Қудайға деген перзентлик қатнасығы менен бизлердиң қатнасығымыздың арасында үлкен парқ бар. Сол себептен Ийса бул айырмашылықты атап өтпей тура алмады. Ийса ушын Қудай — «Мениң Әкем». Сонлықтан Ол магдалалы Мәриямға: «Мениң Әкемниң ҳәм сизлердиң Әкеңиздиң алдына көтерилип баратырман», — деген еди. Ийса Мәриямға: «Мен *бизлердиң* Әкемизге көтерилип баратырман», — дей алмас еди.

Жоқарыдағы аятлар Юхан жазған Хош Хабардан алынған болып, Ийса Матта жазған Хош Хабарда да (11:27) Әкеси менен болған айрықша қарым-қатнас ҳаққында былай дейди:

> «Маған ҳәммеси Әкемнен берилген, Әкеден басқа ҳеш ким Улын билмейди. Әкени де тек ғана Улы ҳәм Улы таңлап ашып билдиргиси келгенлер ғана биледи».

Ийса Өзиниң Қудай менен болған жақын байланысы ҳаққында айтыўы менен еврейлерде наразылық туўдырды. «Ол Өзин Қудайдың Улы деп атады», — деди олар. (Юхан 19:7). Ийсаның Өзин Қудайға теңлестириўи соншелли ашық-айдын болып, Ол адамның Өзине деген қатнасын Өзиниң Қудайға деген қатнасына мегзетти.

> Солай етип, Ийсаны билиў — Қудайды билиў, Ийсаны көриў — Қудайды көриў, Ийсаға исениў — Қудайға исениў, Ийсаны қабыл етиў — Қудайды қабыл етиў, Ийсаны жек көриў — Қудайды жек көриў, Ийсаны ҳүрмет етиў — Қудайды ҳүрмет етиў дегенди аңлатады.

*Юхан 8:19, 14:7, 12:5, 14:9, 17:44, 14:1;*
*Марк 9:37; Юхан 15:23, 5:23)*

Булар Өзиниң Қудай менен айрықша қарым-қатнасы ҳаққында Ийсаның тастыйықлаўлары еди. Ол еки мәртебе булардан да туўрырақ қылып айтқан еди. Олардың биринշиси Юхан жазған Хош Хабардың 8–бабының изинде жазылған. «Сизлерге шынын, ҳақыйқатын айтаман: ким де ким сөзлеримди орынласа, ол ҳеш қашан өлим көрмейди», — деген еди Ийса. Оның қарсыласлары ушын бул әжептәўир сөзлер еди. Олар Ийсаға:

«Ибрайым ҳәм пайғамбарлар өлип кетти. Сен бизлердиң бабамыз Ибрайымнан уллымысаң? Сен Өзиңди ким деп санайсаң?», — деп қарсылық көрсетти.

«Бабаңыз Ибрайым Мениң келетуғын күнимди көретуғынына қуўанды ҳәм көрип шадланды», — деп жуўап берди оларға Ийса.

Еврейлер оннан бетер таң қалысып:

«Сен еле елиў жасқа да толғаның жоқ-ғо, Сен Ибрайымды көрдиң бе?» — дести.

Сонда Ийса ең батыл жуўапларының бирин берип:

«Сизлерге шынын, ҳақыйқатын айтаман: Ибрайым туўылмастан бурын Мен бар едим», — деди.

Олар Ийсаға ылақтырыў ушын қолларына тас алды. Муўсаның Нызамы Қудайға тил тийгизгенлерди тас пенен урыў кереклигин буйырған еди. Бирақ, бир қарағанда, олар Масихтың сөзлеринен Қудайға тил тийгизгендей не тапқанына ҳайран қалыўға болады. Әлбетте, Ийса Өзиниң Ибрайымнан бурын жасағанын айтқан еди. Ол бул ҳаққында жийи — жийи айтатуғын еди. Ийса аспаннан келген ҳәм Әкеси тәрепинен жиберилген еди. Булар шыдаўға болатуғын, елеспесиз сөзлер еди. Және даўам етейик. Дыққат аўдарайық, Ийса: «Мен Ибрайымнан бурын болдым» деген жоқ, ал «бурыннан барман» деди. Солай етип, Ийса Ибрайымнан бурын-ақ мәңги бар болғанын айтқан еди. Бирақ, бул да еле ҳәммеси емес. «Бурыннан бар едим», — деген сөзлер мәңгилик өмирге ҳақ-ҳуқықы бар екенин айтыўға қарағанда, Қудайлықты талап етиўге көбирек жақын. «Бурыннан барман» деген сөзлер арқалы Қудай Муўсаға Өзин жанып турған путада сөйлегенде ашып берген еди: «Мен бурыннан барман.

Израил улларына сени бурыннан бар болған жибергенин айт» (Шығыў 3:15). Бул қудайлық дәрежени Ийса арқайын ғана Өзине алған еди. Әне, сол себептен Ийсаны жазалаў ушын еврейлер қолларына тас алған еди.

Ийсаның Өзине қудайлық ҳақ-ҳуқықты туўрыдан-туўры талап етиўиниң екинши мысалын Оның қайта тирилиўинен кейин көремиз (егер бизлер Ийсаның қайта тирилгенин бир минутқа болса да мойынласақ). Юхан жазған Хош Хабардағы 20:26-29 аятларда айтылыўынша, Ийса қайта тирилгеннен соң келеси екшембиде Томас гүманшыл басқа шәкиртлер менен үйде отырғанда, Ийса келди. Ийса Томасқа жарақатларын услап көриўди усыныс етти. Ал, Томас қатты таң қалды ҳәм ҳайран болып: «Ийем Мениң ҳәм Қудайым Мениң!» — деп бақырып жиберди. Ийса Томасты сыйынып айтқан сөзлери ушын емес, ал исенбегени ушын айыплады.

## Оның жанапайлап айтқан сөзлери

Масих Өзиниң Қудайлығы ҳаққында күшли түрде ҳәм туўры, ҳәм жанапайлап айтқан еди. Ол Өзиниң ўазларында да Өзи ҳәм тәбияты ҳаққында гүўалық берген еди. Ийса жийи-жийи Қудай сыяқлы ҳәрекет етти. Буларға төрт мысал келтирип өтсек болады.

Бириншиден, Ийса гүналарды кеширетуғынын айтты. Хош Хабарлардың еки жеринде Ийса гүнакарларды кеширди. (Марк 2:1-12; Лука 7:36-50). Биринши мәрте Ийсаға ләң адамды алып келди. Бул адамның дослары Ийса отырған үйдиң төбесин ашып, кесел адамды жатырған төсеги менен сол жерге түсирди. Ийса кесел

адамның мүтәжлиги негизинде руўхый мүтәжлик екенин көрди. Ол халықты таң қалдырып, кесел адамға:

— Балам! Гүналарың кеширилди, — деди.

Екинши мәрте Ийса өз жеңил минез-қулқы менен белгили болған бир ҳаялды кеширди. Ҳаял қасына келгенде, Ол парисейдиң үйинде болып, дастурхан әтирапында жамбаслап жатырған еди. Ҳаял Ийсаның аяқларын көз жасы менен жуўып, шашлары менен сүртти, оларды сүйип, хош ийисли май жақты. Сонда Ийса ҳаялға:

— Гүналарың кеширилди, — деди.

Еки мәрте де сол жерде турған адамлар таң қалысып: «Бул ким? Ол Қудайға тил тийгизди-ғо. Гүналарды Қудайдан басқа ким кешире алады?» — дести. Бул дурыс қойылған сораўлар еди. Өзлеримизге жәбир бергенлерди кеширийўимизге болады. Бирақ, бизлердиң Қудайға қарсы ислеген гүналарымызды тек Қудай кешире алады.

Масих Өзиниң Қудайлық тәбиятын өмирин бағышлаўы арқалы дәлийлледи. Ол Өзи ҳаққында айтқанда, «өмир наны», «өмир», «қайта тирилиў ҳәм өмир» деген сөзлерди қолланды. Жүзим солқымлары шақалардан нәр алғаны сыяқлы, изине ергенлердиң де Өзинен ғәрезли екенин билдирди. Ийса самариялы ҳаялға «өмир суўын», ал жас ҳәкимге болса, егер изине ерсе, мәңгилик өмир бериўди ўәде етти. Ол Өзин тек қойлары ушын жанын берип қоймастан, оларға өмир беретуғын жақсы Шопан деп атады. Қудай Өзине пүткил адамлар үстинен бийлик бергенин, Қудайдың Өзине бергенлериниң ҳәммеси мәңгилик өмир беретуғынын айтты. Және де: «Ул қәлеген адамын тирилтеди», деген еди (Юхан 6:35, 14:6, 11:25, 15:4, 5, 4:10-15; Марк 10:17-21; Юхан 10:28, 17:2, 5:21).

Бул жәриялаў соншелли анық болып, Оның шәкиртлери бунның ҳақыйқат екенин ашық-айдын көрди. Ийсаны таслап кетиў олар ушын мүмкин емес нәрсе болды. «Бизлер кимге барамыз? Сенде мәңгилик өмир сөзлери бар», деген еди Петр.

Өмир — бул жумбақ. Ҳәр қандай өмирдиң, физикалық өмирдиң де, руўхый өмирдиң де тәбияты ҳәм келип шығыўы түсиниксиз. Бизлер оның не екенин ҳәм қаяқтан пайда болғанын анықлап бере алмаймыз. Тек оны Қудайдың сыйы деп атай аламыз. Бул-Ийса беремен деп ўәде еткен сый.

Ийсаның үшинши жанапайлап айтқан сөзлери Өзиниң ҳақыйқатқа үйрететуғыны туўралы еди. Бизлердиң дыққатымызды өзине тартатуғын нәрсе Ол үйреткен ҳақыйқат емес, ал Оның ўазларының туўры догматикалық манерасы болды. Ийсаның заманласлары Оның даналығына қатты таң қалысып былай деген еди:

> «Булардың бәрин Ол қаяқтан алған? Оған бундай даналықты ким берген? Ол ағаш устасы емес пе?...»
>
> «Ол оқымаған болса, Мухаддес Жазыўларды қаяқтан биледи?...»

Бирақ, оларды қатты тәсирлендирген нәрсе Ийсаның Өз бийлигин түсиниўи болды:

> «Ҳеш бир адам Ол сыяқлы сөйлеген емес».
>
> «Оның сөзинде бийлик бар еди».
>
> «Ийса усы сөзлерди айтып болғанда, халық Оның тәлимине таң қалды. Себеби ол диний муғаллимлер сыяқлы емес, ал Өз бийлиги менен адамларға тәлим берди».

*Марк 6:3; Юхан 7:15,16; Лука 4:32; Матта 7:28-29*

Ийсаның бийлиги диний муғаллимлердики де, пайғамбарлардики де емес еди. Диний муғаллимлер түп нусқаларды даўыслап оқып үйренетуғын еди, ал пайғамбарлар Қудайдың бийлиги менен сөйледи. Бирақ, Ийса Өз бийлигин жәриялады. Ол: «Қудай былай дейди», — деп емес, ал «Мен сизлерге шынын, ҳақыйқатын айтаман», — дейтуғын еди. Негизинде Ол Өз тәлийматын Өзиники деп емес, ал Өзин жиберген Әкесиники деп түсиндирди. Ийса Өзиниң Қудайдың туўрыдан-туўры аяны екенин билгенликтен, үлкен исеним менен сөйледи. Ол ҳеш қашан екиленбеди ҳәм кеширим сорамады. Оған Өз сөзлерине қарсы сөйлеўге, сөзлерин қайтып алыўға, айтқан сөзлерин өзгертиўге туўра келмеди. Ол екиленбестен Қудайдың сөзлерин айтып: «Қудайдың Жибергени Оның сөзлерин сөйлейди», — деди. Ол келешекти толық исеним менен болжады. Ийса ҳақыйқый руўхый нызамларды берип: «Душпаныңды жақсы көр», «Ертеңги күн ушын тәшиўишленбеңлер», «Ҳүким етпеңлер, сонда сизлер де ҳүким етилмейсизлер», — деген еди. Ол ҳеш бир гүмансыз орынланатуғын ўәделер де берип: «Сораңлар, сизлерге бериледи», — деген еди. Ийса Өз сөзлериниң нызам сыяқлы мәңгилик екенин ҳәм ҳеш қашан жоқ болып кетпейтуғынын исенимли түрде айтты. Ол Өз тыңлаўшыларын ескертип, олардың Өз сөзин қалай қабыл еткенине қарай тәғдирлери өзгеретуғынын айтқан еди. Бул Израиллылардың Қудайға қалай жуўап бергенине қарай тәғдирлери өзгергени сыяқлы еди.

Ийса Өзиниң дүньяны ҳүким етиўге ҳақысы бар екенин жәриялады. Бул Оның ең күшли талапларының бири болса керек. Ийсаның бир неше тымсалында Оның

ақырзаманда келетуғыны ҳәм ақырзаманда болатуғын ҳүким күни Ол келемен дегенше қалдырылғаны ҳаққында айтылады. Ийсаның Өзи өлилерди қайта тирилтеди ҳәм барлық миллетлер Оның алдына жыйналады. Ийса Өзиниң салтанатлы тахтына отырады ҳәм Әкесинен ҳүким етиў бийлигин алады. Сонда Ол шопанның қойларды ешкилерден айырғаны сыяқлы, адамларды айырып бөледи. Биреўлерин дүнья жаратылғаннан бери олар ушын таярлап қойылған Патшалықты мийрас етип алыўға шақырады. Ал, басқалары мынадай қорқынышлы сөзлерди еситеди: «Ҳәй, ғарғыс алғанлар! Мениң қасымнан арман, шайтан ҳәм оның хызметшилери ушын таярланып қойылған мәңгилик отқа кетиңлер» (Матта 25:31-46; Юхан 5:22, 28-29).

Бирақ, Ийса тек ҳүким шығарыўшы болып қалмайды. Ол айырып бөлген ўақытта Өзине деген қатнасты, Өзи арқалы исениўши туўысқанларға деген қатнасты, Өзиниң сөзин қалай қабыл еткенди де есапқа алады. Өзин адамлар алдында тән алған адамды Ол да Әкеси алдында тән алады. Өзинен ўаз кешкенлерден Ол да ўаз кешеди. Негизинде, ақырғы күни биреўди аспаннан қуўып жибериў ушын, Оған: «Мен сизлерди ҳеш қашан таныған емеспен», — деп айтыўдың өзи жеткиликли болады. (Юхан 12:47-48; Матта 10:32-33, 7:23).

Бул тастыйықлаўдың уллылығын баҳалаў қыйын. Бизиң заманымызда жаңа ғана тәўбеге келген адамларға: «Мениң сөзлериме дыққат пенен қулақ салыңлар. Мәңгиликте сизлердиң тәғдириңиз усыған байланыслы. Мен заманның ақырында сизлерди ҳүким етиў ушын келемен ҳәм сонда маған қалай қулақ асқаныңызға байла-

нныслы сизлердиң тәғдириңиз шешиледи», — дейтуғын руўханийди көз алдыңызға келтирип көриң. Бундай ўаз айтыўшы менен полиция ямаса психиатр шуғылланған болар еди.

## Ийсаның ҳақыйқатқа айланған талаплары

Бизлерге енди тек Ийсаның ислеген кәраматларының сүўретлемесин қарап шығыў ғана қалды. Оларды Ийсаның ҳақыйқатқа айланған талаплары деп атаўға болады. Бизлер кәраматлардың мүмкиншилиги ҳәм мақсети ҳаққында муқыятлы түрде талқылап отырмаймыз. Тек Масихтың кәраматларының баҳалығы олардың ғайрытәбийғыйлығынан емес, ал олардың руўхый әҳмийетлигинен ибарат екенин атап өтиў жеткиликли. Олар ҳәм нышанлар, ҳәм кәраматлар болып, ҳеш қашан жеке мәп ушын ямаса бикардан — бийкарға исленген жоқ. Олар артықмашлықты көз-көз қылыў ямаса адамларда бойсыныўшылықты пайда етиў ушын зәрүр емес еди. Олар физикалық мүмкиншиликке қарағанда, руўхый күшти көрсететуғын еди. Кәраматлар — бул Ийсаның ис жүзинде орынланған тымсаллары болды. Олар Ийсаның жәриялағанларын айқын түрде көрсетти. Ийса Өз сөзлерин ис жүзинде орынлады.

Юхан буны анық көрген еди. Ол өзи жазған Хош Хабарда Ийсаның таңланған алты ямаса жети кәраматы ҳаққында сөз етип (20:30-қә), оларды Ийсаның Өзин Қудай деп таныстырғаны менен байланыстырады. Ийсаның биринши кәраматы — бул Оның Галиладағы Кана қаласындағы тойда сууды шарапқа айландырыўы еди.

Бул тымсал ақыл-нәсият бериўши тымсал емес ҳәм оның әҳмийетлилиги ашық-айдын көринбейди. «Сол жерде диний әдет бойынша яҳудийлер тазаланыў ушын қолланатуғын алты тас гүзе бар еди», — деп жазады Юхан (Юхан 2:6). Бизлер излеп атырған гилт усы. Яғный, суў — бул ески динди аңлатады, ал 4-бапта сөз етилген Яқыптың қудығы Ески Келисим менен байланыслы. Шарап — бул Ийсаның динин аңлатады. Ийсаның суўды шарапқа айландырғанындай, нызамның орнын Хош Хабар ийелейди. Усы нызам бойынша Ийса жаңа тәртип енгизиўи керек еди. Ол Қутқарыўшы еди. Кейин ала Ийса самариялы ҳаялға: «Мен — Солман», — деген еди.

Бул сыяқлы, Ийса бес мың адамды тойғызыўы арқалы, Өзиниң руўхый ашлықты да салыстыра алатуғынын көрсетти. Соңын ала Ол: «Мен — өмир наныман», деген еди. Ийса иштен соқыр болып туўылған адамның көзин ашпастан бурын: «Мен — дүньяның нурыман», — деген еди. Егер Ол соқырдың көзин аша алса, Қудайды көриўи ҳәм билиўи ушын, адамлардың да көзин аша алатуғын еди. Ийса өлгенине төрт күн болған Лазар атлы адамды өлимнен тирилтип: «Мен — қайта тирилиў ҳәм өмирмен», — деп билдирген еди. Ол өлилерди тирилтти. Бул нышан болып, денениң тирилиги руўхый тириликти тымсалый түрде көрсетти. Масих исениўши адамның өлими алдынан өмири ҳәм өлгеннен кейин қайта тирилиўи болды. Усы кәраматлардың ҳәммеси тымсал болды, себеби бул адамлар аш, соқыр ҳәм руўхый өли еди. Сол себептен тек Масих ғана оларды тойдырып, көзлерин аша алады ҳәм жаңа өмир ушын өлимнен тирилте алады (Юхан 6:35, 8:12, 11:25).

# Жуўмақ

Булардың ҳәммесин Насыралы ағаш устасының тәлийматынан шығарып таслаў мүмкин емес. Оларды Хош Хабарларды жазған адамлар ойлап тапты ямаса олар асыра айтылған деўге болмайды. Олар Хош Хабарларға ҳәм Хош Хабарлардың тийкарларына кең ҳәм бир тегис етип бөлистирилген. Олардың улыўма көриниси сәйкес келеди ҳәм дәлме-дәл болғанлықтан, ойлап табылған емес.

Кәраматлар өзлигинен Қудайлық ҳаққында гүўалық бермейди. Олар өтирик болыўы мүмкин еди, бирақ ондай жағдайда буны түсиндириў керек болады. Егер Ийса Өз тәлийматындағы ең баслы нәрсе болған Өзи ҳаққында толық қәтелескен болса, онда Оған уллы устазға қарым-қатнас жасағандай қарым-қатнас жасамаў керек. Көп алымлар бул жерде өзлерин тынышсызландыратуғын менменликти көрген еди.

> «Әпиўайы адамның бундай сөзлерди айтыўын өзин патшалар дәрежесине көтерип, менменлик қылды деп есаплаўға болады».
>
> *П. Т. Форсит «Өмир ҳәзир ҳәм кейин», 1947*

> «Оның руўхый тәлийматының тереңлиги, ақыллылығы ҳәм (қосып қойыўға рухсат етиң) көзи ашықлығы менен Оның Қудайлық тәбияты (егер Ол ҳақыйқаттан Қудай болса) астына жасырыныўы керек болған өзин жоқары қойыўы арасындағы қарама-қарсылық ҳеш қашан толық түсиндирилмеген».
>
> *К. С. Льюсис «Кәрамат», 1947*

Олай болса, Ийса билип турып, бизлерди алдағаны ма? Ҳақыйқаттан да, Ол адамлардың Өзиниң көз-қарас-

ларын қабыл етиўине тырысып, негизинде Өзинде болмаған қудайлық тәбиятты алған болса? Буған исениў қыйын. Ийсада қандай да бир ҳақ кеўиллилик болып, Ол басқалардағы еки жүзлиликти жек көретуғын еди ҳәм Оның Өзи жүдә ҳақыйқатшыл болды.

Мүмкин, Ол ҳақыйқаттан да қәтелескен шығар? Өзи ҳаққында беккем қыял-елеслер пайда еткен шығар? Бундай көз-қарасты жақлаўшылар бар, бирақ олардың қыял-елеслери күшлирек. Әдетте, бизлер алданған ҳәм адасқан адамларды еси дурыс емес деп ойлаймыз. Бирақ, Ийса ҳаққында олай ойлай алмаймыз. Оның минез-қулқы Оның сөзлерин тастыйықлайды. Бизлер дәл усы бағдарда өз изертлеўимизди даўам еттиремиз.

# 3
# ИЙСАНЫҢ МИНЕЗ-ҚУЛҚЫ

Бир неше жыл алдын мен өзиме онша жақсы таныс болмаған жас жигиттен хат алдым. Ол хатында: «Мен тап жаңа ғана үлкен ашылыў жасадым. Қүдиретли Қудайдың еки улы болған. Бири Ийса Масих, ал екиншиси мен боламан», — деп жазды. Сонда мен конверттеги адреске нәзер тасладым. Жигит руўхый кеселликлер емлеўханасынан жазған еди.

Әлбетте, уллылық ҳәм қудайлық дәрежени алыўға талабан адамлар көп болды. Руўхый кеселликлер емлеўханасында өзлерин Юлий Цезарь, премьер министр, Японияның императоры ҳәм Ийса Масих деп жәриялаўшы адасқан адамлар бирталай еди. Деген менен, оларға ҳеш ким исенбейди.

Олар тек өз-өзин ғана алдайды. Олардың өзлери менен бирге жатқан кеселлерден басқа шәкиртлери де жоқ. Олар өзлерин сондай атлар менен таныстырғаны менен, сол адамлар сыяқлы өзлерин тутып билмегенликтен, әтирапындағы адамларды исендириў қыйынға соғады. Олардың сөзлерин минез-қулықлары дәлийлей алмайды.

Ҳәзир масихыйлардың Масихқа деген исеними Ол Өзин ким деп жәриялаған болса, анық Сол қылып көрсетиўи арқалы беккемленип бармақта. Ийсаның сөзлери менен ислериниң арасында қарама-қарсылық жоқ. Оның айрықша сөзлериниң ҳақыйқый екенлигин дәлийллеў ушын әжайып минез-қулық керeклиги сөзсиз. Ал, Ийсада анық усындай минез-қулық болды. Оның минез-қулқы сөзлериниң ҳақыйқый екенлигин дәлийллемейди, ал исенимли түрде қоллап-қуўатлайды. Ийсаның сөзлери айрықша еди. Ал минез-қулқы тек Өзине тән еди. Джон Стюарт Милл Оны «Өзинен бурын болғанларға да, изине ергенлерге де уқсамайтуғын айрықша Тулға» деп атады («Масих — бул масихыйлық» 1909 ж. деген китаптан У. Х. Гриффит Томас тәрепинен келтирилген).

Ал Карнеги Симпсон былай деп жазған еди:

> «Тәбийғый түрде бизлер Оны ҳеш қандай топарға қоспаймыз. Бизлер Оның атын Конфуция менен басланып, Гете менен тамамланатуғын дизимде оқысақ, үрп-әдеттиң де, әдеплиликтиң де бузылғанын сеземиз. Ийса — уллылардың бири емес. Егер айтқыңыз келсе Уллы Искендер Зулкарнай, уллы Чарльз ҳәм уллы Наполеон ҳаққында да айтың. Бирақ, Ийса өз алдына бөлек турады. Ол уллы емес, Ол — жалғыз. Ол-әпиўайы ғана Ийса. Буған ҳеш нәрсе қосып болмайды. Ол бизлердиң анализ жасаўымызға бойсынбайды ҳәм бизлердиң адамыйлық тәбиятымыздың дәстүрлерин бузады. Ол сыншыллығымызды арттырады, руўхымызды ҳүрмет етиўге мәжбүрлейди. Чарльз Лэмның сөзлери бойынша, егер бул бөлмеге Шекспир кирип келсе, бизлер оған сәлем бериўимиз ушын орнымыздан турыўымыз тийис, ал егер бул Тулға усы жерге кирип

келсе, бизлер дизе бүгип, Оның кийимлериниң шетин сүйиўимиз керек.

*П. Карнеги Симпсон «Масихтың ҳақыйқаты», 1930*

Солай етип, бизлер Ийсаның бөлек руўхый категорияда туратуғынын көрсетиўимиз зәрүр. Оның қашанлардур жасаған уллы адам екени ҳаққында шамалаў бизлерди қанаатландырмайды. Бизлер Ийса ҳаққында салыстырыў дәрежесинде де, арттырыў дәрежесинде де айта алмаймыз. Бизлер ушын салыстырыў емес, ал айрықшалықты көриў әҳмийетли. «Сен неге Мени ийгиликли деп атадың?» — деп сорады Ийса бай ҳәм жас ҳәкимнен. «Қудайдан басқа ҳеш ким ийгиликли емес-ғо». «Әлбетте!» деп жуўап бериўимиз керек Бизлер. «Сен басқа барлық адамлардан жақсырақсаң. Сен адамлар ишинде ең жақсысы емес, ал Қудайдың толық ийгилигине ийе болған ийгиликлисең!»

Бул сөзлердиң әҳмийети түсиникли болса керек. Гүна — бул адамлардың туўма кесели. Бизлер өз тәбиятымыз бойынша усы вирус пенен туўыламыз. Бул туўралы ҳәмме адам бәрқулла шағым жасайды. Насыралы Ийса гүнасыз болса, Ол бизлер билетуғын адамлар сыяқлы әпиўайы адам болған жоқ. Егер ол гүнасыз болған болса, Оның бизлерден айырмашылығы болды. Ол ғайрытәбийғый болды.

«Уллы кәраматларға қарағанда, Оның минез-қулқы көбирек таң қалдырды».

*Теннисонның сөзлерин келтирип өткен Карнеги Симпсон*

«Оның гүнакарлардан айырылып туратуғыны әпиўайы нәрсе емес, ал қандай да бир әжайып нәрсе. Бул — төлем

төлеп, сатып алыўды ўәде етиў. Масихта анық усы адамгершилик болмағанда, Ол Қутқарыўшы деп есапланбаған болар еди. «Оның Өзин де бизлер сыяқлы қутқарыў керек еди».

*Джеймс Дэнни «Теология бойынша сабақлар, 9-басылым, 1909*

Бәлким, Масихтың гүнасызлығы ҳаққында гүўалықларды төрт тараўда жуўмақластырыў пайдалы болар.

## Масихтың Өзи бул ҳаққында не ойлады?

Ийса бир ямаса еки мәртебе Өзиниң гүнасыз екенин айтқан еди. Бир ҳаялды бузықшылық ислеп атырғанда услап, оны Ийсаға алып келгенде, Ол ҳаялды айыплағанларға: «Араңызда ким гүнасыз болса, сол биринши болып ҳаялға тас атсын», — деп, оларды таң қалдырған еди. Олар әсте-ақырын тарқаса баслады. Ақырында ҳеш ким қалмады. Бираздан соң сол бапта (Юхан 8-бап). Ийса Өзи ҳаққында: «Қайсы бириңиз Мени гүналы деп, айыплай аласыз», — деп оларды және таң қалдырған еди. Ҳеш ким жуўап бермеди. Өзлери айыпланғанда, адамлар кетип қалыўға тырысатуғын еди. Бирақ, Ийса оларды Өзин айыплаўға шақырғанда, Ол қалып, олардың сораўларына шыдай алар еди. Олардың ҳәммеси гүнакар еди, бирақ Ийса гүнасыз болды. Ол Әкесиниң еркине толық бойсынды. «Мен бәрқулла Оның айтқанын ҳәм Оған унайтуғын нәрсени орынлайман». Бул сөзлерде ҳеш қандай мақтаншақлық жоқ еди. Ол албырамай ҳәм жөгиленбей, тыныш сөйледи. Солай етип, тәлийматының тәбиятына тән түрде, Ол Өзин бөлек руўхый категория

қылды. Сол тәризде парисей де Қудайға менменлик пенен шүкирлик билдирген еди: «Қудай, өзимниң басқа адамлар сыяқлы болмағаныма Саған шүкирлик билдиремен». Бирақ, Ийса Өзиниң айрықшалығын Өзин қанаатландырыў ушын қабыл еткен жоқ. Ол ушын бул нәрсеге итибар аўдартыў зәрүр емес еди. Бул нәрсе соншелли ашық-айдын болғанлықтан, оны айрықша атап өтиўге қәжет жоқ еди. Ол тастыйықланбай-ақ, өз-өзинен қабыл етилди. Басқа барлық адамлар адасқан қойлар еди. Ийса жақсы Шопан сыяқлы оларды таўып, қутқарыў ушын келди. Басқа барлық адамлар гүнаның дәрти себепли азап шеккен еди. Ийса шыпакер сыяқлы оларға шыпа бериў ушын келди. Басқа барлық адамлар гүна ҳәм наданлықтың қараңғылығына батқан еди. Ал, Ийса дүньяның нуры еди. Басқа барлық адамлар гүнакар еди. Ал, Ийса Қутқарыўшы болыў ҳәм гүналар кеширилсин деп, қанын төгип, өлиў ушын туўылды. Басқа барлық адамлар аш еди. Ал Ийса — өмир наны еди. Басқа барлық адамларды өлим ҳәм гүналары себепли бойсынбаўшылық күтип турған еди. Ал, Ийса ҳәзир олар ушын өмир, ал кейин ала қайта тирилиў бола алатуғын еди. Бул метафоралардың ҳәммеси Масихтың Өзи тән алған Өз руўхый айрықшалығын билдиреди.

Сонлықтан, бизлер Ийсаның сыналыўы туўралы билсек те, Оның гүналары туўралы еситпегенимиз таң қаларлық жағдай емес. Ийса ҳеш қашан гүналары ушын тәўбе етпейди. Шәкиртлеринен кеширим сораўды талап етсе де, Өзи кеширим сорамайды. Ол руўхый қулаў дегенди билмейди. Мүмкин, Оған айыпты сезиў ҳәм Қудайға жат болыў сезими таныс болмаса керек. Оның суўға

шомылдырылыўы ҳақыйқаттан да тәўбе етип, суўға шомылдырылыў болды. Бул ҳаққында Шомылдырыўшы Яқыя айтқан еди. Деген менен, Яқыя Ийсаны қалай суўға шомылдырыў рәсиминен өткизиўди билмей иркилип қалған еди. Ийса суўға шомылдырыў рәсминен өтиўге Өзин гүнакар деп мойынлағаны ушын емес, ал «пүткил ҳақлықты орынлаў» ушын ҳәм Өзин басқалардың гүналары менен байланыстырыўды баслаў ушын келген еди. Ал Оның Өзиниң болса, Әке менен тығыз бирликте жасайтуғынын көремиз.

Руўхый жақтан ҳәр қандай гүнаның жоқлығы ҳәм Қудай менен анық қарым-қатнаста болыў сезими еки себепке байланыслы жүдә әжайып. Биринши себеп — бул Ийса әдеп-икрамлық сезгирлиги бойынша өткир сезимге ийе еди. «Ол адамның тәбиятын билетуғын еди». Хош Хабарларда Ийсаның ишки екилениўлерди ҳәм халықтағы қозғаланды көре алатуғыны ҳаққында жийи-жийи сөз етиледи. Оның ашық-айдын түсиниўи парисейлердиң еки жүзлилигин қорқпастан ашып таслаўға жәрдем берди. Ийса олардың еки жүзлилигин жек көретуғын еди. Ол Ески Келисимдеги пайғамбарлар сыяқлы бәлент даўыс пенен олардың басына ҳәсирет келетуғынын айтты. Даңқпаразлық ҳәм жөгилик Ол ушын жеркенишли еди. Солай болса да, Оның сезгир нәзери Өзиндеги гүнаны байқамады. Екиншиден, Оның тән алынған пәклиги басқа ҳеш бир мухаддес ямаса сырлы адамнан пүткиллей парық қылғаны менен таң қалдырады. Қудайға қәншелли жақынлаған сайын гүналарыңды мойынлап баратуғыныңды масихыйлар биледи. Усы тәрептен мухаддес адам қандай да бир дәрежеде алымға уқсап кетеди. Алым да

қәншелли көп ашқан сайын, еле ашылыўларды күтип турған белгисиз нәрселерди көбирек қәдирлейди. Сол сыяқлы масихый да исенимде өскен сайын, Масихқа жетиўге дейин қәншелли үлкен аралық барлығын мойынлайды.

Егер оқырманлардың жеке тәжирийбеси аз болса, олар қәлеген масихыйдың өмир баянына бир нәзер таслаўы арқалы усы айтылғанларға исенеди. Буған бир мысал келтирип өтсек болады. Дэвид Брайнерд деген бир адам XIX әсирдиң басында Делавэр штатындағы ҳинд қәўимлеринде биринши жас елшилердиң бири болды. Оның күнделиги ҳәм хатлары Масихқа қәншелли садық болғанын дәлийллейди. Ол сондай кесел ҳәм ҳәлсиз болып, 29 жасында қайтыс болған болса да, өзин пүткиллей жумысқа бағышлаған еди. Дэвид атқа минип, қалың тереклер арқалы жүретуғын, шаршаўды билмей, тәлим берип үйрететуғын еди, уйықлаўға бас панасы болмай, үй-жайсыз ҳәм хожалықсыз жасады. Оның күнделиги өзиниң қәдирли ҳиндлерине деген сүйиспеншиликке, Қудайға деген дуўа ҳәм алғыс-мақтаўларға толы еди. Әлбетте, ол — өмиринде ҳәм жумысында аз-маз ғана гүнасы болған, жоқары дәрежедеги мухаддес адам еди. Солай болса да, бизлер оның күнделигин оқып отырып, бәрқулла өзиниң руўхый азғынлығынан налынғанын көремиз. Және де, ол өзиниң Масихқа жеткиликсиз дуўа етип, Оны жеткиликсиз сүйетуғынын айтып шағынады. Ол өзин «бахытсыз қурт», «өлген ийт», «аса кеткен бийпайда ҳәм аянышлы мақлуқ» деп атайды. Бул оның ақылесиниң кесел болғаны себепли емес, ал оның Масих пенен тығыз байланыста болып, өзиниң гүнакар екенлигин терең сезингени себепли еди.

Деген менен, Ийса Масих басқаларға қарағанда Қудайға жақын болса да, гүнакарлық сезиминен азат еди.

## Ийсаның дослары не деген еди?

Ийса Өзин Масих ҳәм Қудайдың Улы деп есаплағанындай, бийгүнаман деп те есаплады. Бирақ, Ол усылардың ҳәммесинде қәтелескен шығар. Ол туўралы шәкиртлери не ойлайтуғын еди? Олар Ийсаның пикирине қосылатуғын ба еди?

Айырым адамлар Ийсаның шәкиртлерин ондай жақсы гүўалар болмады деп ойлаўы мүмкин. Олар ҳақыйқатшыл болды ма, Ийса ҳаққында бөрттириңкирек сүўретлеген жоқ па, деген көплеген тартыслар бар. Бул мәселе бойынша, елшилер көп өтирик-өсеклердиң қурбаны болды. Олардың гүўалықларын аңсатлық пенен босқа шығарыў қыйын. Бизлерге олардың гүўалықларына тийкарланыўға мүмкиншилик беретуғын бир неше себеп бар.

Бириншиден, олар Ийса менен шама менен үш жылдай тығыз байланыста болды. Олар бирге ишип-жеп, бирге уйықлады. Балықшының қайығында бирге жүрди, ақшалары да орталыққа жыйналды (адамлардың ақшаларын бир жерге жыйнаўы себепли көплеген алаўызлықлар келип шығады!). Шәкиртлер бир-бириниң ашыўына тийди. Олар урысты. Бирақ, олар ҳеш қашан өзлери ислеген гүналарды Ийсадан көре алмады. Еркинсип қарым-қатнас жасаў себепли жийи-жийи жек көриўшилик келип шығады. Бирақ, бул жағдайда ондай болмады. Негизинде, Ийсаның гүнасыз екенине Петр ҳәм Юхан еки баслы гүўа бола алады. Петр, Яқып ҳәм Юхан

кишкене бир топардан ибарат болды ҳәм Ийса оларға айрықша ҳуқық, яғный жасырын аянды билиў ҳуқықын берди.

Екиншиден, елшилердиң бул бойынша айтылған гүўалықларына исениўге болады, себеби олар еврей еди ҳәм олардың сана-сезимлерине балалық ўақыттан баслап Ески Келисимниң тәлийматы сиңдирилген еди. Ал, Ески Келисимдеги олар анық билетуғын ҳақыйқатлықтың бири — бул адамлардың улыўма бир гүнаға ийе болыўынан ибарат еди:

«Ҳәмме жолдан адасқан,
Барлығы жарамсыз болған
Жақсылық ислеўши ҳеш ким жоқ.
Бирде бири жоқ».

*Забур 13:3*

«Бизлердиң ҳәммемиз өз жолларынан адасқан қойлар сыяқлы едик».

*Ийшая 53:6*

Мухаддес Китапқа тийкарлана отырып, олар ҳеш кимди де гүнасыз деп аңсат ғана атай алмас еди.

Үшиншиден, елшилердиң Ийсаның гүнасыз екенлиги ҳаққында айтқан гүўалығына исениўге болады. Себеби бул — туўрыдан-туўры тастыйықлаў емес. Олар Ийсаның гүнасыз болғанлығы ҳаққында айтылған ҳақыйқатлықты анықлап, түсиндириўге kириспейди. Және де, олар бир нәрселерди тосаттан талқылап, Ийсаның гүнасызлығы ҳаққында гүўалықларды қосымша етип айтады.

Олар мыналарды айтқан еди: дәслеп Петр Ийсаны «минсиз ҳәм кемшиликсиз Қозы» сыпатында сүўретлейди,

ал соңынан «Ол гүна ислемеди, аўзынан ҳеш жалған сөз де шықпады», — дейди (Петр 1-х 1:19, 2:22). Ал Юхан болса, адамлардың ҳәммеси гүнакар екенлигин, егер бизлер өзлеримиздиң гүнасыз екенлигимизди айтсақ, онда өз-өзимизди алдап, Қудайды өтирикши қылып қоятуғынлығымызды айтады. Кейин ол сөзин даўам етип, бизлердиң гүналарымызды алыў бийлигине ийе болған Масихта гүна жоқлығын билдиреди (Юхан 1-х 1:8-10, 3:5).

Петр ҳәм Юханның бул гүўалықларына Павелдиң ҳәм «Еврейлерге жазылған хат»тың авторының сөзлерин қосымша етип айтыўға болады. Олар Ийсаны «гүнаны билмеген», анығырағы «мухаддес, айыпсыз, пәк, гүнакарлардан ажыратылған» деп сүўретлейди. Ол ҳақыйқаттан да «ҳәр тәреплеме бизлер сыяқлы сыналды», бирақ «гүна ислемеди» (Кор 2-х 5:21 Евр х 7:26, 4:15).

## Масихтың душпанлары қандай пикирге қосылатуғын еди?

Мүмкин, егер бизлер Ийсаның душпанларының Ол ҳаққында не ойлағанын итибарға алсақ, беккем тийкарға ийе болармыз. Әлбетте, олар Ийсаны жақлаўшы пикирлерге ийе емес еди. Хош Хабарларда олардың Ийсаны аңлып, Оның ўазлары арқалы сөзинен тутыўға тырысқаны ҳаққында оқыймыз. Егер душпанлар дәлийллер арқалы тартысларда жеңе алмаса, бир-бирин өз-ара масқаралаўға өтетуғыны жақсы мәлим. Дәлийл жеткиликсиз болса, орнына ипласлық қолланыўға болады. Ҳәтте, ширкеўдиң абройлы адамлары да өз-ара душпанлық

пенен былғанған. Ийсаның душпанлары да солай ис тутқан еди.

Хош Хабарды жазған Марк олардың төрт мәртебе сынға алғаны ҳаққында сөз етеди (2:1-3:6). Олардың биринши айыплаўы — бул Ийсаны Қудайға тил тийгизди, деп айыплаўы болды. Ийса адамның гүнасын кеширди. Бул олар ушын Қудайға тийисли болған нәрсеге қол салыў менен бирдей болды. «Бул — Қудайға тил тийгизиўши менменлик», дести олар. Бирақ, усы сөзлер арқалы мынадай сораў туўылады: «Егер Ол ҳақыйқаттан да Қудай болса, Ол гүналарды кешириў ҳуқықына ийе ме?»

Және де, олардың айтыўы бойынша, олар *Ийсаны қоршаған қорқыныш-лы ҳәм азғын адамлардан* наразы еди. Ийса гүнакар адамлар менен қарым-қатнас жасайтуғын еди, олар менен ишип-жеп, гүнакар ҳаялларға Өзине жақынырақ келиўине рухсат беретуғын еди. Ҳеш бир парисейдиң бундай ислерди ислеў басына кирип шықпаған болар еди. Парисей кийимлерин жөнлеп, бундай жарамсыз адамлар менен қарым-қатнас жасаўдан өзин шетке алған болар еди. Усылай ислегени арқалы парисей өзин ҳақ адамман, деп есаплаған болар еди. Олар Ийсаның мийрим-шәпәәтлилигин ҳәм мүләйимлилигин ҳеш түсине алмады. Ийса «гүнакарлардан айрықша ажыратылған» болса да, Өзине «гүнакарлардың досты» деген ҳүрметли атақты алған еди.

Олардың үшинши айыпламасы — Ийсаның *динин бийәдеп* деп айыплаўдан ибарат еди. Ийса парийсейлер ямаса Шомылдырыўшы Яқыяның шәкиртлери сыяқлы ораза тутпайтуғын еди. Олардың пикири бойынша, Ол ишип-жеў ушын келген «ашкөз ҳәм мәскүнем» еди.

Бундай қарама-қарсылықлар салдамалы бийкарлаўға ылайық емес. Ийса қуўанышқа толып-тасқан еди, бирақ Оның динге салдамалы түрде қатнас жасағанына гүман туўғызып болмайды.

Төртиншиден, Ийсаның шемби күни бойынша *нызамды бузғаны* оларда қәҳәр оятты. Ийса дем алыс күни аўырыўларға шыпа берди, Оның шәкиртлери дем алыс күни атыз арқалы өткенде, масақларды үзип алып жеди. Буны нызам муғалимлери орыў ҳәм түйеклеў менен бирдей ис деп есаплап, қадаған ететуғын еди.

Деген менен, ҳеш ким Ийсаның Қудайдың нызамына бойсынып жасағанына шек келтире алмайды. Ол Нызамға бойсынатуғын еди ҳәм Өзин айыплаўшыларды да Нызамды орынлаўға шақыратуғын еди. Және де, Ол Қудай дем алыс күнин адам ушын жаратқанын тастыйықлады. Бирақ Ийса «дем алыс күниниң Ийеси» болғанлықтан, адамлардың натуўры дәстүрлерин бийкарлап, Қудайдың нызамын дурыс түсиниўди үйретиўге ҳақылы екенин билди.

Бул айыпламалардың ҳәммеси үстиртин болып, сораўлар пайда етеди. Ийса Өз өмириниң мәселесин шешиўши суд алдында турғанда, Оның айыплаўшыларына Оған қарсы жалған гүўаларды жаллаўға туўра келди. Бирақ, бәри бир де олардың гүўалықлары сәйкес келмеди. Улыўма алғанда, олардың Ийсаға қарсы ойлап тапқан жалғыз айыплама руўхый емес, ал сиясий айыплама болды. Деген менен, сиясий жынаятшы ҳүким етилиў ушын адамлар алдында турғанда, оны қайта-қайта ҳақ деп тапты. Пилат шешим қабыл етиўге қорқып, бир неше мәрте мойын таўлады ҳәм халық алдында қолын

жуўып: «Бул Адамның қанының төгилиўине мен айыплы емеспен», — деди. Ҳирод Ийсадан айып таба алмады. Ийсаны сатқан Яҳуда қатты өкинип, руўханийлерге отыз гүмис теңгени қайтарып берди де: «Мен сатқынлық қылдым. Айыпсыз қанды төктирип, гүна иследим», — деди. Атанақ ағашқа шегеленген қарақшы да қасындағы қарақшыны Ийсаны масқаралағаны ушын айыплап: «Ол ҳеш қандай жаманлық қылған жоқ-ғо», — деди. Ийсаның қалай азап шегип, жан тапсырғанын көрген жүзбасы да: «Ҳақыйқаттан да, бул ҳақ Адам екен», — деген еди (Матта 27:24; Лука 23:15; Матта 27:3-4; Лука 23:41-47).

## Бизлер өзлеримиз не көре аламыз?

Ийса Масихтың минез-қулқын баҳалағанымызда, бизлер тек басқалардың гүўалықларына сүйенбеўимиз керек. Бизлер өзлеримиз-ақ өз пикиримизге ийе бола аламыз. Ийсаның Өзи жармастырмай айтып өткен, Оның дослары тастыйықлаған ҳәм душпанлары мәжбүрий түрде мойынлаған минсизлик Хош Хабарларда анық баянланған.

Бизлерде өз пикиримизде қәлиплестириўге жақсы мүмкиншилик бар. Хош Хабарларды жазған авторлар сүўретлеген Ийсаның тулғасы көп қырлы. Әлбетте, тийкарынан Ийсаның үш жылға шамалас ўақыт ишинде халық арасында ислеген хызмети баян етилген. Бизлер Ийсаның балалығы ҳаққында жүдә аз билемиз, ал Лука Ийсаның сол балалығында Насыра қаласында жасы да, ақылданалығы да өсип, Қудайдың ҳәм адамлардың сүйиспеншилигине бөленип барғанын еки мәртебе айтып өтеди.

Бизлер Ийсаның Өз шәкиртлери менен бирликте халықтан аўлақ кеткени, Оның шаўқымлы аламан ишинде болғаны ҳаққында оқыймыз. Ол Галилада халық тәрепинен қаҳарман сыпатында алғысланғаны, халық Оны мәжбүрий түрде патша қылып қоймақшы болғаны көз алдымызда сүўретленеди. Бизлер Оның изине ерип, Ерусалим Ибадатханасына кирип барамыз, сол жерде парисейлер менен саддукейлер Оны биргеликте изертлеген еди. Уллы жеңислер шыңына шығып, терең түңилиўди бастан кеширсе де, жалғыз адамлар тәрепинен қабыл алынбаса да, Ол сол Ийса болып қала береди. Ол турақлы, жағдайға берилмейди, Ол өзгермейди.

Тағы да, Ийсаның тулғасы салмақлы да. Онда ақылсыз кербазлықтың изи де жоқ. Ол Өзи үйреткен нәрселерге исенеди, Ол фанатик емес. Оның тәлийматы табысқа ийе, Ол таң қаларлық емес. Бизлерде Ийсаның ҳәм адамыйлық, ҳәм Қудайлық тәбияты ҳаққында бирдей дәрежеде гүўалықлар бар. Ол шаршады. Ол басқа адамлар сыяқлы уйықлаўы, ишип-жеўи керек еди. Ол сүйиспеншилик, ғәзеп, қуўаныш ҳәм қайғы сыяқлы адамлардың сезимлерин бастан кеширди. Ол толығы менен адам болды. Деген менен, Ол әпиўайы адам болмады. Ең алды менен, Ол Өзи ушын ҳеш нәрсени қәлемеди. Бул ең таң қаларлық нәрсе. Ол Өзин Қудай деп санаса да, көкирек көтерип, өз атақ-абройы ушын күйип-жанбады. Ол тәккаббир емес еди. Ийсада өзимшиликтиң нышаны да жоқ еди. Ол кишипейил болды.

Анық усы өзгешелик жүдә таң қалдырады. Ийсаның Өзине бағдарланған тәлийматы ҳәм басқаларға деген Оның ис-ҳәрекетлери ҳайран қалдырады. Ийса ойла-

рында Өзин биринши қылып қойса да, ислеринде Өзин пәс тутты. Ол Өзи ҳаққында жоқары баҳалады ҳәм өзин жоқары дәрежеде қурбан қылды да. Ол Өзиниң барлық адамлардың Ийеси екенин билсе де, олардың хызметшисине айланды. Ол Өзиниң дүньяны ҳүким етиў ушын келетуғынын айтса да, Өзи елшилериниң аяқларын жуўды.

Ҳеш бир адам Ийса сыяқлы көп қурбанлықлар бере алмады. Ол аспандағы ҳәзликлерден дүньядағы қайғыҳәсиретлер ушын ўаз кешти, гүна менен былғанбаған мәңгилик мәканды жаўыз дүнья менен қарым-қатнас жасаўға аўмастырды. Буны Оның Өзи де, бизлер де тастыйықлай аламыз.

Ийса әпиўайы еврей анадан Бейтлеҳемдеги белгисиз аўылда, патас үйде туўылды. Кишкене нәресте ўақтында анасы менен Мысырға қашып кетти. Оны Насыра деген аўылға алып келди. Ол ағаш устасы болып, анасын ҳәм шаңарақтағы балаларды бағыў ушын мийнет етти. Белгиленген ўақыт келгенде, ел гезип, ўаз айтты. Ҳеш мал-мүлки, қолайлы шараяты ҳәм үйи болмады. Ол Өз досларын әпиўайы балықшылар ҳәм салықшылар арасынан тапты. Ол мақаў кеселлерге қол тийгизди ҳәм бузық ҳаялларға Өзине қол тийгизиўге рухсат етти. Ол Өзин шыпа бериў, жәрдем етиў, тәлим бериў ҳәм ўаз айтыў хызметине бағышлады.

Ийсаны адамлар түсинбейтуғын, сөзлерин надурыс талқылайтуғын еди. Ол адамлардың терис пикирлериниң ҳәм жасырын нийетлериниң қурбаны болды. Оны Өз халқы жек көрди ҳәм қабыл етпеди. Дослары таслап кетти. Ол Өзин урыўға, бетине түкириўге, басына шеңгелден өрилген таж кийдириўге, аяқ-қолларын Рим атанақ

ағашына шегелеўге рухсат берди. Денесине өткир нышлар суғылғанда, Өзин азаплап атырғанлар ушын дууа етиўди даўам етип: «Әке, оларды кешир. Себеби олар не ислеп атырғанын өзлери билмейди», — деди.

Бундай адам дәрежесине жетиў бизлерге мүмкин емес. Бизлер табысқа ерисе алмайтуғын ис Оның қолынан келди. Ийса минсиз артықмашлыққа ийе еди. Ол ҳеш қашан өш алмады. Ол ҳеш қашан ҳеш кимди қапа қылмады, ашыўланбады, Өзинен кешип, Өзин басқара алды. Адамзаттың пайдасы ушын, адамлар не айтып, не ислесе де, Өзин Қудайдың еркине тапсырды. «Мен Өз еркимди излеп, өзиме даңқ-атақ гөзлемеймен», — деген еди Ол. Павелдиң жазғанындай: «Масих Өзине жараныўға тырысқан жоқ».

Қудайға ҳәм адамларға хызмет етиў ушын, өзине пүткиллей немқурайдылық пенен қараў — Мухаддес Китапта сүйиспеншилик деп аталады. Сүйиспеншиликте өзимшиллик жоқ, оның негизи өзин қурбан етиўден ибарат. Ең жаман адам да бир ўақытлары усындай ислер ислеўи мүмкин, бирақ Ийсаның өмири усы сөнбес нур сыяқлы ҳақ нийетлиликке толы болды. Ийса гүнасыз болды, өйткени Ол Өз мәпин гөзлемеди. Усылай Өз-Өзинен кешиў — сүйиспеншилик болып есапланады. Ал Қудай — бул сүйиспеншилик.

# 4
# ИЙСАНЫҢ ҚАЙТА ТИРИЛИЎИ

Бизлер Ийсаның таң қалдырыўшы сөзлери ҳәм оның минез-қулқы ҳаққында қарап шықтық. Ал, ҳәзир бизлер Ийсаның қайта тирилиўи ҳаққында гүўалықларды қарап шығамыз.

Егер қайта тирилиў ҳақыйқаттан да болған болса, онда ол үлкен әҳмийетке ийе. Егер Насыралы Ийса өлимнен қайта тирилген болса, онда Ол сөзсиз айрықша тулға болды. Бул жерде мәселе Оның руўхый тири қалыўы, Оның денесиниң қайта тирилиўи емес, ал Оның өлимди жеңиўи ҳәм тиришиликтиң жаңа жолына қарай қайта тирилиўи ҳаққында болады. Бизлер бундай қайта тирилиўди басынан кеширген басқа ҳеш кимди билмеймиз. Сонлықтан, заманагөй адамлар мысқыллап ҳәм жек көрип, Ареопаг төбеси кеңесинде Павелдиң: «Өлимнен қайта тирилиў ҳаққында еситкенде, кимиси мазақ етип күлди…», — деген ўазын еситкен афиналы ойшыллар сыяқлы ис тутады (Елш 17:32).

Сөз ҳәзир Ийсаның өлимнен қайта тирилиўи Оның Қудайлығын анықлап беретуғыны ҳаққында емес, ал олардың өз-ара сәйкес келетуғыны ҳаққында ғайрытә-

бийий тулға бул дүньяға ғайрытәбийий түрде келип, ғайрытәбийий түрде кетиўи күтилген ҳал. Анық усы ҳаққында Жаңа Келисим сөз етеди ҳәм усыған бәрқулла исениўши жәмәәтлер исенип келди. Ийсаның туўылыўы тәбийий болды, бирақ Оның анасының қурсағында пайда болыўы ғайрытәбийий болды. Оның өлими тәбийий болды, бирақ өлимнен қайта тирилиўи ғайрытәбийий болды. Ийсаның анасының қурсағында кәраматлы түрде пайда болыўы ҳәм өлимнен қайта тирилиўи Оның Қудайлығын дәлийллемейди, ал олар өз-ара сәйкес келеди (бизлер бул жерде Ийсаның анасының қурсағында ҳадал жол менен пайда болыўын қарап шығып атырған жоқпыз. Жаңа Келисимде бул Ийсаның масихыйлық ямаса Қудайлық тәбиятын көрсетиў ушын, өлимнен қайта тирилиўи сыяқлы қолланылмайды. Ҳадал жол менен пайда болыўы ҳаққында Джеймс Орраның «Масихтың ҳадал жол менен туўылыўы» (1907) деген китабында жақсы сүўретлеген, Және де, бул Дж Гришем Мейченниң «Ҳадал жол менен туўылыў» (1936) деген китабында жақсы сүўретленген).

Ийса Өзи өлими ҳаққында айтқанда, Өзиниң өлимнен қайта тирилиўин де сөзсиз қосып айтатуғын еди. Ол Өзиниң өлимнен қайта тирилиўин бир нышан сыпатында сүўретлейтуғын еди. Павел өзиниң «Римлилерге жазған хаты» ның басында Ийсаның «...өлимнен қайта тирилиўи арқалы Қудайдың Улы екени қүдирет пенен дәлийлленди», — деди. Ал, елшилердиң «Елшилердиң ислери» китабындағы ең дәслепки ўазлары өлимнен қайта тирилиў арқалы Қудай адамлар үстинен шығарылған ҳүкимди бийкар еткенин ҳәм Өз Улын ақлағанын тастыйықлайды.

Бизлер Луканы инталы ҳәм пуқта тарийхшы сыпатында таныймыз. Ол бул өлимнен қайта тирилиў ҳаққында айтқанда, көп дәлийллер бар екени туўралы сөз етеди. Мүмкин, бизлер өлимнен қайта тирилиўди «тарийхтағы көбирек дәлийлленген факт» деп атаған Томас Арнольд сыяқлы тереңирек қарап шықпасақ керек. Бирақ, әлбетте, көплеген бийғәрез алымлар өлимнен қайта тирилиў ҳаққында гүўалықты жүдә исенимли деп есаплайды. Мысалы: мырза Эдвард Кларк К. С. ҳүрметли Е. Л. Мэккейсиге былай деп жазған еди:

> «Мен юрист сыпатында Қутқарылыў (Пасха) байрамының биринши күнинде болған ўақыялар ҳаққында гүўалықларды терең үйренип шықтым. Мениңше, гүўалық исенимли, сонлықтан мен Жоқары Судта онша анық болмаған гүўалықлар ҳаққында жуўмақты қайта-қайта жақладым. Гүўалықтың соңында оны жуўмақлаў керек болады. Ал, ҳақыйқатты айтыўшы гүўа ҳәмме ўақытта тәбийий болып, басқаларға өзин көз-көз қылыўға тырыспайды. Усындай гүўалыққа Хош Хабарда сөз етилген өлимнен қайта тирилиў ҳаққында гүўалық жатады. Мен юрист сыпатында оны дәлийллер ҳаққында гүўалық берген ҳақыйқатшыл адамлардың гүўалығы деп толық қабыл етемен. Олар өз гүўалығын тастыйықлай алған еди».

Бул қандай гүўалық? Оны төрт тастыйықлаў менен байланыстырыўға болады.

## Дене ғайып болды

Төрт Хош Хабарда да Ийсаның өлимнен қайта тирилгени ҳаққында гүррин етилгенде, гүрриң Қутқарылыў

байрамы күни (екшемби күни) таң азанда ҳаяллардың Ийсаның қәбирине келгени менен басланады. Ҳаяллар қәбирге келип, Ийемиздиң денесиниң ол жерден ғайып болғанын көрип қорқып кеткен ҳәм таң қалған еди.

Көп өтпей, елшилер Ийсаның қайта тирилгени ҳаққында жәриялай баслады. Бул олардың ўазларындағы баслы нәрсе болды.

Қәбир бос еди. Ийсаның денеси ғайып болған еди. Бул бойынша гүман болыўы мүмкин емес. Бирақ, мәселе оны қалай түсиндириўге болады, әне соннан ибарат.

Бириншиден, *ҳаяллар басқа қәбирге келген болыўы итимал,* деген пикир бар. Қараңғы еди ҳәм олар қайғы себепли өзлерин жойтқан еди. Олар алжасқан болыўы мүмкин. Бир қарағанда, бул растай болып көринеди, бирақ анықлап изертлегенде, ҳәлсиз екени билинеди. Ол жерде қараңғы болыўы мүмкин емес, деген пикирден баслайық. Әлбетте, Юхан ҳаяллар «еле қараңғы болғанда» келди деп жазады, бирақ Маттаны оқысақ, ўақыя «таң атқанда» болған (28:1), Лука «таң азанда», ал Марк «қуяш шыққанда» деп анық атап өтеди.

Және де, бул ҳаяллар ақылсыз емес еди. Олардың екеўи Юсуп ҳәм Никодимниң денени қай жерге қойғанын өз көзлери менен көрген еди. Олар, ҳәтте, денениң қалай қәбирге қойылғанын да қәбирдиң қарсы алдында отырып гүзеткен еди. Бул еки ҳаял — магдалалы Мәрияm ҳәм Ийсаның анасы Мәрияm өзлери менен бирге Саломия, Юханна ҳәм басқа ҳаялларды ертип, таң атқанда қәбирге келген еди. Солай екен, егер биреўи жолдан алжасқан болса, басқалары буны билер еди. Және де, магдалалы Мәрияm биринши мәртебе басқа жерге келген болса,

екинши мәрте және сол қәтесин жап-жақты болған азанда тәкирарламаған болар еди. Ол сол жерде Ийсаны көрмегенше, иркилип турған еди.

Оның үстине, ҳаялларды қәбирге таң азаннан тек қайғы жетелеп келген жоқ. Олар белгиленген бир мақсет пенен келген еди. Ийесиниң денесине хош ийисли нәрселерди жағыў исин жуўмақлаў ушын, олар хош ийисли нәрселерди әкелген еди. Өйткени, еки күн бурын бул исти жуўмақлаўға дем алыс күниниң тақалып қалғаны кесент еткен еди. Бул садық ҳәм искер ҳаялларды аңсат ғана алдаў ҳәм өз исин жуўмақлаўдан ўаз кешиўге мәжбүрлеў мүмкин емес еди. Тағы да, егер олар қәбирди алжастырған болса, еситкенлерин тексерип көриў ушын жуўырып кеткен Петр ҳәм Юхан да сол қәтени тәкирарлаған болмас па еди? Кейинирек келген Юхан, Никодим ҳәм басқалар сыяқлы, жолды екиленбей, дурыс таўып келгенлер ҳаққында не айтыўға болады?

Қәбирдиң бос болғанын түсиндиретуғын және бир пикир — бул Ийсаны *талып қалды,* деген пикир. Бул пикирди қоллап-қуўатлаўшылар Ийса атанақ ағашта өлген жоқ, тек есин жойтып қойды, деп бизлерди исендирмекши болады. Кейин ала Ол қәбирге апарылғанда Өзине келди, қәбирден шығып, шәкиртлерине көринди, дейди.

Бул пикир көптен-көп сораўларды туўғызады. Ол ҳақыйқатлықты пүткиллей бурмалайды. Гүўалықлар оған туўрыдан-туўры қарама-қарсы келди. Ийса әллеқашан жан тапсырғанын еситкенде, Пилат растан-ақ ҳайран қалды. Бирақ, жүзбасы оннан Ийсаның денесин атанақ ағаштан түсириўге рухсат сорағанда, оған

жүзбасының исендирип айтқан сөзлери жеткиликли болды. Жүзбасының Ийсаның жан тапсырғанына исеними кәмил еди, өйткени ол әскерлердиң бири Ийсаның бүйирин найза менен тескенде, сол ўақытта-ақ қан менен суў ағып шыққанын көрген еди. Солай етип, Юхан ҳәм Никодим Ийсаның денесин атанақ ағаштан түсирип алып, кепинликке орады да, Юсуптың жаңа қәбирине қойды.

Усы ўақыт ишинде Ийса ҳақыйқаттан-ақ талып жатты деп исениўге бола ма? Қаншама жаўызлықлар, ҳүким етилиў, масқараланыў, таяқ жеў ҳәм атанақ ағашқа шегелениўден соң, Ол 36 саат даўамында тас қәбирде, суўықта, азық — аўқатсыз ҳәм медициналық жәрдемсиз жасай алар ма еди? Кейин ала соншелли адамлардың қолынан келмейтуғын күш жумсап, қәбирдиң аўзындағы тасты домалатып таслаўы ҳәм усындай ис-ҳәрекетлерин Рим сақшыларына билдирмеўи мүмкин бе еди? Усылардан соң, ҳәлсиз, азап шеккен ҳәм аш ҳалында шәкиртлерине өлимди жеңген жеңимпаз сыпатында көрине алар ма еди? Ақыры Ол өлип, қайта тирилетуғынын айтқан, шәкиртлерин тапсырмалар менен жиберген ҳәм оларға заманның ақырында келетуғынын ўәде еткен еди-ғо. Қалай Ол қырық күн даўамында бир жерлерде жасырынып жасаўы, бир ўақытлары күтилмегенде пайда болып, кейин ҳеш нәрсе түсиндирмей ғайып болыўы мүмкин еди? Бундай пикирге исениў Томастың исенбей, екилениўине қарағанда ақылға уғрас келмейди.

Үшиншиден, *урылар Ийсаның денесин урлап кетти,* деген пикир бар. Бул тәризде шамалаўға ҳеш қандай да дәлийл жоқ. Урылар қалайынша Рим сақшыларын

алдап кетиўи мүмкин еди, усы нәрсе түсиниксиз. Урылар денени алып, қалай кепинликти таслап кеткенин ҳәм не ушын усылай ислегенин де түсиндириў қыйын.

Төртиншиден, *Ийсаның шәкиртлери Оның денесин қәбирден алып кетти,* деген пикир бар. Маттаның жазыўы бойынша, еврейлер бул сөзди ең бастан-ақ тарқатқан еди. Пилат Юсупке Масихтың денесин түсирип алыўға рухсат еткеннен соң, бас руўханийлер ҳәм парисейлерден дүзилген топарда қабыл еткенде, олардың былай дегенин сөз етеди: Олар Пилатқа:

> «Тақсыр! Ана өтирикшиниң тири ўақтында: Мен үш күннен кейин қайта тирилемен», — дегени есимизге түсти. Сонлықтан да, шәкиртлери түнде келип, Оны урлап алып кетип, халыққа: «Ол өлимнен қайта тирилди», — деп айтпаўы ушын, Оның қәбирин үш күнге дейин қараўыллаўға буйрық бериң. Олай етпесек, соңғы жалған бурынғысынан да бетер болады», — деди.
>
> *Матта 27:63-64*

Пилат келисим берип: «Барып, қәбирди өз билгенлериңизше гүзетиңлер», — деди. Солай етип, олар барып, тасқа мөр басты да, қәбирге сақшы қойды. Матта даўам етип сүўретлей отырып, тас та, мөр де, сақшылар да Ийсаның қайта тирилиўине кесент ете алмағанын ҳәм сақшылар қалаға барып, болған ўақыяның барлығын бас руўханийлерге айтып бергенин, ал олар әскерлерге көп ақша берип:

> «Түнде бизлер уйықлап атырғанымызда шәкиртлери келип, Оны урлап алып кетти», — деп айтыңлар. Егер

бул хабар ҳәкимниң қулағына жетсе, бизлер оның менен келисип, сизлерди ҳәр қандай бәледен сақлап қаламыз», — деди. Әскерлер ақшаны алып, олардың үйретиўи бойынша иследи. Ал, усы сөз Яҳудийлердиң арасында бүгинги күнге дейин кең тарқалған».

Бирақ, бул ўақыя да ақылға уғрас келмейди. Таңланған сақшылар, олар я римлилер, я яҳудийлер болсын, қатаң гүзетиў бойынша пәрман алып болып, уйықлап қалыўы мүмкин бе? Ал, егер олар ҳақыйқаттан да сергек болып турған болса, қалайынша ҳаяллар олардың қасынан өтип кетип, тас домалатып қойған болар еди.

Егер шәкиртлери Ийемиздиң денесин алып кетти, деп көз алдымызға келтирип көрсек, бул пикирди пүткиллей жоққа шығаратуғын бир психологиялық түсиник бар. «Елшилердиң ислери» китабының биринши бөлимин оқысақ, елшилер өзлериниң дәслепки ўазларында өлимнен қайта тирилиўге көбирек итибар бергенин билемиз. «Сизлер Оны өлтирген единиз, бирақ Қудай Оны өлимнен тирилтти, бизлер буған гүўамыз», — дейтуғын еди бәрқулла олар. Олар биле тура, жалған нәрсени жәриялады, деп исене аламыз ба? Егер олар Ийсаның денесин алып кеткен болса, Оның қайта тирилгенин де олардың жәриялаўы биле тура өтирик сөйлеў менен бирдей. Олар тек бул ҳаққында жәриялап қоймастан, бул ушын азапта да болады. Олар, ҳәтте, қамаққа, таяқ жеўге ҳәм өлимге барыўға да таяр еди. Ҳәммеси ойлап табылған өтирик ушын емес-ғо!

Бул ҳеш ҳақыйқатлыққа уқсамайды. Ол соншелли мүмкин емес нәрсе сыяқлы болғанлықтан, ҳеш болыўы мүмкин емес нәрсеге мегзейди. Хош Хабарларда ҳәм

«Елшилердиң ислери» китабында елшилердиң ҳақыйқый болғаны анық көринеди. Олардың өзлери алданыўы мүмкин еди, бирақ өзлери өтирикши болған емес. Еки жүзлилер менен азап шегиўши адамлардың топырағы бир жерден алынған деп айтыў мүмкин емес.

Бесинши, мүмкин, ең исенимсиз пикир — бул Рим ямаса яҳудий басшыларының өзлери Ийсаның денесин алып кеткен деген пикир. Бул исти ислеўге оларда растан-ақ себеплер бар еди. Олар Ийсаның өлимнен қайта тирилиўи ҳаққында еситип, алданыўдан қорқатуғын еди. Демек (бизлер түсиндириўи бойынша), алданып қалыўдың алдын алыў ушын, олар сақлық усылларын қоллана отырып, денени алып кеткен.

Бирақ анықлаңқырап қарайтуғын болсақ, бул анық болған ўақыяларды шамалап қайта тиклеў шыл-пәрше болады. Хабарымыз бар, Ийсаның өлиминен соң бир неше ҳәпте өткенде, масихыйлар Оның қайта тирилгени ҳаққында батыллық пенен жәриялай баслады. Бул хабар тез тарқалып кетти. Жаңа насыралы ҳәрекет иудаизмниң тирегин қулатып, Ерусалимниң тынышлығын бузады, деген қәўип туўылды. Еврейлер өзгерислер болыўынан, ал римлилер тәртипсизликлер басланыўынан қорқты. Ҳүкиметке бир ғана ҳәрекет ислеў қалды. Олар Ийсаның денесин көрсетип, өзлериниң не ислегенин ашық жәриялаўы керек еди.

Бунң орнына, олар үндемей, жаўызлық пенен ис тутыўға киристи. Олар елшилерди қолға алды, оларды қорқытты, урды, қамаққа отырғызды, хорлады, оларға қарсы тил бириктирди ҳәм оларды өлтирди. Егер ҳүкиметте Ийсаның өли денеси болғанда, булардың ҳәммесин

ислеўдиң ҳеш қәжети жоқ еди. Исениўшилер жәмәәти өлимнен қайта тирилиўге тийкарланған еди. Өлимнен қайта тирилиўди жоқ деп әшкараласаңыз, жәмәәт қулайды. Бирақ, ҳүкимет буны ислей алмады, себеби оларда Ийсаның денеси жоқ еди. Ҳүкиметтиң үндемеўи өлимнен қайта тирилиў болғанын ҳәм елшилердиң гүўалықларын дәлиллейди.

Булар — Ийсаның қәбириниң босап қалғанын ҳәм денесиниң ғайып болғанын түсиндириў ушын, адамлар ойлап тапқан дәлийллер. Олардың ҳеш бири де жеткиликли емес ҳәм олардың ҳеш бириниң де тарийхый гүўалықлары жоқ. Егер бизлер Хош Хабарлардағы Қутқарылыў байрамының биринши күнинде болған ўақыялар-ды сүўретлеўши әпиўайы ҳәм парасатлы гүрриңлерди мақул көрсек, басқа сәйкес келиўши түсиндирмелерди алыўды қәлеўшилер бизлерди кеширсин. Адамлар Ийсаның денесин алып кетпеди. Оны Қудай тирилтти.

## Кепинлик өз орнында қалды

Ийсаның денесиниң урланғанын айтыўшы гүрриңлер кепинликтиң өз орнында қалғанын сөз етеди. Сол күни таң азанда Петр менен бирликте қәбирге жуўырып барған Юхан бул дәлийлди айрықша тастыйықлайды. Ол бул ўақыя ҳаққында сөз еткенде (Юхан 20:1-10), өзиниң анық қатнасқанын көремиз. Юхан қәбирге Петрден бурынырақ жуўырып барып, тек қәбирдиң ишине үңилип қарады, бирақ қәбирге Петр келгеннен кейин кирди. Юханның жазыўы бойынша: «Сонда қәбирге биринши болып келген сол шәкирт те ишке кирди ҳәм усыларды

көрип, исенди». Бул жерде: «Ол исене алғандай не көрген еди?» — деген сораў туўылады. Гүрриңниң мәнисинен Юханды тек денениң жоқлығы емес, ал кепинликтиң өз орнында жатырғаны, әсиресе оны ҳеш ким қозғамағаны таң қалдырды.

Генри Лэтемниң «Қайта тирилген Ийе» деген китабында (1904) сөз етилгенлерди даўамлап, ўақыяларды орнына қойып көриўге ҳәрекет етейик. Юханның айтыўы бойынша, Юсуп Пилаттан Ийсаның денесин алыўға рухсат етиўин өтиниш қылып турғанда, Никодим жүз қадаққа жақын мирра ҳәм алоэ араласпасын алып келди. Соңынан олар биргеликте Ийсаның денесин алып, яҳудийлердиң жерлеў дәстүри бойынша, Оны хош ийисли затлар менен кепинликке орады. Басқаша қылып айтқанда, олар денени таўар менен орағанда, таўардың арасына хош ийисли нәрселер септи, Адамның басын өз алдына бөлек орамал менен ораў керек еди (буны Юхан Лазарды ораған кепинликти сүўретлегенинен көремиз. Өйткени, Ийса Лазарды тирилткенде: «Аяқ — қоллары кепинлик пенен оралған, бети орамал менен байланған өли тирилип, сыртқа шықты», — делинген (Юхан 11:44). Солай етип, олар Ийсаның денесин ҳәм басын кепинлик пенен орады, ал жүзин ҳәм мойнын шығыс дәстүри бойынша ашық қалдырады. Кейин олар үңгирде жайласқан қәбирдеги тас плитаға Ийсаның денесин қойды.

Көз алдымызға келтирип көрейик, Ийса өлимнен қайта тирилгенде, бизлер сол қәбирдиң ишинде едик. Бизлер нени көрген болар едик. Ийсаның қозғалып еснегенин, керилип, орнынан турғанын ба? Яқ. Бизлер оны өмирге қайтты, деп ойламаймыз. Ол талып қалып, Өзине

келген де жоқ. Ол өлди ҳәм өлимнен қайта тирилди. Бул жан ениў емес, ал өлимнен қайта тирилиў еди. Бизлер Оны кәраматлы түрде өлимнен тиришиликтиң пүткиллей жаңа тараўына өтти, деп ойлаймыз. Бизлер сол жерде болғанымызда, нени көрген болар едик? Бизлер тосаттан дененин ғайып болғанын байқаған болар едик. Дене бурынғыдан басқаша, жаңа ҳәм кәраматлы болып ғайып болған болар еди. Ол Өзин ораған нәрселер, кейин ала жабық қапылар арқалы оларға тийместен өтип кетти. Усындай болыўы мүмкин, бирақ анық емес. Себеби дене ғайып болғанда, хош ийисли нәрселердиң аўырлығынан кепинлик түсип кетип, теп-тегис болып жатар еди. Кепинлик ҳәм басқа оралған орамал арасында, яғный мойын ҳәм бас аралығы бөлек турар еди. Ал, айқастырылып оралған орамал жыпырылған сәлле сыяқлы болып, ишинде бас болмаса да, иймейген формасын сақлап қалған болар еди.

Юханның мұқыятлап үйренип, гүрриң еткени арқалы, ол кепинликке қарағанда, усы үш айрықшалықты көргенин билемиз. Бириншиден, ол кепинликтиң «жатырғанын» көрди. Бул сөзлер еки рет тәкирарланады. Грек сөз бирлигинде оларға айрықша пәт берилген. Оларды былай аўдарыўға болады: «Ол жатырған (ямаса түсип кеткен) орайтуғын таўарды көрди». Кейин басқа оралған орамал «кепинлик пенен бирге емес, ал бөлек жерде» бүкленип турғанын көремиз. Бул орамалды мыжымырлап — мыжымырлап, мүйешке атып урған дегенди аңлатпайды. Орамал дүңкейген тас үстинде, кепинликтен әдеўир узақлықта жатырған еди. Үшиншиден, бул орамал өзгеше қылып бүкленген ҳалында жатыр

еди. Айырым аўдармаларда «оралған», «бүгилген» деген сөзлерди гезлестиремиз. Бул жақсы аўдармалар емес. «Оралған» деген сөз бос қалған орамал сақлап қалған домалақ форманы сүўретлейди.

Қәбирге жақынлап келген елшилердиң көз алдында қандай көринис пайда болғанын түсиниў қыйын емес. Олардың көз алдында дүңкийген тас, жерде жатырған кепинлик, бос қалған орамал ҳәм олар арасындағы аралық турған еди. Олардың көрип, исениўи де таң қаларлық нәрсе емес. Кепинликке тасланған жалғыз-ақ нәзердиң өзи қайта тирилиўдиң ҳақыйқаттан болғанын дәлийллеп, оның тийкарын ашып көрсетеди. Кепинликке ҳеш ким қол тийгизбеген, оларды ҳеш ким бүклемеген, улыўма ҳеш бир адам баласы оны қозғамаған еди. Кепинлик ишиндеги қурт гүбелекке айланып ушып кеткен қурттың қабығына уқсайтуғын еди.

Кепинликтиң қандай тақилетте жатырғанын да байқамаў мүмкин емеслиги де түсиникли. Қайта тирилиўди дәлийллеўши және бир гүўалық Петр ҳәм Юханға хабарды жеткизип болып, өзи қәбирге қайтып келген магдалалы Мәриямның ақ кийим кийген еки periштени көргенинен ибарат болды. Бул еки периштениң биреўи Ийсаның денеси жатқан жердиң бас ушында, ал екиншиси аяқ ушында отырған еди. Демек, олар дүңкийген таста отырған, ал кепинлик олар арасында жатқан болыўы мүмкин. Марк та, Матта да олардың бири: «Ол бул жерде жоқ. Өзиниң айтқанындай, Ол қайта тирилди. Барып, Оның жатқан жерин көриңлер», — дегенин айтады (Юхан 20:11-12; Матта 28:6; Марк 16:6). Китап оқыўшысы периштелерге исене ме, я яқ па, Ийсаның жатқан

жериниң сүўретлениўи, периштелердиң отырысы ҳәм сөзлери Хош Хабарларды жазғанлардың түсингенлерин тастыйықлайды. Яғный, кепинликтиң қандай түрде жатқаны ҳәм денениң жоқлығы Ийсаның қайта тирилгени ҳаққында гүўалық береди.

## Адамлар Ийемизди көрген

Хош Хабарларды оқығанлардың есинде болса керек, оларда Ийса Өзи өлимнен қайта тирилгеннен соң, шәкиртлерине көрингени ҳаққында бир неше айрықша гүрриңлер бар. Өлимнен қайта тирилген Ийемиздиң Петр «таңланған гүўалар» деп аталған адамларға он рет ҳәр бирине бөлек түрде көрингени ҳаққында бизлер билемиз. Ийемиз магдалалы Мәриямға, қәбирден қайтып киятырған ҳаялларға, Петрге, Еммаусқа баратырған еки шәкиртине, үйде жыйналып отырған он шәкиртине, бир ҳәптеден соң, он бир шәкирти менен отырған Томасқа, бир ўақыттың ишинде бес жүз исениўшиге (олар Галилаға көтерилетуғын жерде болған болыўы мүмкин), Галила теңизиниң жағасында болған бир неше шәкиртине, яғный Петр, Томас, Натаниел, Яқып ҳәм Юханға, Өзи аспанға көтерилгенде, Бетания жанындағы Зәйтүн таўында болған көп адамларға көринди. Павел (Кор 1-х 15-бап) өзин өлимнен қайта тирилген Ийемизди көргенлер қатарына киргизеди ҳәм Дамасққа баратырған жолында болған ўақыялар ҳаққында сөз етеди. Лука да өзиниң «Елшилердиң ислери» китабының басында: «Ол азап шегип өлгеннен кейин, көп исенимли дәлийллер менен елшилерге Өзиниң қайта тирилгенин көрсетти.

Қырық күн даўамында оларға көринди», — деп сөз етиўине қарағанда, Ийса басқа адамлар менен де ушырасқан болыўы ҳәм олар ҳаққында мағлыўматлар сақланып қалмаған болыўы мүмкин.

Ийсаның өлимнен қайта тирилгени ҳаққында айтылған тири гүўалықларға аңсат ғана қол силтеў мүмкин емес. Буларды түсиндириўши бир нәрсе табыў керек болады. Тек үш болжаў ғана мүмкин болыўы итимал. Биришиси — бул сөзлердиң ҳәммеси ойлап табылған, екиншиси — булардың ҳәммеси елес болды, үшиншиси — ҳәммеси анық айтылғандай болды.

Бул сөзлер *ойлап табылған* ба еди? Буны бийкарлаўға көп күш сарплаўдың да кереги жоқ. Өлимнен қайта тирилген Ийсаның пайда болғаны ҳаққында айтылған сөзлердиң ойлап табылмағаны аттан анық. Биринширден, бул сөзлер ақыллы ҳәм әдепли. Екиншиден, олар анық ҳәм өз көзлери менен көрген гүўалардың дәлийллери менен тастыйықланған. Шәкиртлердиң қәбирге жуўырып барғаны ҳәм Еммаусқа баратырған жолдағы ушырасыў ҳаққында айтылғанлар өтирикке жақынлап та кетпейди.

Және де, оларды ҳеш ким де: «Жақсы ойлап табылған», — деп айта алмайды. Егер бизлер өлимнен қайта тирилиўди ойлап тапқанымызда, мүмкин, буны еле де жақсырақ қылып ойлап тапқан болар ма едик? Мүмкин, Хош Хабарларда сөз етилгендей қылып, ўақыяларды шубаландырып отырмаўға ҳәрекет еткен болыўымыз да итимал. Бизлер елшилердиң екилениўлери ҳәм қорқынышларын алып таслаған (ямаса азайтқан) болар ма едик? Бәлким, бизлер қайта тирилиўдиң өзи ҳаққында

қайғылы гүрриң жазып (қыялый апокрификалық Хош Хабарларда жазылғандай), өлим тусаўларын үзип, қәбирден жеңис пенен шыққан Қудай Улының күшин ҳәм салтанатын сүўретлеген болар ма едик. Бирақ, олардың қалай болғанын ҳеш ким көрмеген ҳәм бизлерде бундай сүўретлеме жоқ. Мүмкин, бизлер ҳеш қашан да Магдалалы Мәриямды биринши гүўа қылып таңламаған болар едик?

Булар ойлап табылған, деген пикирге қарсы болған нәрселер де болып, олар гүрриң етип айтқан адамлардың садалығынан күшлирек. Бул — анық дәлийлленген нәрсе болып, бизлер алдын ол ҳаққында сөз еткен едик. Яғный, елшилер де, Хош Хабарлардың авторлары да, дәслепки исениўши жәмәәт те Ийсаның өлимнен қайта тирилгенине анық исенди. Пүткил Жаңа Келисим исеним ҳәм жеңис сезимине толы. Жаңа Келисимниң авторлары алданған болыўы да мүмкин еди, бирақ олардың билип турып бизлерди алдамағаны анық.

Егер сол сөзлер ойлап табылмаған болса, болған ўақыялар *елес* болыўы мүмкин бе? Бул пикир жақсы таныс ҳәм анық баян етилген еди. Елес кемнен — кем ушырасатуғын қубылыс емес, әлбетте. Елес — бул ҳақыйқаттан болмаған нәрсени көз бенен көрип, қабыл етиў. Псих ямаса нерви бузылған адамларға елес көриниўи итимал. Көпшилик адамлар ерси нәрселерди көриўши ҳәм еситиўши, бәрқулла өзлери ойлап тапқан дүньяда жасаўшы адамлар бар екенин биледи. Елшилер де усындай адамлар болды, деп тастыйықлаўға болмайды. Магдалалы Мәриям сондай болыўы мүмкин, бирақ мақтаншақ Петр ямаса екилениўши Томас емес.

Елести әпиўайы адамлар да көрген ҳәм бундай жағдайда елести көриўдиң еки айрықша түрин атап өтиўге болады. Бириншиден, биреў бир нәрсени қатты қәлеп, күшли ойланғанда, екиншиден елес ушын қолайлы жағдай, (ўақыт, орын ҳәм кейпият) пайда болғанда елес көринген. Бул ушын адамның ишинде күшли қәлеў ҳәм қолайлы сыртқы жағдай болыўы зәрүр.

Бирақ, бизлер Хош Хабарларда өлимнен қайта тирилиў ҳаққында айтылған гүрриңлерди оқысақ, бул еки жағдайды да көре алмаймыз. Оларда бир нәрсени көриўге деген күшли тилек жоқ болып, ҳәммеси керисинше көринеди. Ҳаяллар қәбирдиң бос екенин биринши мәрте көргенде, «қорққанлықтан, зәррелери ушып» қашып кетти, себеби олар «қорққан» еди. Магдалалы Мәриям ҳәм басқа ҳаяллар Ийсаның тири екенин айтқанда, елшилер «исенбеди» ҳәм ҳаяллардың сөзи оларға «ертек болып» көринди. Ийсаның Өзи келип, олардың ортасында турғанда, олар албырап, қорқып қалысты. Олар әрўақ көрип турмыз деп ойлады. Ийса оларды исенбегени ҳәм қайсарлығы ушын айыплады. Ал, Томас өз көзлери менен Ийсаның жарақатларын көрмегенше исенбейтуғынын айтқан еди. Кейин ала Ийса он бир елшисине ҳәм басқа шәкиртлерине Галиладағы таўда көрингенде, олар Оны көрип, алдында тәжим етти, ал гейбиреўлери исенбеди. Оларда күшли тилек те, сада исеним де, ойсызлық пенен қабыл етиў де болған жоқ. Шәкиртлерди ап-аңсат алдаў мүмкин емес еди. Олар гүманшыл, бирден исениўге исеними аз адамлар еди. Олар елеске бойсыныўшы адамлар емес еди, ҳәтте, оларды айрықша аянлар да қанаатландырмаған болар еди. Олардың исеними

беккем дәлийл ҳәм сыналған тәжирийбеге тийкарланған еди.

Тек булар емес, ал қолайлы сыртқы жағдайлар да жоқ еди. Егер де Ийса айрықша мухаддес болған бир-еки орында пайда болғанда (олар ҳаққында еске түсириўлерге толы болған орынларда), егер де адамлар усындай бир нәрсени күткенде, әлбетте, бизлерде гүман пайда болған болар еди. Егер бизлер тек үйде болған ушырасыўды билгенимизде, бизлерде гүманланыўға себеп туўылған болар еди. Егер де он бир елши Ийсаның өзлери менен бирге дүньядағы ең соңғы ўақытларында өткерген айрықша орнында жыйналғанда, сол жерди сақлап, өткизген әжайып күнлер ҳаққында еслегенде, Ийсаның қайтып келемен деген ўәдесин ядқа түсиргенде, Ол келе ме я келмей ме, деп ойлап отырғанда, бизлер өзлеримизди реҳимсиз түрде алдандық деп ойлаған болар едик.

Бирақ, бундай болған жоқ. Негизинде, Масихтың он мәртебе көрингени туўралы үйренгенимизде, Оның ҳәр түрли жағдайларда ҳәр түрли адамларға ҳәм ҳәр түрли орынларда көрингенин билип аламыз. Оны ҳәр түрли адамлар (Магдалалы Мәриям, Петр ҳәм Яқып), адамлардың кишкене топары ҳәм бес жүз адамнан көбирек болған аламан көрди. Ийса Ерусалимның қасындағы қәбирге жақын жердеги бағда, үйде, Еммаусқа баратырған жолда, Галила теңизиниң жағасында, Галиладағы таўда ҳәм Зәйтүн таўында көринди.

Адамлардың ҳәм орынлардың ҳәр түрли болғаны сыяқлы, жағдай да ҳәр түрли болғанын көремиз. Магдалалы Мәриям жылаған, ҳаяллар қорққан ҳәм таң қалысқан еди. Петр өкинишке, ал Томас гүманға толы еди.

Еммаусқа баратырған еки адам өткен ҳәптеде болған ўақыялар менен, ал Галилада болған шәкиртлер балық аўлаў менен бәнт еди. Деген менен, олардың екилениўлери менен қорқынышына, исенбеўшилиги менен бәнт болыўына қарамастан, өлимнен қайта тирилген Ийемиз оларға Өзин мәлим етти.

Қудай Ийениң бул аянларын ақылынан адасқан адамның елеси деп түсинбеў керек. Бирақ, егер олар ойлап табылған нәрсе де, елес те болмаған болса, онда олардың ҳақыйқаттан болғаны рас деген пикир қалады. Адамлар өлимнен қайта тирилген Ийемизди көрген еди.

## Шәкиртлер өзгерди

Бәлким, Ийсаның шәкиртлериндеги өзгерис оның қайта тирилгени ҳаққында ең әҳмийетли гүўалық болыўы мүмкин. Өйткени, олар пүткиллей тәбийий еди. Олар бизлерди өзлерине нәзер таслаўға, бос қәбирге ҳәм онда жатқан кепинликке, өзлери көрген Ийемизге қараўға шақырмайды. Бизлер олсыз-ақ олардағы өзгерислерди көремиз. Хош Хабарларда аты аталған адамлардың «Елшилердиң ислери» китабында пүткиллей өзгерип, жаңа адам болғанын көремиз. Өз Басшысының өлими оларды езген, олар үмитин жойтқан ҳәм түңилген еди. Бирақ, олар «Елшилердиң ислери» китабында Ийемиз Ийса Масихтың аты ушын өмирлерин қәўип астына қоятуғын ҳәм дүньяны астан-кестен қылатуғын адамларға айланады.

Оларды өзгериўге не мәжбүр етти? Олардың жаңа исеними, күши, қуўанышы ҳәм сүйиспеншилигиниң

тийкарында не бар еди? Елиўинши күн ҳәм Мухаддес Руўхтың келиўи болса керек. Деген менен, Мухаддес Руўх Ийса өлимнен қайта тирилип, аспанға кеткеннен кейин ғана келди-ғо. Демек, өлимнен қайта тирилиў ғана оларда әдеп-икрамлылық ҳәм руўхый күшлерди пайда еткен. Бул жерде еки мысалды атап өтсек болады. Бириншиси, бул — Симон Петр. Ийса өлимге ҳүким етилип, атанақ ағашқа шегеленгенде, Петр қайғы ҳәм албыраўды бастан кеширди. Ол Масихтан үш рет танды. Ол өмиринде Ийсаның ҳеш қандай тәсири болмағандай, ғарғанып, ант ишти. Ол түн ишинде өкирип жылады. Ийсаның өлиминен соң, ол «яҳудийлерден қорққанлығы себепли», руўхы пүткиллей түскин ҳалда қапылары илик болған үйдеги басқа шәкиртлерге қосылды.

Бирақ, бизлер даўам етип оқысақ, бәлким Ерусалимдеги сол үйдиң текшесинде турып, ол үлкен аламанға батыллық пенен, күшли түрде ўаз айтқанын, ҳәтте, үш мың адам Масихқа исенип, суўға шомылдырыў рәсиминен өткенин көремиз. «Елшилердиң ислери» китабын даўам етип оқыйтуғын болсақ, Петрдиң Ийсаны өлимге ҳүким еткен Жоқарғы кеңеске қарсы сөйлегенин, Ийса ушын хорланғанда қуўанғанын, кейин ала өзи де өлимин күтип, қамақта жатқанын көремиз.

Симон Петр жаңа адам болды. Ол өз атына сай болып, ҳақыйқый жартасқа айланды. Оны не өзгертти?

Екинши мысал ретинде Яқып ҳаққында айтатуғын болсақ, ол Ерусалимдеги исениўшилер жәмәәтинде басшы болды. Ол «Ийсаның инилериниң» бири еди ҳәм барлық Хош Хабарларда айтылғанындай: «Оған, ҳәтте, инилери де исенбейтуғын еди», — делинген. Бирақ, бизлер

«Елшилердиң ислери» китабының биринши бабын оқысақ, Лука үйде жыйналған шәкиртлерди атап өтип, дизимди мынадай сөзлер менен «Оның туўысқанлары менен бирликте» деп жуўмақлайды. Енди Яқып сөзсиз исениўши адам болды. Оны не өзгертти? Павел Коринфлилерге жазған 1-хатындағы 15:7 Ийсаның кимлерге көрингенин атап өтип, кейин «Яқыпқа да көрингенин» айтады.

Петрдиң қорқынышын батыллыққа, Яқыптың гүманын исенимге айландырған өлимнен қайта тирилиў болды. Ийсаның қайта тирилгени себепли шемби күнге дем алыс екшемби күнине, ал иудаизмниң қалдығы масихый жәмәәтке айланды. Усы қайта тирилиў парисей Саулды елши Павелге айландырды. Ол бурын өзи қуўдалап, жоқ қылмақшы болған динин жәриялап, ўаз айтты. «Ҳәммеден кейин маған да көринди», — деп жазады Павел. Өлимнен қайта тирилиў ҳаққында гүўалықлар усылардан ибарат. Дене ғайып болды. Кепинликке ҳеш ким қол тийгизген емес. Ийемизди адамлар көрди. Шәкиртлер өзгерди. Булардың ҳәммесин: «Ийемиз ҳақыйқаттан қайта тирилди!» — деген тастыйықлаў менен түсиндириўге болады.

Бул үш бөлимде бизлер тарийхтағы ең әжайып тулға болған Насыралы әпиўайы ағаш устасын сыншыллық пенен үйрендик. Ол жарлы болды, ўаз айтты ҳәм жынаятшы алыўы керек болған өлим жазасын алды.

Ийсаның сөзлери таң қалдыратуғын еди

Бизлер Ийсаны руўхый минсиз деп қабыл етемиз.

Ол өлимнен қайта тирилди.

Гүўалықлардың барлығы жуўмақ шығарыў ушын жеткиликли.

Усы жуўмаққа келип болып, ақыллылық пенен исенимли қәдем таслап, Оның алдында дизе бүгемиз ҳәм гүманшыл Томас сыяқлы: «Ийем мениң, Қудайым мениң!» — деймиз.

# II

# АДАМНЫҢ МҮТӘЖЛИГИ

5

# ГҮНАНЫҢ РАСЛЫҒЫ ҲӘМ КЕЛИП ШЫҒЫЎЫ

Бизлер Насыралы Ийсаның айрықша Қудайлық тәбияты ҳаққында гүўалықларды үйрениўге көп ўақыт ажыратқан едик. Бул арқалы Ийсаның Ийемиз ҳәм Қудайдың Улы екенине көзимиз жетти. Жаңа Келисим тек Оның ким екенин айтып өтпей, Оның не ушын келгенин де сөз етеди. Ийса тек Ийе сыпатында емес, ал гүнакарлардың Қутқарыўшысы сыпатында да мәлим болды. Негизинде, бул еки нәрсе ажыралмас болып, Ийсаның ислериниң тәсири Оның Қудайлығына байланыслы. Ийсаның ислерин баҳалаўымыз ушын, тек Оның ким екенин билип қоймастан, өзлеримиздиң де ким екенимизди билиўимиз керек. Бул — бизлер ушын исленген ис болып, ол адамлардың мүтәжликлерин қандыра алатуғын тек жалғыз Адам тәрепинен иске асырылды. Бул ис Оның Қудайлығы себепли орынланды. Бизлер гүналарымыз себепли мүтәжбиз. Бизлер Оның қәбилетлерине исендик. Ал ҳәзир мүтәжликлеримизди ашық айтыўымыз керек.

Масихтың гүнасыз ҳәм даңққа ийе екенин, ал өзлеримизде гүна ҳәм шерменделик бар екенин түсинсек

ғана, өзлеримиздиң ким екенимизди ақырына дейин түсинип жете аламыз. Оның бизлер ушын не ислегенин ҳәм бизлерге не бермекши екенин биле аламыз. Өзлеримизде қандай аўырыў барлығын билсек ғана, бизлер буйырылған дәрилерди қабыл етиўге қайылшылық беремиз.

Гүна онша жағымлы емес тема болып, адамлар масихыйларды усы теманы бәрқулла мыжый береди деп, әшкаралайды. Бирақ, масихыйлар бул исти ҳақыйқатшыл болғанлығы себепли ислейди. Гүна — бул исениўшилер жәмәәтиндеги жетекшилер жумыссыз қалмаў ушын ойлап тапқан нәрсе емес, ал адамзат тәжирийбесинде ҳақыйқаттан бар болған зат.

Соңғы жүз жыллардың тарийхы жаўызлық тек адамлар жәмийетинде емес, ал адамның өзинде жайласып алғанын көп адамларға дәлийллеп берди. XIX әсирде либераллық оптимизм гүлленген еди. Сол ўақытлары адам тәбиятының негизинде жақсылық болады, ал жаўызлық наданлық ҳәм турмыс жағдайдың жаман болғанлығы себепли пайда болады, адамларға билим ҳәм социаллық жағдай биргеликте бахытлы ҳәм еркин жасаўға мүмкиншилик жаратып береди, деген пикир кең тарқалған еди. Деген менен, бул қыялый пикирлерди тарийхтың қатал ҳақыйқаты сындырып жиберди. Шет еллерде билим алыў мүмкиншилиги тезлик пенен тарқалып, көплеген қәўендер жәмийетлер дүзилди. Солай болса да, еки урыста да болған ҳайўаншылықлар, соңынан болған халықаралық алаўызлықлар, сиясий езиўшилик, расалық хорлық, зорлық пенен жынаятшылықтың көбейиўи көп адамларды ойландырды ҳәм олар ҳәр бир

адамда өз-өзин сүйиўдиң беккем тамыры бар екенин мойынлады.

Бизлер раўажланған жәмийетте өз-өзинен болыў керек деп есаплаған нәрселердиң көбиси адамларда гүна жасайды, деген пикирге тийкарланған. Нызамлардың дерлик ҳәммеси адамларға исениўге болмайды, себеби оларды өз тартысларын әдиллик пенен, өз мәпин гөзлемей шешеди деў қыйын, деген пикир бойынша пайда болды. Ўәде бериў жеткиликли емес, бизлерге келисим керек. Қапы жеткиликли емес, оларды гилт пенен қулпырып, илгиш пенен илдириў тийис. Жол ғәрежетин тек төлеп қойыў жеткиликли емес, ал билетлерди басып шығарыў, тексериў ҳәм жыйнаў керек болады. Нызам ҳәм тәртип жеткиликли емес, ал олардың орынланыўы ушын полиция керек болады. Булардың ҳәммеси адамның гүнасы себепли усылай болды. Бизлер бир-биримизге исене алмаймыз. Бизлер өзлеримизди бир-биримизден қорғаўымыз керек. Бул — адам тәбиятын айыплаўшы қорқынышлы сөзлер.

## Гүнаның улыўмалығы

Мухаддес Китап авторларының пикири бойынша, адамзаттың гүнасы улыўма болып есапланады. Сулайман Ибадатхананы Қудайға бағышлаған ўақытта дуўа етип: «Гүна ислемейтуғын адам жоқ», — деген еди. Ал Ўазшы китабының авторы: «Жер жүзинде жақсылық ислейтуғын, бирақ гүна ислемейтуғын ҳақ адам жоқ», — дейди. Забур китабындағы көп жырлар адамзаттың гүнасы улыўма екенлигин қайғырып айтады. 13-жырда Қудайсыз ҳәм ақылсыз адам былай сүўретленеди:

«Олар бузылды, жеркенишли ислер иследи,
Жақсылық ислеўши ҳеш ким жоқ.
Жаратқан Ийе аспаннан адамларға қарады.
Олар арасында ақыллы, Құдайды излеўши бар ма деп,
Ҳәмме жолдан адасқан, барлығы жарамсыз болған.
Жақсылық ислеўши ҳеш ким жоқ,
Бирде-биреўи жоқ.

Жыршылардың ҳүжданы оларға билдирип, егер Құдай турып, адамды ҳүким етсе, бирде-бир адам жазадан қашып қутыла алмайтуғынын айтады. «Егер Сен Жаратқан Ийе, Нызамсыз ислерди қөретуғын болсаң, ким Сениң алдыңда тура алады?» (129-жыр, 3-аят). Сол себепли: «Сонлықтан қулыңды қатал жазалама, өйткени Сениң алдыңда бирде-бир ҳақ адам жоқ», — деп дуўа етеди.

Пайғамбарлар да жыршылар сыяқлы, ҳәмме адамлардың гүнакар екенлигин беккем тастыйықлайды ҳәм Ийшая пайғамбардың китабының екинши бөлиминдеги еки тастыйықлаў ең анық тастыйықлаўлар болып табылады: «Ҳәммемиз адасқан қойлар сыяқлы өз жолларымыз бенен жүрдик» (53:6) ҳәм «Ҳәммемиз напәк болып қалдық, пүткил ҳақлығымыз да патас кийим сыяқлы болды» (64:6).

Бундай сөзлер тек Ески Келисимде жазылмаған. Павел «Римлилерге жазған хат» ын усындай сөзлер менен баслап, ҳәмме адамлар: еврейлер де, басқа миллет адамлары да Құдай алдында гүнакар екенлигин биринши үш бабында сөз етеди. Павел басқа миллет адамларының әдеп-икрамлылығы төмен дәрежеде екенлигин, бирақ еврейлер де олардан жақсырақ емеслигин айтады. Еврейлер Құдайдың Мухаддес Нызамына ийе болса да, оны

басқаларға үйретсе де, өзлери оны бузатуғынын билдиреди. Кейин Павел Забур жырларын келтирип өтеди ҳәм Ийшаяның китабынан сөзлер айтып, усы теманы кеңирек ашады ҳәм: «Себеби адамлар арасында ҳеш қандай айырмашылық жоқ. Өйткени ҳәмме гүна ислеген ҳәм Қудайдың салтанатынан айырылған», — деп жуўмақ шығарады. Юхан да усы пикирди даўам еттирип: «Гүнамыз жоқ десек, өз-өзимизди алдаған боламыз, егер гүна ислемедик десек, Қудайды өтирикши қылып қоямыз», — дейди (Римлилилерге хат 3:22-23; Юхан 1-х 1:8,10).

Бирақ, гүнаның өзи не? Ол ҳәммеде де бар, бирақ ол қаяқтан келип шыққан? Мухаддес Китап буны бир неше сөз бенен сүўретлейди. Бул сөзлерди еки топарға бөлип, надурыс минез-қулықты қарап шығыўға болады. Бир сөз арқалы гүнаға алжасыў, үлкен қәте деп қараўға, ал басқа сөз арқалы нышанаға туўры барып тиймеген оқ деп қараўға болады. Ал, үшинши сөз арқалы оны жақсылыққа ҳәм ылайықлы нәрсеге туўры келмейтуғын жаўызлық қылып көрсетиўге болады.

Басқа бир көз-қарас бойынша, гүна — бул айып ис. Оны шегарадан нызамсыз түрде өтиўдей бир ис деп түсиндириўге болады. Және де, гүнаны нызамсызлық, әдилликти бузып, исленген айыплы ис деп түсиндириўге болады.

Бундай пикир жүргизиўшилер әдеп-икрамлық өлшемлери барлығын түсинеди. Бизлер қандай да бир идеалға жете алмаймыз ямаса нызамды бузамыз. «Ким де ким жақсылық ислеўди билсе де, оны ислемесе, гүна қылған болады (Яқыптың хаты 4:17). Бул болымсыз жағдай. «Гүна ислеген адам нызамсызлық ислеген болады.

Себеби гүнаның өзи — нызамсызлық», — дейди Юхан. Бул болымлы жағдай.

Мухаддес Китап адамларда әдеп-икрамлылық бойынша ҳәр түрли өлшемлер бар екенин айтады. Яҳудийлерде Муўсаның Нызамы, ал басқа миллет адамларында ҳүждан нызамы бар. Бирақ, адамлардың ҳәммеси нызамды бузды ҳәм өзлери дурыс деп есаплайтуғын өлшемлерге туўры келмейди. Әдеп — икрамлылық кодекси дегенимиз не? Ол Муўсаның ямаса Ийсаның нызамы болыўы мүмкин. Ол ылайықлы ҳәм ҳәмме тәрепинен қабыл етилген ямаса жәмийет талап еткен нәрселер болыўы итимал. Ол буддистлердиң адамгершиликке алып барады деп есаплайтуғын сегиз текшеден турыўшы жолы ямаса мусылманлардың бес парызы болыўы мүмкин. Бирақ, бизлер не қылсақ та, нызамды бәрқулла орынлап жасай алмаймыз. Бизлер өз-өзимизди ҳүким қыламыз.

Айырым жақсы адамлар ушын бул ерси көриниўи мүмкин. Олардың өз идеаллары болып, сол идеалларға өзлерин туўры келетуғындай санаўы мүмкин. Олар өзлерин тереңирек изертлеп көриў менен шуғылланбайды, өзлерин ҳәдден тыс әшкараламайды. Гейпара ўақытлары өзлериниң қәтелесетуғынын, минез-қулқында надурыс нәрселердиң бар екенин биледи. Бизлер еки нәрсени еске алмағанша, булардың бәри түсиникли болады. Биринширден, бизлердиң өлшемлеримиз қәншелли жоқары болса, жеңилгенимизди сезиниўимиз де күшлирек болады. Ҳәрекет етпей турып, жоқары секире аламан деп ойлаў аңсат. Екиншиден, Қудай ушын ҳәр бир истиң қандай нийет ҳәм қандай мақсетте исленгени әҳмийетли. Ийса бул туўралы Өзиниң таўдағы ўазында айтқан еди.

Булар бойынша, Шығыў китабындағы 20-бапта айтылған он буйрықты алып, оған өзлеримиздиң өлшемимиз сыпатында қарап, ҳәр биримиз оларға туўры келемиз бе я жоқ па, соны көрип шығайық.

## 10 буйрық

*1. Мениң алдымда сениң Меннен басқа Қудайың болмасын.*

Бул — Қудайдың адамға Өзине қалай сыйыныў бойынша қойған талабы. Бул нызамды қуяш, ай ҳәм жулдызларға табыныўымыз арқалы ғана бузбаймыз. Егер бизлер Қудайдан басқа нәрселерди ойларымызда биринши орынға қойып, оларды жақсы көрсек те, сол нызамды бузған боламыз. Бул қумарлы спорттың бир түри, қызықтырыўшы хоббилер ямаса менменликке бойсынған мақсет. Және де, бул өзлеримиз Қудайға теңгеретуғын бир адам болыўы да мүмкин. Бәлким, бизлер алтын ҳәм гүмиске, исенимли жыйналған ақша ҳәм банктеги есап бетимизге ямаса мал-мүлкимизге ағаш ҳәм тас бутларға сыйынғандай сыйынатуғын шығармыз. Бул нәрселердиң ҳеш бири өзлигинен жаман емес. Егер бизлер Қудайды емес, ал сол нәрселерди өз өмирмизде биринши орынға қойсақ, олар жаман нәрселерге айланады. Гүнаның түп-негизи — бул адамның Қудайдың орнына өзин жоқары қойыўы. Бир ўақытлары бир инглис адамы ҳаққында жазылған мына сөзлер жүдә дурыс келеди: «Ҳәмме нәрсеге өзи ерисип, өзин жаратыўшы деп табынған».

Бизлер ушын биринши буйрықты орынлаў — бул Ийсаның бизлерге айтқанындай, Ийемиз болған Қу-

дайымызды пүткил жүрегимиз, пүткил жанымыз, пүткил ақыл-ойымыз бенен сүйип, Оның еркин жол көрсетиўши жулдыз, ал салтанатын мақсетимиз деп билиўден ибарат. Оны ойларымызда, сөзлеримизде, ислеримизде, дем алған ўақтымызда, дослығымызда ҳәм жумысымызда, ақша сарплағанымызда, жумыс ислегенде ҳәм үйде болғанымызда биринши орынға қойыўымыз тийис. Насыралы Ийсадан басқа ҳеш ким бул буйрықты орынлаған емес.

*2. Өзиңе бут жасама*

Биринши буйрық бизлер сыйынатуғын объект ҳаққында айтқан болса, екинши буйрық сыйыныўдың өзи қандай болыў кереклигин айтады. Қудай биринши буйрықта толық сыйыныў кереклигин айтса, екинши буйрықта ҳақыйқатлық ҳәм руўх пенен сыйыныўды талап етеди. «Қудай — Руўх, Оған сыйынатуғынлар да руўхта ҳәм ҳақыйқатлықта сыйыныўы тийис» (Юхан 4:24).

Бизлер ис-ҳәрекетимиз бенен бутларға сыйынбаўымыз мүмкин, бирақ сана-сезимимизде нелер бар? Ис-ҳәрекетлерди келтирип шығаратуғын кеўлимиздеги ой-нийетлер-ғо. Бизлер исениўшилер жәмәәтине қатнаўымыз мүмкин, бирақ Қудайды ҳақыйқаттан алғыслаймыз ба? Бизлер дуўа етиўимиз мүмкин, бирақ оны жүректен шығарып айтамыз ба? Мухаддес Китапты оқыўымыз мүмкин, бирақ ол арқалы Қудайдың өзлеримизге сөйлеўине жол ашып берип, Оның сөзлери бойынша жасаймыз ба?

Егер жүрегимиз бенен Қудайдан алыс болсақ, Оған қуры тилимиз бенен сыйынғанымыздың пайдасы жоқ

(Ийшая 29:13; Марк 7:6). Бул — пүткиллей мәниссиз нәрсе.

*3. Қудай Ийеңниң атын босқа тилге алма*

Қудайдың аты Оның Өзин аңлатады. Мухаддес Китапта Оның атын ҳүрмет етиўимиз кереклиги, ал Ийемиз үйреткен дуўаны айтқанымызда: «Сениң атың Мухаддес бола берсин», — деўимиз кереклиги ҳаққында тез-тез айтылады. Қудайдың мухаддес аты ойланбай сөйлеген адамның тили менен ипласланыўы мүмкин. Бизлердиң көбимиз сөзлеримизге итибар бериўимиз керек. Буны ара-тура ислеўдиң өзи жеткиликсиз. Қудайдың атын тек сөз бенен емес, ал ойымыз ҳәм исимиз бенен босқа тилге алыўымыз мүмкин. Бизлердиң ис-ҳәрекетлеримиз исенимимизге туўры келмесе, оған қайшы болса, онда бизлер Қудайды босқа тилге алған боламыз. Қудайды «Ийемиз», «Әкемиз» деп атап, тынышсызлана бериў, екилениў де оның атынан ўаз кешиўди билдиреди. Қудайдың атын босқа тилге алыў — бул адамның сөзи менен иси туўры келмеўи. Буның өзи екижүзлилик болып есапланады.

*4. Дем алыс күнин есте сақлап, оны мухаддес тут*

Яҳудийлердиң дем алыс күни, яғный шемби күни ҳәм масихыйлардың дем алыс күни, яғный екшемби күни Қудай тәрепинен тастыйықланған. Жети күнниң биреўин айрықша қылып қойыў — бул адамлардың қәлеўи ямаса жәмийеттиң талабы емес. Бул — Қудайдың жобасы. Дем алыс күнин Қудай адамлар ушын жаратқанын Ийса айтқан еди (Марк 2:27). Қудай адамды жаратты ҳәм ол ушын, оның мүтәжликлери ушын дем алыс күнин де

жаратты. Адамның денесине ҳәм басына дем алыў, ал оның руўхына сыйыныў мүмкиншилиги керек. Солай етип, дем алыс күни — бул дем алыў ҳәм сыйыныў күни.

Бизлер дем алыс күни тек өз мәпимиз ушын ис тутпаўымыз тийис. Усы күни басқаларды қурыдан-қуры мийнет етиўге мәжбүр қылмаўымыз ушын, бизлер ҳәммениң мәпи ушын барлығын ислеўимиз керек. Демек, екшемби күни — Қудай ушын ажыратылған мухаддес күн. Бул күн бизлерге емес, ал Қудайға тийисли күн. Сонлықтан оны Қудайдың қәлеўи бойынша, яғный тек өз ҳәзлигимизди ойлап емес, ал Оған сыйынып ҳәм хызмет етип өткизиўимиз керек.

*5. Ата-анаңды ҳүрметле*

Бул Қудайдың Нызамының биринши бөлимине тийисли болған бесинши буйрық болып, ол бизлердиң Қудай алдындағы ўазыйпамыз ҳаққында айтады. Балалық ўақтымызда, ата-анамыз бизлер ушын Қудайдың бийлигине ийе. Бирақ, сондай болса да, жаслар үйде өзлерин жоқары тутып, итибарсызлық қылады. Қәдирин билмей, менменлик көрсетиў ҳәм ата-ананы шәртли түрде ҳүрметлемеў ҳәм жақсы көрмеў аңсат ис.

Ата-анамызға тез-тез хат жазып, оларды барып көремиз бе? Мүмкин, оларға ақшалай жәрдем бериў керек шығар? Буны ислеў қолымыздан келсе де, ислеўден бас тартып атырған шығармыз.

*6. Адам өлтирме*

Бул тек адам өлтириўди қадаған қылыў дегенди аңлатпайды. Егер адам көзи менен өлтире алғанда, көп

адамды өлтирген болар еди. Ҳәтте, сүйектен өтетуғын сөзлер менен өлтириўге болады. Биреўге себепсиз ашыўланыў ҳәм адамлардың кеўлине тийиў де гүна екенин Ийса айтқан еди. Юхан да: «Туўысқанын жек көрген адам — адам өлтириўши», — деген еди (Юхан 1-х 3:15). Адам өзин басқара алмай, қызбалыққа берилсе, күшли қәҳәрленип, қатты қапа болса ҳәм өш алыўды қәлесе — булар да адам өлтириўге жатады. Адамды табалап, ол туўралы өсек айтыў арқалы оны өлтириўге болады. Және де, немқурайдылық пенен қараў, жаўызлық ислеў, жәбир бериў ҳәм қызғаныш пенен де өлтириўге болады. Мүмкин, бизлер де усындай ис-ҳәрекетлерди ислеген шығармыз.

*7. Неке ҳадаллығын бузба*

Бул буйрық тек некеге байланыслы болмай, ол еле де кеңирек қолланылады. Ол өз ишине некеде турмай жынысый қатнас жасаў, қас қағып, көз ойнатыў, өзи менен өзи жынысый ис-ҳәрекет ислеўди де қамтыйды. Және де, буған жынысый ҳарамылық, некедеги өзимшиллик, ажырасыў, порнографиялық әдебиятларды оқыў ҳәм напәк қыялларға берилиў де жатады. Ийса булардың ҳәммесин: «Ким де ким бир ҳаялға бузық нийет пенен қараса, ол әлле- қашшан-ақ кеўлинде оның менен неке ҳадаллығын бузған болады», — деген сөзлер менен түсиндирген еди.

Солай етип, биреў адам өлтирмесе де, кеўлинде солай ислеў нийети болса, ол адам өлтирген болып есапланғанындай, кеўлинде бузық нийети болған адам да неке ҳадаллығын бузған болады. Бул буйрықты бузыў

Қудайдың мухаддес ҳәм әжайып сыйын хорлаў менен бирдей.

*8. Урлық ислеме*

Урлық ислеў — бул бир адамға тийисли болған ямаса ол ийелик ететуғын бир нәрсени урлаўдан ибарат болып табылады. Тек ақша ямаса мал-мүлк урлаў арқалы ғана бул буйрық бузылмайды. Ал, салық төлеўден мойын таўлаўдың өзи де урлық болып есапланады. Урлыққа бажыхана тексериўинде алдаў, толық күш сарплап жумыс ислемеў де жатады. Бул дүнья шеберлик пенен алдаў деп атаған исти Қудай урлық деп атайды. Адамларды көбирек жумыс ислеўге мәжбүрлеп, оларға қосымша ис ҳақы төлемеў де бул буйрықты бузған болып есапланады. Мүмкин, арамыздағы тек айырымлар ғана бәрқулла майда — шүйдесине дейин өзиниң жеке ислеринде ҳәм саўдада ҳадал болған шығар.

Бир нәрселерди қадаған етиўши бул буйрықлардың болымлы тәреплери де бар. Адам өлтириўден аўлақ болыў ушын, ден саўлықты сақлап, басқаларға ғамхор болыўға барынша күш сарплаў керек. Неке ҳадаллығын бузыўдан адам тек өзин тыйыўы жеткиликли емес. Ал, ер адам менен ҳаял адам арасында өз-ара дурыс ҳәм саў қарым-қатнас болып, бир-бирин ҳүрмет етиўи керек. Солай етип, урлық ислеўден аўлақ болыў қандай да бир айрықша қәсийетке ийе болыў дегенди аңлатпайды. Адам сықмар ҳәм жаўыз болыўы да мүмкин. Павел ушын урлықшының тек урлықты қойыўы жеткиликсиз еди: урлықшы мийнет ислеўди баслаўы керек еди. Ҳәтте, ол мүтәж болған адамларға жәрдем бериў мүмкиншилигине ийе болыў ушын ҳадал мийнет етиўи зәрүр.

*9. Жанындағы адам туўралы жалған гүўалық берме*

Соңғы бес буйрықта басқа адамлардың ҳақ-ҳуқықларын ҳүрмет етиў, яғный оларды ҳақыйқаттан жақсы көриў деген түсиникти өз ишине алады. Бул буйрықларды бузыў басқа биреўге тийисли болған ең қәдирли нәрселерди урлаў болып табылады. Мысалы: адамның өмирин («адам өлтирме»), оның хожалығын ҳәм намысын («неке ҳадаллығын бузба»), мал-мүлкин («урлық ислеме»), атақ-абройын (жанындағы адам ҳаққында жалған гүўалық берме»).

Жалған гүўалық бериў тек суд исине байланыслы емес. Ол өз ишине жалған гүўалық бериў, урыс, жала жабыў, өтирик-өсек сөзлер, барлық жалған нәрселер ҳәм ҳақыйқатлықта биле тура бөрттириў ямаса бурмалаў сыяқлы нәрселерди де алады. Бизлер надурыс өсеклерге қулақ асып, сол өсекти өзлеримиз де тарқатып, жалған гүўалық бериўимиз, басқаларды ҳәзил қылып, қәте пикир туўғызыўымыз, натуўры көз-қарасларды дүзетиўдиң орнына үндемей қалыўымыз да мүмкин.

*10. Басқаның нәрселерин күсеме*

Бул буйрық басқа буйрықларға қарағанда, көп нәрселерди кеңирек ашып береди. Ол ишимиздеги әдеп-икрамлық кодексин әдеп-икрамлық өлшемине айландырады. Пуқаралық нызам бизлерди тек урлық ислегенимиз ушын жазалай алады. Ол бизлерди ишимизде урлық ислеўге деген қәлеў болғаны ушын жазалай алмайды. Күншиллик адамның ишинде, оның жүреги менен

сана-сезиминде жайласқан болады. Бузық нийет неке ҳадаллығын бузыўға, ғәзеп адам өлтириўге, ал күншиллик урлыққа жатады.

Бул буйрықта күсеў қадаған етилген нәрселер бизиң заманымызда да ушырасады. Үйи жоқ адамлар қоңсысының үйине ийелик еткиси келеди ҳәм егер еркеклер өз қоңсысының ҳаялын күсемегенде, айырылысыўлар да аз болар еди. «Нәпсиқаўлық — бул бутқа табыныўшылық. Өзинде барға қанаат етип, Қудайдың жолы менен жүриў — үлкен жетискенлик», — деп жазған еди Павел (Колоса. 3:5; Тимофей 1-х 6:6).

Жоқарыда айтылған буйрықлар арқалы қәншелли жеркенишли гүналар бар екенин көрдик. Олар бизлердиң ишимизде, сана-сезимимиздиң жасырын мүйешлеринде жайласқан. Буны басқалар көрмейди, ҳәтте, бизлер оны өз-өзимизден де жасырамыз. Бирақ, Қудай ҳәммесин көреди. Оның нәзери бизлердиң ишки дүньямыздың терең жерлерине дейин кирип барады: «Жаратылған ҳеш бир нәрсе Қудай алдында жасырын емес. Оның көз алдында ҳәр бир нәрсе ашық ҳәм аян. Бизлер усы Қудайға есап беремиз» (Еврейлерге хат 4:13). Қудай бизлерди қандай болсақ, сондай қылып көреди. Нызамның мақсети гүнаны ашып көрсетиў, себеби ол арқалы адам өзиниң гүнакар екенин билип алады (Римлилерге 3:20).

XIX әсирдиң белгили ўазшысы К. Х. Сперджен 14 жаста болғанда, өзиниң гүнакар екенин терең сезинген еди. Сонда ол еки нәрсени: Қудайдың уллылығын ҳәм өзиниң гүнакар екенлигин түсинип жетти. Сонда ол өзин қатты ылайықсыз сезди.

Мен өзим ҳаққында айтатуғын болсам, мениң өмиримди көзден өткизген адам ҳеш қандай жүдә қорқынышлы гүналарды таппаған болар еди, деп екиленбей айта аламан. Деген менен, мен өзиме өзим нәзер салғанымда, өзимде Қудайға қарсы қорқынышлы гүна көрдим. Мен басқа балалар сыяқлы өтирик алдамайтуғын, ҳийлекерлик қылмайтуғын ҳәм жаман сөзлерди сөйлемейтуғын едим. Бирақ, мен Қудайдың сөзлери жазылған Муўсаның он буйрығын оқығанымда, олардың ҳәммеси биригип, ең муқаддес Қудай алдында мени айыплағандай болды.

Қудайдың уллы ҳәм ҳақ Нызамынан басқа ҳеш нәрсе бизлерди гүнакар екенлигимизге исендире алмайды.

# 6
# ГҮНАНЫҢ НӘТИЙЖЕСИ

Бизлер адамзаттың гүнасының улыўма екенлиги ҳәм оның келип шығыўы ҳаққында айырым нәрселерди билип алдық. Бул жағымсыз теманы қойып, Масихтың қутқаратуғыны туўралы Хош Хабарды айтып өтиўди қәлесек те, бизлер буған еле таяр емеспиз. Қудайдың бизлер ушын не ислегенин ҳәм оның Масих арқалы бизлерге не бермекши екенин баҳалаўымыз ушын, гүнаның нәтийжесин түсинип алыўымыз керек болады.

Гүна сондай-ақ жүдә қорқынышлы нәрсе ме? Буны гүнаның Қудайға деген тәсири, бизлерге ҳәм басқа адамларға көрсететуғын тәсири арқалы анығырақ көре аламыз.

## Қудайдан алыслаў

Егер бизлер буны ҳәзир түсинип жетпесек те, гүнаның ең қорқынышлы тәсири — бизлерди Қудайдан айырыўдан ибарат. Адамның уллы ўазыйпасы — бул Қудайды билиў ҳәм оның менен қарым-қатнас жасаў. Адамзаттың мақтанышлы түрде айта алатуғын нәрсеси — бул бизлер Қудайға уқсатып жаратылғанбыз, демек бизлер Оны биле

аламыз. Бизлер биле алатуғын ҳәм билиўимиз шәрт болған Қудай — ҳақ ҳәм минсизликте шексиз. Мухаддес жазыўлар буны ҳәр тәреплеме тастыйықлайды.

«Өйткени Уллы ҳәм ең Мәртебели, мәңги жасаўшы, аты Мухаддес болған былай дейди»: Мен аспанның жоқарысында ҳәм мухаддесханада жасайман».

*Ийшая 57:15*

«Патшалар Патшасы, ҳүкимдарлар ҳүкимдары. Ол ҳеш ким жақынлай алмайтуғын нурда жасайды.

*Тимофейге 1-х 6:15-16*

«Қудай — нур, Онда ҳеш қандай қараңғылық жоқ. Егер Оның менен қарым-қатнастамыз деп, қараңғылықта жүрген болсақ, жалған сөйлеп, ҳақыйқат бойынша жасамаған боламыз».

*Юх 1-х 1:5-6*

«Себеби бизлердиң Қудайымыз — жандырып жоқ қылатуғын от».

*Еврейлерге хат 12:29; Мухаддес Нызамды қайталаў 4:24*

«Жаўыз ислерге қараў Сениң пәк нәзериңе тән емес, жәбир берилгенде, Сен қарай алмайсаң».

*Хаббакук 1:13*

Мухаддес Китапта сөз етилген Қудайдың адамлары, яғный Қудайдың салтанатын бир сәтке болса да көрген адамлар уялғанынан бир қысым болып, өз гүналарын терең сезинген еди. Қудай Муўсаға жанып турған путада көрингенде, ол Қудайға қараўға қорқып, бетин жапқан еди (Шығыў 3:1-6). Ал, Аюпқа Қудай даўыл ишинен сөйлеп, Өзиниң ең жоқары уллылығы ҳаққында айтқанда, Аюп: «Мен Сен туўралы қулағым менен еситкен едим, ал

енди көзлерим Сени көрди. Сонлықтан, мен ўаз кешип, өкиниш пенен тәўбе етемен», — деген еди бақырып (Аюп 42:5-6). Ийшая Қудайды бийик ҳәм уллы тахтта отырған Израил патшасы сыпатында аянда көрген еди. Оның әтирапында Оны алғыслап, мухаддеслигин ҳәм даңқын жырлаған периштелер бар еди. Сонда Ийшая: «Ҳа-ай, сорлы басым! Мен енди өлдим! Өйткени мен напәк аўызлы адам болып, напәк аўызлы халық арасында жасасам да, өз көзим менен Патшаны, Қудай Ийени көрдим», — деди (Ийшая 6:1-6). Ал, Езекиил таң қаларлық аян көрди. Аянында қанатлы тири мақлуқлар кетип баратырған дегершикте отырған еди, олардың үстинде тахт, тахта әтирапында жарқырап турған от ҳәм айқулақ бар адамға уқсаған биреў отырған еди. Езекиил: «Ийемиздиң салтанатына уқсаған көринис болды, буны көрип, мен ет бетимнен жығылдым», — деп жазады (Езекиил 1:28-2:1).

Масихыйларға ғәзеби қайнап, Дамаск қаласына кетип баратырған тарсуслы Саул жерге жығылып, аспаннан жарқыраған нур себепли көзлери көрмей қалған еди. Сол нур күндизги қуяштан да жақты еди. Павел өлимнен қайта тирилген Масихты көргенин айтып: «Ҳәммеден соң маған да көринди», — деп жазады (Елш 9:1-9; 1 Кор 15:8).

Қартайған Юхан да Патмос атаўында сүргинде болғанда, өлимнен қайта тирилген ҳәм салтанатқа ерискен Ийсаны көрди, Оның көзлери оттың жалынындай, жүзи күшли жарқырап турған қуяштай еди. «Мен Оны көриўден-ақ, өли сыяқлы аяқларына жығылдым», — деп жазады Юхан (Аян 1:9-17).

Қудайдың еле айтылмаған уллылығын жаўып турған перде бир сәтке болса да, ашылғанда, бизлер де оған

қарап тура алмаған болар едик. Ҳәзир бизлер Қудиретли Қудайдың салтанатының қандай әжайып болыў керек-лигин анық көз алдымызға келтире алмаймыз. Деген менен, адасқан гүнакардың ҳеш қашан усы мухаддес Қудайға жақынлай алмайтуғынын жақсы түсинемиз. Ҳақ Қудай менен гүнакар адамның арасында терең туңғыйық бар. «Ҳақлық пенен нызамсызлықтың арасында қандай уқсаслық бар? Нур менен қараңғылықтың арасында қандай байланыс бар?» — дейди Павел (2 Кор 6:6-14).

Гүнаның бизлерди Қудайдан айыратуғыны Ески Келисим дәўиринде Мухаддес Шатыр ҳәм Ибадатхана қурылысында анық белгили болды. Мухаддес Шатыр да, Ибадатхана да еки бөлимнен ибарат еди. Биринши бөлим «Мухаддес орын», ал төрги, екинши кишкене бөлим «Ең мухаддес орын» деп аталады. Усы ишки бөлимде Қудайдың салтанаты болып, Қудай сол жерде екени билинип туратуғын еди. Еки бөлим аралығында қалың перде болып, ал Ең мухаддес орынды жаўып туратуғын еди. Қудайдың алдына кириўге бас руўханийден басқа ҳеш кимге рухсат етилмейтуғын еди. Бас руўханий сол жерге жылына бир рет Қутқарылыў күнинде, онда да өзи менен бирге гүна ушын сойылған қурбанлықтың қанын алып келген жағдайда ғана киретуғын еди.

Ески ҳәм Жаңа Келисим авторлары усылар арқалы Израиллыларға гүна айырылыў алып келетуғыны, ал айырылыў — бул руўхый өлим болып, адам ҳақыйқый өмирдиң тийкары болған Қудайдан айырылатуғынын түсиндирип айтқан еди. «Гүнаның төлеми — өлим».

Және де, егер бизлер бул дүньяда Ийса Масихтан биле тура ўаз кешсек (бизлер тек Ол арқалы ғана мәңгилик

өмирге бара аламыз), онда келеси дүньяда мәңгиге өлемиз. Дозақ — бул ашшы ҳәм қорқынышлы ҳақыйқатлық. Ҳеш кимге өзлериңизди алдаўына жол қоймаңлар. Ийсаның Өзи дозақты Қудайсыз болғанлықтан мәңгиге қараңғы орын деп атаған еди. Ал Қудай — бул нур. Мухаддес Китапта дозақты «екинши өлим», «от жанған көл» деген сөзлер менен атайды. Бул сөзлер тымсалый сөзлер болып, олар мәңгилик өмирди жойытқан, Қудайдан мәңгиге айырылған адам жанының аҳыў-зарын сүўретлейди (Матта 25:30; Аян 20:14-15; Лука 16:19-қә қараң).

Адамның гүна себепли Қудайдан айырылыўы ҳаққында тек Мухаддес Китап ғана сүўретлемей, бул адам өмириндеги тәжирийбе арқалы да көринеди. Мен бала ўақтымда дуўа етип, Қудай менен ушырасыўға тырысқаным ҳәм сонда қатты қысынғаным еле ядымда. Қудай маған думан менен қапланғандай, мен оған жақынлай алмайтуғындай көринер ҳәм мен буларды ҳеш түсинбейтуғын едим. Ол мен ушын узақ ҳәм мениң менен байланысы жоқ болып көринетуғын еди. Енди мен буның себебин билип алдым. Ийшая маған былай деп жуўап берди:

> «Минекей, Қудайдың қолы қутқарыў ушын қысқарып қалмаған, қулағы да еситиў ушын аўырласпаған болар еди, бирақ сизлердиң нызамсыз ислериңиз Қудай менен сизлердиң араңызға айралық салды, гүналарыңыз себепли, Ол жүзин сизлерден терис бурады, сизлерди еситпеў ушын солай ислейди».
>
> *Ийшая 59:1-2*

Еремияның жоқлаўы китабында айтылғанындай, бизлер де Қудайға: «Бизлердиң дуўаларымыз жетип бармаўы ушын, Сен Өзиңди булт пенен жаптың», — деп

айтқымыз келеди. (Еремияның жоқлаўы 3:44). Бирақ, негизинде булт ушын Қудай емес, ал бизлердиң өзлеримиз айыпкермиз. Булт қуяшты қалай жабатуғын болса, бизлердиң гүналарымыз себепли Қудай да бизлерден жүзин беккем қылып жаўып таслайды.

Көп адамлар маған усындай бослықты сезингенин мойынлаған еди. Қыйын сәтлерде, қәўипли жағдайда, қуўанышта ямаса қуўанышлы нәрсени тамамлағанда, адамлар өзлерин Қудайдан алыс сезеди ҳәм өзлерин Қудай таслап кеткендей көреди. Бирақ, булар тек сезим емес, ал ҳақыйқатлық. Гүналарымыз кеширилмегенше, бизлер өзлеримиздиң ҳақыйқый үйимизден узақ болып, гезенделикте жүремиз. Бизлерде Қудай менен қарым-қатнас болмайды. Мухаддес Китап тили менен айтқанда, бизлер наҳақ ислеримиз ҳәм гүналарымыз себепли, «адасқан» ҳәм «өли» адамлар боламыз.

Ҳәзирги заман ер ҳәм ҳаялларының тәшиўишин усылай түсиндирсек болады. Адамлардың руўхында тек Қудай қандыра алатуғын ашлық ҳәм тек Қудай толтыра алатуғын бослық бар. Таң қалдырыўшы жаңалықлар, мухаббат ҳәм детективлик фильмлер, пляж ҳәм барлар, белгили адамлар ҳаққында өseклер ҳәм кеўил ашар нәрселер, наркотиклердиң ҳәзирги замандағы эпидемиясы, секс ҳәм зорлыққа деген талаплар булар адамлар кеўил көтериў ушын пайдаланатуғын нәрселер. Адамлар өзлерин усы нәрселер менен тынышландырып, Қудайдан узақласады. Августин өзиниң «Мойынлаў» деген китабының басында мына жийи-жийи қолланылатуғын сөзлерди келтирип, дурыс айтқан еди: «Сен бизлерди Өзиң ушын жараттың, Сеннен тынышлық алмағанша, бизлер-

диң кеўиллеримиз тынышлық таппайды». Бул жүдә қайғылы жағдай. Адам Қудайдың өзине берген нәрсесин қолдан шығарады.

## Өз-өзиңе қул болыў

Гүна адамды Қудайдан алыслатып қоймай, адамды өзине қул қылады, яғный тутқын қылып қояды.

Енди бизлер гүнаның «ишки тәрепи»н көрип шығыўымыз керек. Бул тек сырттан қарағанда табыссыз болған ис ямаса әдет емес, ал олардан да күшлирек болған ишимизде терең жайласқан бузылыўдай нәрсе. Улыўма алғанда, бизлер ислейтуғын гүналар арқалы ишимиздеги руўхтың аўырыў екени билинеди. Ийса терек ҳәм оның мийўелери ҳаққында тымсал айтқан еди. Теректиң қандай мийўе бериўи (мысалы: әнжир ямаса жүзим) ҳәм сол мийўелердиң сыпаты (жақсы ма, я жаман ба) теректиң өзине байланыслы. «Аўыздан шыққан кеўилден шығады».

Булар бойынша Ийса Масих ҳаққында ҳәзир көплеген жәмийетлик реформаторлар ҳәм революционерлер сөз қылмақта. Әлбетте, бизлерге өз билимимиз, әтирапымыздағы адамлар, өзлеримиз жасап атырған сиясий ҳәм экономикалық система жақсы ямаса жаман тәсир жасайды. Бизлер ҳәмме ушын әдиллик, азатлық ҳәм абаданшылықты гөзлеўимиз тийис. Деген менен, адамзат жәмийетиндеги жаманлық ҳаққында айтқанда, Ийса усы азатлық ҳәм әдилликтиң жетиспейтуғынын, яғный адам тәбиятында олардың азлығын билдирген еди. Ийса былай деген еди:

«Өйткени иштен, адамның кеўлинен жаман ойлар, бузықшылық, урлық ислеў, адам өлтириў, неке ҳадаллығын бузыў, нәпсиқаўлық, жаўызлық, алдаў, азғынлық, күншиллик, масқаралаў, менменлик, ақылсызлық шығады. Бул жаманлықлардың барлығы адамның ишинен шығып, оны ҳарамлайды».

*Мк. 7:21-23*

Ески Келисим усы ҳақыйқатлық ҳаққында үйреткен еди. Еремия: «Адам тәбияты жүдә бузылған: оны ким биле алады?» — деген еди (Еремия 17:9). Негизинде Мухаддес Китапта адам тәбиятының усы аўырыўы ямаса биринши гүна туўралы көп сөз етилген. Бизлер оны мийрас етип аламыз, ол бизлерде терең жайласқан болып, мыңлаған жарамсыз ис-ҳәрекетлерди келтирип шығарады. Павел адам тәбиятының жаман қәлеўлери ҳәм олардың ислери ҳаққында айтып:

«Адамның гүнакар тәбиятының ислери аян, олар: неке ҳадаллығын бузыў, ҳарамылық, бузықшылық, бутпаразлық, сыйқыршылық, душпанлық, жәнжелкешлик, күншиллик, ғәзеп, менменлик, алаўызлық туўдырыў, бөлиниў, қызғаншақлық, мәскүнемлик, айшы-әширет ҳәм усыларға уқсаған нәрселер», — деген еди.

*Гал. 5:19-21*

Гүна — бул адам тәбиятының иштен бузылыўы болғанлықтан, бизлер тутқындамыз. Бизлерди қандай да бир әдетлеримиз ямаса ис-ҳәрекетлеримиз қул қылып қоймай, олар гүна деген бизлердиң аўырыўымыз тийкарында пайда болатуғын нәрселер. Жаңа Келисим бизлерди көп рет гүнаның қуллары қылып көрсетеди. Бизлер буған қапа боламыз. Деген менен, бул ҳақыйқат нәрсе. Ийса мына сөзлерди айтқанда, айырым парисейлердиң

ашыўына тийген еди: «Егер Мениң сөзлерим бойынша жасасаңлар, ҳақыйқый шәкиртлерим боласызлар. Сизлер ҳақыйқатты билип аласызлар, ҳақыйқат сизлерди азат қылады» (Юҳ. 8:31, 32).

Олар наразылық билдирип: «Бизлер — Ибрайымның урпағымыз. Ҳеш қашан ҳеш кимге қул болмағанбыз. Неге: «Азат боласызлар», — деп атырсаң?» — деди.

Ийса оларға: «Сизлерге шынын, ҳақыйқатын айтаман: гүна ислейтуғын ҳәр бир адам — гүнаның қулы», — деп жуўап берген еди.

> Павел өз хатларында гүна бизлерге қандай хорлық алып келетуғыны ҳаққында бир неше мәртебе сүўретлеген еди: «Бурын гүнаның қулы болған сизлер...»
>
> *Рим. 6:17*

> «Бир ўақытлары бизлердиң ҳәммемиз де өз гүнакар тәбиятымыз бойынша жасап, денемиздиң ҳәм ой-нийетимиздиң жаман қәлеўлерин орынладық».
>
> *Еф. 2:3*

> «Себеби бир ўақытлары бизлер де ақылсыз, қулақ аспайтуғын, адасқан, ҳәр түрли жаман ҳәўеслер менен ҳәлсизликлердиң қулы болған едик».
>
> *Тит. 3:3*

Бизлерде өз-өзимизди бийлеўге күшиздиң аз екенлигин Яқып тилди тыйыўдың өзи бизлерге қәншелли қыйын болатуғыны арқалы көрсетеди. Ол: «Егер ким де ким сөйлегенде қәте қылмаса, ол пүткил денесин бойсындыра алатуғын минсиз адам болғаны», — деп айтып, «тил де дենениң кишкене бир мүшеси болса да, көп мақтанады», — деп түсиндиреди. Тилдиң от, тоқтатып болмайтуғын жаманлық ҳәм өлтириўши зәҳәрге толы

екенин, бизлер ҳәр түрли ҳайўанларды, қусларды, қолға үйретемиз, бирақ тилди ҳеш ким бойсындыра алмайтуғынның билдиреди (Яқып 3:1-12).

Булардың ҳәммеси бизлерге жүдә таныс. Бизлер уллы идеалларға ийемиз, бирақ еркимиз ҳәлсиз. Бизлер ҳақ өмир кеширгимиз келсе де, өз менменлигимизге байланғанбыз. Қәншелли өз азатлығымыз бенен мақтансақ та, негизинде бизлер қулмыз. Жақсысы, Қудайға барып, Оған:

> Жуўмақлай алмадым өз исимди, о Ийем,
> Ислей алмадым ҳеш нәрсени де,
> Өмиримде жоқ ҳеш қандай гүрес,
> Өзим жеңиске ерисе алған.
> Келдим, Саған айтып бериўге,
> Гүресип, жеңилип қалғанымды,
> Адамға тән болған,
> Галма — ғаллық ҳәм ҳәлсизлигимди.
>
> *С. Кеннеди*

Бизлерге өзлеримизди қалай услап тутыўымыз бойынша ҳеш ким ҳеш нәрсени мәжбүрий ислете алмайды. Қудай бизлерге: «Ислеме» десе, бизлер бәрибир де даўам етип, сол исти ислей беремиз. Ақыл — нәсият бериў машқаланы шеше алмайды. Бизлерге Қутқарыўшы керек. Жүрегимиз өзгермей турып, сана-сезимимиз өзгермейди. Адамзат физикалық күш пенен ядер реакциясының күшиниң сырын ашты. Енди адамзатқа өзинен азат болыўға, өзин бойсындырып, өзин басқарыўға руўхый күш керек болады. Оған өзиниң илимий жетискенликлери сыяқлы руўхый жетискенлик беретуғын күш керек.

## Басқа адамлар менен келиспеўшилик

Бизлердиң гүналарымыздың қорқынышлы нәтийжелери еле толық емес, бизлер және бир нәрсени, яғный гүнамыздың өзлеримиздиң басқа адамлар менен болатуғын қарым-қатнасықларымызға қандай тәсир көрсетуғынын қарап шығайық.

Алдын қарап шыққанымыздай, гүна — бул бизлердиң тәбиятымызда терең орналасып алған кеселлик. Ол бизлердиң қақ орайымызда беккем жайласып алған болып, бизлерди басқарады. Улыўма алғанда, гүна — бул бизлердиң өзлеримиз. Бизлер Қудайға ямаса адамға қарсы ислеген гүнамыз арқалы өзлеримиздиң ким екенимизди тастыйықлаймыз. Он буйрық бир нәрселерди ислеўди қадаған етеди ҳәм бизлердиң Қудай ҳәм басқа адамлар алдында ўазыйпамызды жәриялайды. Буны еле де анығырақ қылып түсиндириў ушын, Ийса Мухаддес Нызамды *Лебийлилер* китабындағы аятқа (19:8) Мухаддес Нызамды қайталаў китабынан аят қосып айтып былай деген еди: «Ийең болған Қудайыңды пүткил жүрегиң, пүткил жаның, пүткил ақыл-ойың менен сүй. Бул — биринши ҳәм ең баслы буйрық. Екиншиси де сол сыяқлы: «Өзиңди сүйгениң сыяқлы, жаныңдағы адамды да сүй. Пүткил Мухаддес Нызам да, пайғамбарлардың жазыўлары да усы еки буйрыққа тийкарланған».

Биринши буйрық бизлердиң адамлар алдында емес, ал Қудайдың алдындағы ўазыйпамыз ҳаққында айтады. Бизлер биринши гезекте Қудайды, ол соңынан басқа адамларды өзлеримизди қалай сүйетуғын болсақ, солай сүйиўимиз тийис. Солай етип, Қудайдың сөзи бойынша,

бизлер Қудайды биринши орынға, басқа адамларды келеси орынға, ал өзлеримизди ең соңғы орынға қойыўымыз зәрүр. Гүнаның тәртиби басқаша. Ол өзлеримизди биринши орынға, басқаларды өзлеримизден кейинги орынға, ал Қудайды ең соңғы орынға қойдырады. Бир адам өзиниң өмир баянын жазып, оны «Қәдирли Өзим» деп атаған екен. Бизлер өзлеримиз туўралы ойлағанымызда, бизлерде де усындай сезимлер болады. Балалар байрамында музқаймақ үлестирилгенде: «Маған биринши!» деген сөзлер еситиледи. Бизлер үлкейип барған сайын, бундай сөзлерди бақырып айтыўға болмайтуғынын билип барамыз. Бирақ, бизлер ишимизден солай ойлаўды даўам ете беремиз. Биринши гүна ҳаққында айтқанда, архиепископ Уильям Гемпл бул ҳақыйқатлықты былайынша түсиндирип, жақсы билдирген еди:

> «Мен — өзим көрип турған дүньяның орайынан. Жийектиң жайласыўы да, мениң қай жерде турғаныма байланыслы. Мүмкин, билим мениң ой-өрисимди кеңейтип, өзиме деген дыққатымды азайтар. Бирақ, ҳәзирше менде мынадай сезимлер бар: мен өзимди минара басына шығып, көз алдыма кеңисликти көрип турғандай, ал өзим ҳәммесиниң орайында турғандайман.
>
> *«Масихыйлық ҳәм жәмийетлик тәртип», 1942*

Өзимизге көбирек дыққат аўдарғанымыз бизлердиң минез-қулқымызға да тәсир етеди. Бизлерге басқа адамлар менен ийкемлесип кетиў аңсат емес. Адамларды жаман көриў ямаса оларды күнлеў, өзимизди олардан үстин қойыў ямаса пәс көриў аңсатырақ. Өйткени, бизлер өзлеримиз ҳаққында Павел айтқандай тереңирек ойланбаймыз. Айырым ўақытлары бизлер өзлеримизди

аяймыз, ал бир ўақытлары менменликке берилемиз, өз билгенимизди ислеп өзлеримизди жақсы көремиз.

Турмыстағы барлық қарым-қатнаслар: ата-ана менен балалар, ерли-зайыплылар ҳәм басшы менен оның қол астындағы адамлар арасындағы қарым-қатнаслар аңсат кешпейди. Жас өспиримлердиң жынаятқа қол урыўы ҳәр түрли себеплерге байланыслы келип шығады. Хожалықтағы қәўипсизликтиң ҳәм исенимсизликтиң азлығы буған себеп болады. Жас өспиримлер жынаят ислегени арқалы өзлерин жәмийетке қарсы қояды. Егер хожалықта да адам жубайын айыплаўдан гөре, өзин көбирек айыпласа, айырылысыўлар азаяр еди. Хожалығы бузылған ерли-зайыплылар маған жағдайды түсиндиргенде, ҳәр бири ҳәр түрли қылып түсиндиреди. Айырым ўақытлары сондай болады, ерли-зайыплылар жағдайды ҳәр бири соншелли басқаша түсиндиргенликтен, екеўи еки түрли нәрсе ҳаққында айтып атыр деп ойлап қалыўға болады.

Көп урыс-қағыслар түсинбеўшилик, ал түсинбеўшилик басқа адамның пикирин ҳүрметлеўди билмегенликтен пайда болады. Бизлерге басқаларды тыңлағаннан гөре, өзлеримиз сөйлегенимиз, бойсынғаннан гөре, тартысқанымыз аңсатырақ. Бундай жағдайлар жумыс орынларында, хожалықта да ушырасып турады. Жумысшылар менен олардың басшылары арасындағы келиспеўшиликлер де еки тәреп те биринши өзлерин қәтелерин көрип, басқаларға жумсағырақ қатнаста болғанда, тынышлық пенен шешилген болар еди. Бизлер көбинесе өзлеримизге жумсақ қатнаста болып, басқалардың қәтесин жақсырақ көремиз. Тыныш емес, шийеленискен халық аралық аўҳал ҳаққында да солай айтсақ болады.

Ҳәзирги замандағы қыйын жағдай да қорқыныш ҳәм ақылсызлық себепли пайда болады. Бизлер бир тәреплеме пикир жүргиземиз, яғный өзлеримиздиң жақсы тәреплеримизди асыра айтып, басқалардың кемшиликлерин барынша бөрттиремиз.

Ҳәзирги заман жәмийетиндеги қарым-қатнасларды усылай айыплаў жүдә аңсат. Бундағы жалғыз мақсетимиз — барлық машқалаларымыз бизлердиң гүнамыз ямаса өзимизге көбирек дыққат аўдарғанымыз себепли пайда болатуғынын көрсетиўден ибарат еди. Басқа адамлар менен болатуғын келиспеўшиликлеримиз де усы себепли пайда болады. Егер бизлер өзлеримизди жоқары тутыўдың орнына кишипейиллик көрсеткенимизде, барлық келиспеўшиликлер тоқтаған болар еди. Гүна тартып алады, ал сүйиспеншилик береди. Гүнаға алыў, ал сүйиспеншиликке бериў тән қәсийет.

«Адамға керек нәрсе — бул өз тәбиятын түп-тамырынан өзгертиў», деп жазған еди профессор Х. М. Гваткин. Адам өзлигинен өзин өзгерте алмайды: оған Қутқарыўшы керек.

Гүнаны усылайынша ашық көрсеткенимиздиң себеби — бул бизлер Ийса Масих кереклигин түсиниўимиз тийис. Бизлер Оның не бермекши екенин билиўимиз ҳәм сол нәрсени алыўға таяр турыўымыз зәрүр. Исеним мүтәжлик себепли пайда болады. Өзлеримизге деген үмитимизди жойытпағанымызша, бизлер ҳеш қашан Масихқа исене алмаймыз. Ийсаның Өзи: «Шыпакерге дени саўлар емес, ал аўырыўлар мүтәж. Себеби Мен ҳақ адамларды емес, ал гүнакарларды шақырыў ушын келдим», — деген еди. Бизлер аўырыўымыздың қәншелли аўыр екенин сезгенимизден кейин ғана емлениў кереклигимизди мойынлаймыз.

# III

# МАСИХТЫҢ ДЕНЕСИ

# 7
# МАСИХТЫҢ ӨЛИМИ

Масихыйлардың дини — қутқаратуғын дин. Ол гүналардан қутқарыў ушын Қудайдың Өзи бизлерге Ийса Масих арқалы келгенин жәриялайды. Бул — Мухаддес Китаптағы баслы тема. «Сен Оның атын Ийса деп қоясаң, себеби ол өз халқын гүналарынан қутқарады» (Матта 1:21).

> «Себеби Адам улы адасқанларды таўып, қутқарыў ушын келди».
>
> *Лука 19:10*

> «Масих Ийса бул дүньяға гүнакарларды қутқарыў ушын келди, деген сөзлер исенимли ҳәм ҳәмме адамлар тәрепинен қабыл қылыныўға ылайықлы сөзлер».
>
> *Тимофейге 1-х 1:15*

> «Әке Улын дүньяның Қутқарыўшысы қылып жибергенин бизлер көрдик ҳәм бул туўралы гүўалық беремиз».
>
> *Юхан 1-х 4:14*

Бурын қарап шыққанымыздай, анығырақ қылып айтқанда, гүнаның үш тийкарғы нәтийжеси бар. Ал, қутқарыў усылардың ҳәммесинен азат етеди. Қутқарыўшы

Ийса Масих арқалы бизлер қуўғыннан қайтып, Қудай менен жарасамыз. Бизлер жоқарыдан туўыламыз, жаңа тәбиятқа ийе болып, өзлеримизди байлап турған руўхый тусаўлардан азат боламыз. Ески келиспеўшиликлер сүйиспеншилик пенен алмасады. Масих Өзиниң қутқарыўының биринши бөлиминде азап шекти, екиншисинде Мухаддес Руўхын берди, үшиншисинде өз жәмәәтин дүзди. Бул бапта биринши бөлимди, ал келеси бапта қалған еки бөлимди қарап шығамыз.

Павел өз мийнетин «жарастырыў хызмети», ал Хош Хабар тарқатыў исин «жарастырыўшы хатлар» деп атады. Ол бул жарасыў қаяқтан келетуғынын анық көрсетип берди. Жарастырыў иси Қудайдан, Ол ҳәрекет етеди, деди Павел. Және де: «Буның ҳәммеси Қудайдан. Қудай Масих арқалы бизлерди Өзи менен жарастырды» (2 Кор 5:18). Және де: «Қудай Масих арқалы дүньяны Өзи менен жарастырды», — деди. Ийса Масихтың атанақ ағаштағы өлими арқалы қолға киргизилген нәрселердиң ҳәммесин мәңги Қудай жобалап, нийет етип қойған еди. Масихтың өлими ямаса адамлардың қутқарылыўын тән алмаўшы әдебиятлар Мухаддес Китап тәлийматына туўры келмейди. «Себеби Қудай бул дүньяны соншелли сүйгенликтен, өзиниң жалғыз Улын берди. Оның Улына исенген ҳәр бир адам набыт болмай, мәңгилик өмирге ийе болады» (Юхан 3:16). «Себеби Қудай Өзиниң толылығының Онда болыўын мақул көрди. Масихтың атанақ ағаштағы қаны арқалы тынышлық орнатып, Қудай Ол арқалы жер ҳәм аспандағылардың барлығын Өзи менен жарастырыўды қәледи» (Кол 1:19-20). Бирақ, жарастырыў дегенимиздиң өзи не? Ол «сатып алып қутқарыў» деген сөзлер менен

аўдарылады. Буны еки душпан партияның бирлесиўи, усы бирлесиўдиң олардың қуўаныш алып келиўи сыяқлы жағдайлар менен түсиндириўге болады. Павелдиң айтыўы бойынша, бизлер Ийемиз ҳәм Қутқарыўшымыз Ийса Масих арқалы жарастық. Бизлер буған өз күшлеримиз бенен ерискен жоқпыз. Ал, оны Қудайдан саўға сыпатында алдық. Гүна айралық алып келген еди, ал Ийсаның атанақ ағаштағы өлими арқалы қутқарылыў келди. Гүна душпанлықты күшейтти, ал атанақ ағаштағы өлим парахатшылық әкелди. Гүна адам менен Қудай арасына туңғыйық қойды, ал атанақ ағаштағы өлим сол туңғыйық үстине көпир салды. Гүна бизлердиң Қудай менен қарым-қатнасымызды бузды, ал атанақ ағаштағы өлим оны тикледи. Бул ҳақыйқатлықты басқаша қылып, яғный Павелдиң Римлилерге жазған хатында айтқандай қылып, түсиндириўге болады: «Гүнаның төлеми — өлим, ал Қудайдың сыйы — Ийемиз Ийса Масих арқалы бериletуғын мәңгилик өмир» (Рим 6:23).

Бирақ, қутқарылыў ушын неге атанақ ағаштағы өлим керек болады? Масихыйлық ушын ол соншелли әҳмийетли ме? Ол нелерге ерисτи? Енди бизлер атанақ ағаштағы өлимниң тутқан орны ҳәм әҳмийети ҳаққында ойлап көрейик.

## Атанақ ағаштағы өлимниң тутқан орны

Ийсаның гүна ушын қурбан болыўы Мухаддес Китапта жүдә әҳмийетли екенин түсиниў ушын Ески Келисимге қайтайық. Ески Келисим тәлийматы ең бастан-ақ қурбанлыққа тийкарланған еди. Абыл өз сүриўиндеги

қозыларды Қудайға қурбанлыққа бериў ушын әкелгеннен баслап, Қудай Абылға ҳәм оның сыйына нәзер салды (Жаратылыс 4:4). Қудайға исенетуғын адамлар Оған арнап қурбанлық шалатуғын еди. Муўсаның Нызамынан көп бурын-ақ адамлар қурбанлық шалынатуғын орынлар қурып, малларды шалатуғын ҳәм қан шығаратуғын еди. Дәслеп бул ис әдет бойынша исленди, бирақ Муўсаның Нызамы бойынша Синай таўында Қудай менен адам арасында келисим дүзилгенде, ол Қудайдың буйрығы менен тәртип сыпатында енгизилди.

Бизиң эрамызға дейин VIII–VII әсирлердиң уллы пайғамбарлары формализмге ҳәм Қудайға сыйынатуғынлардың әдепсиз қылықларына қарсы болады. Деген менен, қурбанлық бериў рәсми бизиң эрамыздың 70-жылында Ибадатхана қыйратылғанға дейин даўам етти. Ҳәр бир еврей ушын қурбанлықты жандырып жибериў, Мухаддесханаға кириў ушын сый әкелиў, қурбанлыққа қосылып берилетуғын ишимликлер, белгиленген қайсы күнлер, ҳәптелер, айлар ҳәм жылларда қурбанлықлар бериў кереклиги жақсы таныс еди. Және де, ҳәр бир еврей «денениң жаны қанда», «қан төгилмей турып, кеширим берилмейди» деген нәрселерди ядтан билетуғын еди (Леб 17:11; Евр 9:22).

Ески Келисимдеги қурбанлықлар Масихтың қурбанлығының тымсалы болды. Пайғамбарлар ҳәм жыршылар оны пайғамбаршылық арқалы билдирген еди. Айырым жырларда Ийсаның жаза алып, айыпсыз қурбанлық бергени сүўретленеди. Зекерия пайғамбар Ийсаны өз китабында қойлары алыс жерлерге тарқап кеткен мийримли шопан сыпатында, ал Даниел пайғамбар Оны

«май-ланған», «кесип тасланған» деп сүўретлейди. Ал, Ийшая өз пайғамбаршылығының соңында азап шеккен, басқалардың жынаятлары ушын жарақатланған, қозы сықлы шалыныўға алып барылған, ҳәмме тәрепинен жек көрилген ҳәм ҳәмменің гүнасын Өзине алған Адам деп көрсетеди. «Масих азап шегиўи керек еди», — деген сөзлер — ҳақыйқат. (Зекерия 13:7; Марк 14:27; Даниел 9:25, 26; Ийшая 53; Лука 24:26 салыстырып көриң).

Ийса бул дүньяға келгенде, Өзин не күтип турғанын билетуғын еди. Ол Мухаддес Жазыўлардың Өзи туўралы гүўалық беретуғынын ҳәм олар Өзи арқалы орынланатуғынын түсинетуғын еди. Булар Оның азап шегетуғын ўақты жақынлағанда анық көринеди. Филип Кесариясында болғанда, Симон Петр Оны Масих деп тән алғанда, Ийсаның хызметинде әҳмийетли басқыш басланды. Ол: «Адам Улы көп азап шегиўи тийис», — деп үйрете баслады (Марк 8:31).

Усы «тийис» деген сөз, Оның усы шәртли ўазыйпа Мухаддес Жазыўлар Оған Қудай Әкениң еркин ашыўы арқалы жүкленген еди. Бул Ийсаның тәлийматында да тез-тез айтылады. Ийса суўға шомылдырылыўы тийис еди. Ол ҳәммеси орынланбағанша, шәртли ўазыйпасын сезип билди. Ийса Өзиниң «белгиленген ўақтында» туўры жүрип барды. Хош Хабарларда бул белгиленген ўақыттың еле кемегени жийи-жийи айтып өтиледи. Усы белгиленген ўақыттың келгенин, атанақ ағаштағы өлим де анық екенин көрип, Ийса қолға алыныўы жақынлағанда: «Әке! Ўақыт келди!» — деди (Юхан 17:11).

Ийса не болатуғынын алдын ала сезип: «Енди жүрегим қайғыға толды. Мен не дейин? «Әке, Мени ўақыттан

қутқар», — дейин бе? — деген еди (Юхан 12:27-28). Ийсаны қолға алатуғын ўақыт келгенде, Симон оны қорғаў ушын қылышын суўырып алды, сонда Ийса оған кейип: «Қылышыңды қынабыңа салып қой! Әкемниң Маған берген азап кесесинен ишпейин бе?» — деген еди (Юхан 18:11). Матта жазған Хош Хабарда Ийса: «Сен егер ҳәзир Әкемнен сорасам, Ол маған он еки легионнан артық периште жибермейди, деп ойлайсаң ба? Бирақ, егер ондай болса, Мухаддес Жазыўлардағы солай болыўы тийис деген сөзлер қалайынша орынланар еди?» — деди (Матта 26:53, 54).

Ески Келисимде пайғамбаршылық етип айтылған, Ийса тәлим берип үйреткен атанақ ағаштағы өлимниң уллы әҳмийети Жаңа Келисим авторлары тәрепинен де толық тән алынады. Хош Хабарларды жазған төрт автор да Масихтың пүткил өмири ҳәм хызметине қарағанда, Оның соңғы ҳәптеси ҳәм өлими ҳаққында көбирек гүрриң етеди. Биринши Хош Хабардың бестен еки бөлеги, екинши Хош Хабардың бестен үш бөлеги, үшинши Хош Хабардың үшинши бөлими ҳәм төртинши Хош Хабардың дерлик ярымы Ийса Ерусалимге салтанатлы түрде кириўи ҳәм Оның даңқлы түрде аспанға көтерилип кеткени ҳаққында сүўретлейди. Әсиресе, булар Юхан жазған Хош Хабарда таң қаларлық қылып баянланған. Бул китапты «Нышанлар китабы» ҳәм «Ийемиздиң азап шегиўи ҳаққында китап» деп тең екиге бөлиўге болар еди.

Хош Хабарларда тек нәзерде тутылып айтылып кеткен нәрселер хатларда ашық түрде сөз етиледи. Әсиресе, бул Павелдиң хатларында жақсы байқалады. Бул елши

оқырманларға атанақ ағаш туўралы еслетиўге ҳеш қашан еринбеген. Оның өзинде өзи ушын өлген Қутқарыўшыға деген миннетдаршылық сезими бар еди. Ол: «Мени сүйген ҳәм мен ушын Өзин қурбан еткен Қудайдың Улына...», — деп, сонлықтан мен Ийемиз Ийса Масихтың атанақ ағашынан басқа бир нәрсе менен ҳеш қашан мақтанбайман», — деген еди (Галатлыларға 2:20; 6:14).

Грек философиясының майда-шүйделери бойынша алжасып қалыў қәўипи болған коринфлилилерге елши Павел былай деп жазған еди: «Яҳудийлер кәраматлы белгилер көрсетиўимизди талап етеди, греклер ўазымыздан даналық излейди. Бирақ, бизлер атанақ ағашқа шегеленген Масих ҳаққында жәриялап атырмыз. Яҳудийлер ушын бул тосқынлық болады, ал басқа миллетлер ушын ақылсызлық болып көринеди. Қудай тәрепинен таңланғанлар ушын болса, ол я яҳудий болсын, я грек болсын, атанақ ағашқа шегеленген усы Масих — Қудайдың қүдирети ҳәм Оның даналығы» (Коринфлилерге 1-х 1:22-24). Павел Коринфтен Афинаға биринши мәртебе өзиниң екинши сапарының ўақтында келгенде, былай деген еди: «Себеби араңызда болған ўақтымда, тек Ийса Масихқа ҳәм оның атанақ ағашқа шегелениўине ғана дыққат аўдарыўға қарар еттим» (Коринфлилерге 1-х 2:2). Және де, ол: «Өзим алған ең әҳмийетли нәрсени мен сизлерге жеткизген едим. Яғный, Мухаддес жазыўлар бойынша Масих бизлердиң гүналарымыз ушын өлди» (Коринфлилерге 1-х 15:3).

Жаңа Келисимниң басқа китапларында да атанақ ағаштағы өлимге усындай дыққат аўдарылады. Кейин ала бизлер Петрдиң бул ҳаққында не жазғанын ҳәм

ойлағанын қарап шығамыз. Еврейлерге жазылған хатта: «Масих Өзин қурбан етип, гүнаны жоқ қылыў ушын, заманның ақырында тек бир мәртебе жерге келди», — деп туўры айтылған (Еврейлерге 9:26). Бизлер сырлы ҳәм әжайып китап болған «Аян» китабын оқығанымызда, бир сәтке болса да, бизлер ушын аспанда даңққа бөленген Ийсаның көриниси ашылады, Оны тек Яҳуда урыўынан шыққан арыслан сыпатында емес, ал баўызланған Қозы сыпатында да көремиз (Аян 5:5-6). Сонда мың-мыңлаған мухаддеслердиң ҳәм периштелердиң оны алғыслап: «Баўызланған Қозы күш, байлық, даналық, қүдирет, ҳүрмет, даңқ ҳәм алғыс-мақтаўды алыўға ылайықлы», — дегенин еситемиз.

Солай етип, «Жаратылыс» китабының биринши бабынан «Аян» китабының соңғы бабына дейин, бизлер өз ара байланысты көремиз. Бул ҳақыйқаттан да, Ариадианың жиби сыяқлы болып, оның жәрдеминде Мухаддес Жазыўлардың уңқыл-шуңқылларынан өтемиз. Мухаддес Китап үйреткен атанақ ағаштағы өлимниң әҳмийетин масихый жәмәәтлер де тән алады. Көп жәмәәтлер адамларды атанақ ағаш белгиси менен шоқындырып, өлген адамның қәбириниң басына атанақ ағаш қояды. Жәмәәтлердиң имаратлары да атанақ ағаш тәризиндеги тийкар үстине қурылады, имараттың баслы ҳәм қаптал тәреплери атанақ ағаш көринисинде. Көплеген масихый адамлар мойынларына шынжырға қоса атанақ ағаш илдирип жүреди. Булардың ҳәммесиниң де себеби бар. Атанақ ағаш — бул бизиң исенимимиздиң тымсалы. Масихыйлардың дини — атанақ ағашқа шегеленген Масихқа исениўден ибарат. Император Константин аспанда

көрген затты бизлер Мухаддес Китап бетлеринде көре аламыз. «Атанақ ағашсыз жеңис жоқ». Атанақ ағашсыз масихыйлық жоқ. Не ушын? Атанақ ағаш нени аңлатады?

## Атанақ ағаштың әҳмийети

Мен Масихтың атанақ ағашына байланыслы көп нәрселер еле сыр болып киятырғанын айтпай турып, оның әҳмийети ҳаққында сөз баслай алмайман. Масихыйлар атанақ ағаштың тарийхта жүдә әҳмийетли орын ийелегенине исенеди. Бизлердиң мүмкиншилиги шекленген ақыл-санамыздың буны толық түсине алмайтуғыны таң қаларлық нәрсе емес. Бир күни перде биротала жоқ болып, барлық сырлар ашылады. Сонда бизлер Масихтың қандай екенин көремиз ҳәм оны ислеген ислери ушын мәңгиге алғыслаймыз. «Ҳәзир бизлер ҳәммесин гүңгирт айнада көргендей гүмилжи көрип турмыз. Бирақ, ақырғы ўақыт келгенде, жүзбе-жүз көремиз. Ҳәзир мен толық билимге ийе емеспен, бирақ ақырғы ўақыт келгенде, Қудай мени толық билгендей, мен де Оны толық билетуғын боламан (Коринф 1-х 13:12). Жүдә ақыллы болған уллы елши Павел усылай деген болса, бизлер ҳаққында не айтыўға болады?

Симон Петр өзиниң биринши хатында Ийсаның өлими ҳаққында нелерди жазғанын келтирип өтиў менен шекленемен. Мен арнаўлы түрде Петрдиң хатларын мысал ретинде келтирип өтпекшимен. Буның үш себеби бар.

Биринши себеби — Петр он еки елшиниң ишинен Ийса менен жақын дослық қатнаста болған үш елшиниң бири болған еди. Сол себептен Петр де басқалар сыяқлы

Ийсаның Өз өлими ҳаққында не ойлап, не айтқанын түсинетуғын еди. Петр өзиниң биринши хатында Ийемиздиң тәлийматы ҳаққында бир неше анық нәрселерди келтирип өтеди.

Екиншиден, мен Петрдиң хатларына исеним менен қарайман. Себеби ол ең баста Масихтың азап шегиўи кереклигин онша қәлемеген еди. Петр биринши болып Масихтың айрықша екенлигин мойынлаған еди. Деген менен, Ийсаның өлиў кереклигине де биринши болып қарсы шыққан ол еди. Петр Ийсаға: «Сен — Масихсаң», — деп, Оны мойынлаған еди, бирақ Ийса Өзиниң азап шегиўи кереклиги ҳаққында тәлим бере баслағанда: «Яқ, Ийем» — деген еди. Ийса хызмет еткен келеси күнлердиң бәринде де Петр Масихтың бул идеясына қарсы болды. Ол Ийсаны бағда қорғамақшы болды, ол Ийсаны қолға алғанда, ол Ийсаның изине алыста жүрип ерип барды. Қапа болып отырып, Петр ҳәўлиде Ийсадан үш мәртебе танды. Ал, оның төккен көз жаслары тек өкиниш көз жаслары емес, үмитсизлик көз жаслары да болды. Тек Ийса өлимнен қайта тирилип, елшилерге Мухаддес Жазыўлардағы: «Масих усы азапларды шегип, Өз салтанатына кириўи керек емес пе еди?» (Лука 24:26) — деген-нен соң, Симон Петр ақыры түсинип ҳәм исене баслады.

Ал, бир неше ҳәптеден соң, ол ҳақыйқатқа сүйенгени соншелли, ҳәтте, ибадатханада турған адамларға: «Бирақ, барлық пайғамбарлар арқалы Өз Масихының азап шегетуғынын алдын-ала билдирген Қудай Өз сөзин усылай әмелге асырды», — деген еди. Петрдиң биринши хаты Масихтың азап шегиўи ҳәм даңққа ерисиўи ҳаққында айтып өтеди.

Бизлер баста атанақ ағаштың зәрүр екенлигин ойламаўымыз ҳәм бирден оның әҳмийетли екенин түсинбеўимиз мүмкин. Бизлерди буған Симон Петр исендире алады ҳәм бул ҳаққында бизлерге тәлим бере алады.

Үшиншиден, Петр өзиниң биринши хатында атанақ ағаш ҳаққында тек айтып өтеди. Егер ол дәлийллерин жортаға келтирип, Масих өлиўи керек еди деп тастыйықлағанда, бизлер бул жерде бир нәрсе жетиспейди, деп ойлаған болар едик. Петр өз оқырманларын масихый өмир сүрип, азапларға шыдам бериўге шақырады ҳәм оларға жигер бериў ушын атанақ ағаш ҳаққында тек айтып өтеди. Егер ол дәлийллерин жортаға келтирип, Масих өлиўи керек еди деп тастыйықлағанда, бизлер бул жерде бир нәрсе жетиспейди, деп ойлаған болар едик. Петр өз оқырманларын масихый өмир сүрип, азапларға шыдам бериўге шақырады ҳәм оларға жигер бериў ушын атанақ ағаш ҳаққында еслетип өтеди.

*Масих бизлерге үлги көрсетип өлди*

Енди қуўдалаў ҳаққында сөз болады. Ҳәммеге мәлим, император Нерон масихыйлардың душпаны болды. Көп масихыйлар қатты қорқып қалған еди. Хорлаўлар болғанлықтан, қорқынышлы ўақытлар киятыр, деп ойлаў мүмкин еди.

Петр өз хатында әпиўайы-ақ кеңес береди (Петр 1-х 2:18-35). Егер исенбейтуғын хожайын масихый хызметшисине жаман қатнаста болса, бул надурыс жаза екенин хызметшилер билиўи керек. Жаман ис ушын таяқ жеў аброй әкелмейди. Жақсысы, қуллар ҳақлық ушын азап шегип, Масихтың аты ушын айыпланғанда қуўаныўы

керек. Олар қарсылық көрсетпеўи ҳәм өш алмаўы тийис. Олар бойсыныўы зәрүр. Наҳақ азап шеккенде сабырлылық қылғанды Қудай қоллап-қуўатлайды. Сонда Петр дәрҳал атанақ ағаш ҳаққында айтады. Наҳақ азап шегиў масихыйлардың тәғдирине жазылған деп тастыйықлап, Петр: «Масихтың өзи сизлер ушын азап шегип, Оның изинен жүриўиңиз ушын өрнек көрсетти», — дейди. Ийса гүнасыз болды ҳәм айып ислемеди. Бирақ сонда да, өзин адамлар масқаралағанда, Ийса олардан өш алмады. Азап шеккенде, оларды қорқытпады. Мухаддес Жазыўда айтылғандай, Ол Өзин ямаса Өзине азап бергенлерди пүткил адамзатты әдил ҳүким етиўши Қудайдың қолына тапсырды.

Масих бизлерге үлги көрсетип кетти. Жаңа Келисимде жалғыз рет Петр қолланған бул грек сөзи муғаллимниң дәптеринде минсиз қылып жазылған ҳәриплерге қарап, оқыўшы жазыўды үйренгениндей мәнисти аңлатады. Солай етип, бизлер масихый сүйиспеншиликтиң әлипбесин үйренип атырған екенбиз, демек өмиримизде Ийсадан үлги алып жасаўымыз тийис. Бизлер Оның изинен жүриўимиз керек. Петрдың өзи Ийсаның изине ерип, қамаққа да, өлимге де баратуғынын айтып, мақтанған еди. Галила теңизиниң жағасында Ийса Петрди және шақырып, оған: «Мениң изиме ер!» — деген еди. Петр оқырманларын өзи менен бири Ийемиздиң изине бойсынып ериўге шақырады.

Жигирмаланшы әсирде атанақ ағаш та бизлерге шақырық таслап, бизлерди қысындырады. Қарсылық көрсетпеў, наҳақ азапларға шыдаў, жаманлықты жақсылық пенен жеңиў бизлердиң тәбийий сезимлеримизге қайшы

келиўи мүмкин. Деген менен, атанақ ағаш бизлерди таяқ жеўге таяр болыўға, душпанларымызды сүйиўге ҳәм ҳәммесин Қудайға тапсырыўға шақырады.

Бирақ, Ийсаның өлими тек руўхландырыўшы үлги емес, ал еле де уллырақ нәрсе. Егер ондай болмағанда, Хош Хабарда гүрриң етилген көп нәрселерди түсиндириў қыйын болар еди. Мысалы: Оның Өз өмирин көплердиң қутқарылыўы ушын беретуғынын ҳәм қан төгетуғынын айтқанда, ерси еситилген еди. «Келисим қаны гүналардың кеширилиўи ушын», — деген еди Ийса (Марк 10:45; Матта 26:28). Әпиўайы үлги арқалы қутқарылыў жоқ, үлги кеширим алып келмейди.

Және де, не ушын Ийса атанақ ағашта шегетуғын азабын алдын-ала сезип, қатты қыйналыўы керек еди? Оның бағда қатты азап шеккенин, көз жасларын төккенин ҳәм Оның тери қан болып тамғанын қалай түсиндириўге болады? Ийса: «Әкем Мениң! Егер де мүмкин болса, бул азап кесеси Меннен өтсин. Бирақ Мениң емес, Сениң қәлеўиң болсын», — деген еди. (Матта 26:39). Және де, Ол: «Әкежаным! Егер бул азап кесеси Мен ишпей Меннен өте алмаса, онда Сениң еркиң орынлансын», — деди. (Матта 26:42). Ийса қорққан усы азап кесеси атанақ ағаштағы өлимниң тымсалы болды ма? Сол ўақытта Ийса азап шегиўден, өлимнен қорқты ма? Егер усылай болса, онда Ийсаның үлгиси бизлерди сабырлылық ҳәм бойсыныўшылыққа үйретеди. Бирақ, оны батырлық үлгиси деп атап болмайды. Платонның айтыўы бойынша, Сократ өзиниң азап кесесин Афина қамақханасының камерасында таяр турып, кеўиллилик пенен қабыл етти. Сонда не Сократ Ийсаға қарағанда ержүрек болғаны ма?

Я болмаса, олардың кеселери ҳәр қыйлы зәҳәрлерге толы болды ма? Қараңғылық, жалғыз қалған Ийсаның шыңғырығы, Ең мухаддес бөлмениң кирер аўзындағы пердениң жоқарыдан төменге дейин қақ айырылып, екиге бөлиниўи нени аңлатады? Егер Ийса тек үлги көрсетиў ушын өлген болса, онда булардың барлығын түсиндириў мүмкиншилиги болмас еди. Ҳақыйқаттан да, көп нәрселер бул үлгини үлги қылып көрсетпейтуғындай болып көринеди. Егер Масихтың өлими тек үлги болып қалғанда, Хош Хабарлардан басқа нәрселер де сырлы болып қалар еди. Бизиң адам сыпатындағы мүтәжлигимиз қанаатландырылмай қалған болар еди. Бизлерге үлгиден де уллырақ нәрсе, бизлерге Қутқарыўшы керек. Үлги қыялларымызды тынышсызландырады, бизлерди идеализмге руўхландырып, турақлылықты беккемлейди. Бирақ, ол бизлерди ислеген гүналарымыздан тазалай алмайды, тынышсызланған ҳүжданымызды тынышландырып, Қудай менен жарастыра алмайды.

Бул бойынша елшилер де екиленбестен, бәрқулла Масихтың келиўи менен оның өлими бизлердиң гүналарымыз бенен байланыстырады.

> «Мухаддес Жазыўлар бойынша, Масих бизлердиң гүналарымыз ушын өлди».
>
> *Кор 1-х 15:3*

> «Масих гүналарымыз ушын бир мәртебе қурбан болды».
>
> *1 Петр 3:18*

> «Ал, Масихтың гүналарымызды алып таслаў ушын келгенин билесизлер».
>
> *Юх 1-х 3:5*

Жаңа Келисимниң елшилери болған усы үш уллы автор — Павел, Петр ҳәм Юхан бир аўыздан Масихтың өлимин бизлердиң гүналарымыз бенен байланыстырады.

*Масих бизлердиң гүналарымызды Өзине алыў ушын өлди*

Масихтың өлими менен бизлердиң гүналарымыз арасындағы байланысты сүўретлей отырып, Петр өзиниң екинши хатында (2:24) былай деп жазған еди: «Ол гүналарымызды атанақ ағашта Өз денесине жүкледи». «Гүнаны алыў» деген сөз бизлер ушын ерси түйилиўи мүмкин. Сонлықтан, оны түсиниў ушын, бизлер Ески Келисимге қайтыўымыз тийис. Бул сөз «Лебийлилер» ҳәм «Санлар» китапларында жийи-жийи тәкирарланады. Бул китапларда көп мәртебе айтылыўы бойынша, ким де ким Қудайдың Нызамларының бирин бузса, нызамсызлық ислеген болып, гүнакар саналады.

Мысалы: «Ким де ким гүна ислеп, Жаратқан Ийениң буйрықларына қарсы ис қылса, айыпкер болып, гүнакар саналады» (Леб. 5:17). Бул сөзлер тек бир нәрсени аңлатады: гүнакар саналыў — бул гүнаның нәтийжеси себепли азап шегип, гүна ушын жазаланыў дегенди билдиреди.

Бирақ, айырым ўақытлары гүнакар адам ушын басқа адам жуўапкерши-ликти алыўы мүмкин. «Санлар» китабының 30 — бабында ант бериў ҳаққында сөз етиледи. Муўсаның түсиндириўи бойынша, ер адам ямаса жесир ҳаялдың берген ўәдеси қабыл етиледи. Деген менен, турмысқа шықпаған қыз ямаса күйеўге шыққан ҳаял тәрепинен берилген ант олардың әкеси

ямаса күйеўи тәрепинен тастыйықланыўы тийис. Егер ер адам ҳаялдың берген ўәдесин еситсе де үндемей қалса, ал кейин ала бул ўәде ақылсыз ҳәм тийкарсыз болып шықса, онда: «Ер адам ҳаялдың гүнасын өзине алады», — деп жазылған. «Еремияның жоқлаўы» китабының соңғы бөлегинде бизлер және бир мысал табыўымызға болады. Китапта Ерусалим қыйратылғаннан соң, Израиллылар: «Ата-бабаларымыз гүна иследи, бирақ енди олар жоқ, ал бизлер олардың нызамсыз иси ушын жазаланып атырмыз», — деп жылайды. (5:7).

Бизлердиң гүналарымыз ушын басқа биреў жуўапкершилик алып, жазаланыўы мүмкин екенлиги Ески Келисимде Муўсаның Нызамы талап еткени бойынша қан шығарылып, қурбанлық берилиўи бүгин бизлер ушын ерси түйиледи. Халықтан гүналарды алып таслап, оны Жаратқан Ийениң алдында тазалаў ушын, гүна қурбанлығын бериў кереклигин Қудай буйырған еди (Леб 10:17). Сол сыяқлы, ҳәр жылы Тазаланыў күнинде Харон текениң басына қолын қойып, халықтың гүналарын айтып, тәўбе етиўи (бул арқалы өзин ҳәм халқын байланыстырыўы), тымсалый түрде гүналарды сол текеге жүклеп, кейин оны шөлге жибериўи тийис еди. «Теке олардың барлық нызамсыз ислерин алып, адамсыз жерге апарады», — делинген. Булар арқалы биреўдиң гүнасын «алыў» — гүнакар адамның орнында турып, оның гүнасы ушын жазаланыў дегенди аңлататуғыны мәлим болады.

Бирақ, бул кәраматлы түрде ўақытша қутқарылыўға қарамастан, «Еврейлерге жазылған хаттың авторының

айтыўы бойынша: «Өгизлер менен текелердиң қаны гүналарды жоқ қыла алмайды» (Евр. 10:4). Ийшаяның китабындағы хызметшиниң ең узын қосығында айыпсыз азап шегиўшиниң (Масих) қурбанлығы айрықша сүўретленген. Ол «қой сыяқлы баўызланыўға алып барылды», «үндемей турды», «Жаратқан Ийе бизлердиң ҳәммемиздиң гүналарымызды Оған жүкледи». Оның жаны «гүна ушын қурбан етилди» (Ийшая 53-б). Бизлердиң ҳәммемиз «қойлар сыяқлы адасып жүрдик», Ол да қой сыяқлы «бизлердиң гүналарымыз ушын жараланып, нызамсыз ислеримиз ушын азап шекти; Бул дүнья ушын Ол жазаланды, Оның жарақатлары арқалы бизлер шыпа таптық». Солай етип, «Мениң халқымның жынаяты ушын, Ол өлим жазасын алды», — деп айтылғаны бойынша, биреў ушын екинши адам жазаланғаны анық көринеди. Буған қосымша *Лебийлилер* китабындағы мына аятларды да келтирип өтиўге болады: «Олардың гүналарын Өзине алады», «Ол көп адамлардың гүналарын Өзине алды».

Көп әсирлерден соң, ақыры бир күни Ийса келгенде, Шомылдырыўшы Яқыя ҳәммениң алдында былай деген еди: «Мине, Бул — дүньяның гүнасын Өзине алатуғын Қудайдың Қозысы!». Солай етип, Жаңа Келисимниң китаплары жазылған ўақытта олардың авторлары Ийсаның өлимин екиленбестен соңғы қурбанлық деп мойынлады. Бул арқалы Ески Келисимдеги барлық қурбанлықлар әмелге асты. Усы ҳақыйқатлық «Еврейлерге жазылған хат» тың әҳмийетли бөлеги болып табылады. Ески қурбанлықлар

өгиз ҳәм текелерден ибарат еди. Масих Өзин қурбан етти. Ески қурбанлықлар қайта — қайта берилетуғын еди. Ал, Масих ҳәмме ушын бир мәртебе өлди. Ол көплердиң гүнасын Өзине алыў ушын бир мәртебе қурбан болды. Соңғы сөзлер бизлерге Петрдиң мына сөзлерин еске түсиреди: «Ол гүналарымызды атанақ ағашта Өз денесине жүкледи». Қудайдың Улы Өзин адамлардың гүналары менен теңлестирди. Ол Өзине тек бизлердиң тәбиятымызды алып қоймай, нызамсыз ислеримизди де алды. Ол Мәриямның қурсағында адам болып қоймай, Галгота атанақ ағашында гүнаға да айланды.

Бул соңғы сөзлер Павелге тийисли. Олар Мухаддес Китапта қутқарылыў ҳаққында айтылған ең әжайып тәлиймат болып табылады. Келеси аятларда Павел Қудайдың бизлерди айыплаўдан ўаз кешип, гүналарымызды есапқа алмағанын тастыйықлайды (2 Кор 5-6). Яғный, Қудай бизлер ылайықлы болмаған сүйиспеншиликти көрсетип, бизлердиң гүналарымыз ушын жуўап бериўимизди қәлемеди. Қудай Ески Келисим ўақтында айтылған мына сөзлерди бизлер туўралы айтыўға рухсат етпеди: «Олар өз нызамсыз ислери ушын жуўап береди». Қудай не иследи? «Қудай бизлердиң гүналарымызды ҳеш қашан гүна ислемеген Масихқа жүкледи. Масих пенен байланысқа ийе болған бизлер Қудай алдында усы арқалы ақландық». Ийса Масих гүнасыз болды. Ол бизлердиң гүналарымыз себепли атанақ ағашта гүнакар болды.

Бизлер атанақ ағашқа қарасақ, оның қәншелли қорқынышлы екенин көремиз. Түсте пүткил жерди

қараңғылық қаплап, Ийса жан тапсырғанша, саат үшке дейин сондай болып турды. Қараңғылық пенен қоса тынышлық та келди. Себеби бийгүна Қозының қәншелли азап шеккенин ҳеш бир көз көрмеўи ҳәм ҳеш бир аўыз бул туўралы айтып бермеўи керек еди. Адамзат тарийхында исленген гүналардың ҳәммеси оған жүкленген еди. Ол сол гүналарды Өз қәлеўи бойынша денесине жүклеген еди. Ол сол гүналарды Өзиники қылып, олар ушын толық жуўапкершиликти алған еди.

Ийса жалғыз қалып, Руўхы Қудайдан алыс болғанда: «Қудайым! Неге Мени таслап кеттиң?» — деген сөзлер Оның аўзынан ерксиз шығып кеткен еди. Бул «Забур» китабындағы 21-жырдың биринши қатары еди. Ийса азап шегип атырып, жырда Масихтың азап шегип, даңққа ерискени қалай сүўретленгени туўралы пикир жүргизгени сөзсиз. Бирақ, не ушын Ийса бул қатарды келтирип өткен еди? Не ушын бул емес, ал жеңис ҳаққында соңғы аятларды келтирип өтпеди? Не ушын: «Жаратқан Ийеден қорқыўшылар! Оны алғыслаңлар!» — деген қатарларды келтирмеди? Я болмаса, «Патшалық Жаратқан Ийеники», — деген қатарды айтпады. Бул адамның ҳәлсизлиги ҳәм үмитсизлиги ямаса Қудайдың Улының Өз қыялына ерк бериўи деп түсиниў керек пе? Жоқ. Бул сөзлерди толық мәниси бойынша қарап шығыў тийис. Ийсаның Мухаддес Жазыўдағы бул аятты келтирип өтиўиниң себеби — Ол усы сөзлерди Өзиниң әмелге асырып атырғанына исенетуғын еди. Ийса басқа аятларды келтиргенде де усындай исенимге ийе еди.

Ол бизлердиң гүналарымызды Өзине алды. Сонда «жаўызлықларға ҳәм жәбир бериўлерге қарай алмайтуғын» Қудай пәк нәзерин Оннан терис бурды. Бизлердиң гүналарымыз Әке менен Ул ортасында турды. Әкеси менен мәңгиге бирге болған Ийемиз Ийса Масих ҳеш қашан Оның менен болған қарым-қатнасын дүньядағы өмиринде де үзбеген еди. Бирақ, минекей, Масих бирден жалғыз қалып, дозаққа барды. Ол Қудайдан айырылған адамның жаны қалай қыйналатуғынын басынан кеширди. Масих бизлердиң гүналарымызды Өзине алып, бизлердиң орнымызға өлди. Бизлер гүналарымыз ушын Қудайдан айырылыў жазасын алыўымыз керек еди. Бирақ, Ийса бизлердиң орнымызға усы жазаны бастан кеширди.

Ал, соңынан қараңғылықтан шығып, Ийса жеңисли түрде: «Орынланды!» — деп, «Әке! Руўхымды Сениң қолыңа тапсыраман», — деп айтып болып, жан тапсырды. Ийсаның орынлаў ушын келген иси тамамланған еди. Ол жеңип алыўы керек болған қутқарылыў қолға киргизилген, дүньяның гүналары жуўылған еди. Усы Қутқарыўшыға исенип, Оны Қутқарыўшым деп қабыл еткен ҳәр бир адам Қудай менен жараса алатуғын болды. Бул ҳақыйқатлықты ҳәммеге көрсетиў ушын, Қудайдың көзге көринбейтуғын қолы Ибадатханадағы пердени дәрҳал қақ айырып таслаған еди. Сол перде енди керек емес болып қалған еди. Енди Қудайға апаратуғын жолда тосқынлық жоқ еди. Масих барлық исениўшилерге аспанға баратуғын жолды ашып берди. Бийкарға өлмегенин дәлийллеў ушын, отыз алты сааттан соң, Ийса өлимнен қайта тирилди.

Қудайдың Улының бизлердиң гүналарымызды Өзине алғаны ҳаққында бул әпиўайы ҳәм әжайып гүрриң ҳәзир таң қаларлық дәрежеде белгили емес. Оныңадамлардыңгүналарыушынжазаланыўытийис болғанын әдеп — икрамсызлық, әдалатсызлық ҳәм бийпайда нәрсе деп атайды. Әлбетте, буларды аңсат ғана күлкиге айландырыўға да болады. Бул бизлердиң басқа қылатуғын талабымыз жоқ деген-ди аңлатпайды. Петр айтқандай, әлбетте, бизлер гүна ушын өлип, ҳақлық ушын жасаўға тырысып, «жанларымыздың Шопаны ҳәм Бағыўшысына» қайтыўымыз тийис. Және де, булардың ҳәммеси Қудайдың таң қаларлық мийрим-шәпәәти себепли болғанын умытпаўымыз лазым. Ийсаға, қутқарғысы келмейтуғын Қудайдың қолынан қутқарылыўды тартып алған үшинши адамға қарағандай қарамаў керек. Қутқарыў басламасы Қудайдың Өзине тийисли еди. «Қудай Масих арқалы дүньяны өзи менен жарастырды». Мен Қудайдың қалай Масихта болғанын анық түсиндире алмайман. Оны қалай бизлер ушын гүнакар қылғанын да айта алмайман. Бирақ, сол елши усы еки ҳақыйқатлықты бир аятта түсиндиреди. Бизлер Насыралы Ийсаның ҳәм Қудай, ҳәм адам болғанын таң қаларлық нәрсе болса да, қабыл етиўимиз тийис. Ийсаның Өзи таң қаларлық болса, Оның ислери де таң қаларлық екенин ҳайран қалдырмаў керек. Егер бизлер бул таң қаларлық нәрсени түсинип, сырын биле алмасақ та, Масихтың ҳәм оның елшилериниң дәлийллерине исениўимиз тийис. Оның бизлердиң гүналарымызды Өзине алып,

бизлер гүналарымыз ушын алатуғын жазаны алғанын түсиниўимиз лазым.

Петрдиң анық усыларды нәзерде тутқаны үш нәрсе арқалы анық болады. Биринщиден, Петрдиң айтыўы бойынша, Масих бизлердиң гүналарымызды атанақ ағашқа жүкледи. Петр «Елшилердиң ислери» китабында жазылған биринши ўазларында усы сөзлерди биле тура қолланғаны сөзсиз. Мысалы: «Ата-бабаларымыздың Қудайы сизлер атанақ ағашқа шегелеп өлтирген Ийсаны қайта тирилтти», — деген еди Петр (Елшилердиң ислери 5:30). Петрдиң тыңлаўшылары болған еврейлер оның «Мухаддес Китапты қайталаў» китабындағы 21-бапты нәзерде тутып атырғанын аңсат түсинетуғын еди. Ол жерде: «Ағашқа асылған ҳәр бир адам нәлетий», — деп жазылған. Ийсаның өмириниң ағашта жуўмақланғаны (еврейлер атанақ ағашқа шегелениўди ағашқа асылыў менен бирдей көрди) Онда Қудайдың ғарғысы бар дегенди аңлататуғын еди.

Бул пикирден ўаз кешиўдиң орнына, елшилер оны қабыл етти. Ал, Павел оны өзиниң галатиялыларға жазған хатының үшинши бабында түсиндирди. Және де, Павел «Мухаддес Китапты қайталаў» китабында жазылғаны бойынша: «Мухаддес Нызам китабында жазылған ҳәмме нәрсени бәрқулла орынлап жасамайтуғын ҳәр бир адам нәлетий болады», — деген аятқа да дыққат аўдарады. Бирақ, Павел даўам етип: «Масих бизлерди Мухаддес Нызамның нәлетинен қутқарды», себеби: «Ағашқа асылған ҳәр бир адам нәлетий», — екенин айтады.

Бул аятлардың контексттеги әҳмийети анық ҳәм булжымас. Яғный, нызамды бузған жынаятшы алыўға ылайықлы болған ғарғыс атанақ ағаштағы Ийсаға жүкленди. Ийса өлген ўақытта усы ғарғысты Өзине алып, бизлерди оннан азат етти.

| *1 Петр 2* | *Ийшая 53* |
| --- | --- |
| Ол ҳеш қандай гүна ислемеди, аўзынан ҳеш қандай жалған сөз де шықпады | Ол гүна ислемеди ҳәм аўзынан жалған сөз де шықпады |
| Оған ҳәмме жаман сөз айтты | Ол ҳәммеге жек көрилди ҳәм адамлар алдында пәслетилди |
| Ол гүналарымызды Өзи мойнына алды | Ол Өзине көплердиң гүнасын алды |
| Оның жаралары менен сизлер шыпа таптыңыз | Оның жаралары менен сизлер шыпа таптыңыз |
| Сизлер жойтылған қой сыяқлы едиңлер | Бизлер ҳәммемиз жойтылған қой сыяқлы едик |

Екиншиден, «Петрдиң биринши хаты»ндағы бул сөзлер Ийшаяның китабындағы 53-бап пенен анық бес түрли байланысқа ийе.

Бурын көрип өткенимиздей, сол 53-бапта басқалардың жынаятлары ушын қурбан болған айыпсыз азап шегиўши ҳаққында сөз етилген. Әлбетте, Ийсаның Өзи де, Оның шәкиртлери сыяқлы, Өз хызметин ҳәм өлимин усы бапқа байланыслы түсине алған еди. Мысалы: Эфиоп ақта Хош Хабар жәриялаўшы Филиптен өзи оқып

отырған пайғамбардың китабында ким ҳаққында айтылып атырғанын сорағанда, Филип дәрҳал оған Ийса ҳаққында Хош Хабар айтқан еди.

Үшиншиден, Петрдиң хатында атанақ ағаш ҳаққында айтылған басқа да сөзлерди ушыратыўға болады. Бул арқалы биз оның 2-бапта айтқан сөзлерин дурыс түсингенимиз дәлийлленеди. Петр өз оқырманларын Қудайдың минсиз ҳәм кемшиликсиз Қозысы болған Масихтың бийбаҳа қаны менен сатып алынып қутқарылған, ҳәтте, үстилерине Оның қаны себилген адамлар сыпатында сүўретлейди (1 Петр 1:2, 18, 19).

Бул еки түсиник те ең дәслеп Израил халқының Мысырдан шыққан ўақтында Қутқарылыў байрамы қурбанлығын бергени менен байланысқа ийе. Сонда ҳәр бир Израил хожалығы бир қозы алып, оны сойыўы ҳәм қанын үйдиң қапысының жоқарғы жағы менен оң ҳәм шеп жақлаўларына жағып шығыўы тийис еди. Солай етсе ғана олар Қудайдың ҳүкиминен қутылып, Мысыр қуллығынан азат бола алатуғын еди. Петр батыллық пенен Қутқарылыў тымсалларын Масих пенен байланыстырады (Павел де солай ис тутып: «Масих — бизлер ушын қурбан болған Қутқарылыў байрамының Қозысы», — деген еди). Масихтың қаны бизлерди Қудайдың ҳүкиминен ҳәм гүнаның қуллығынан қутқарыў ушын төгилди. Егер бизлер буннан пайда көрмекши болсақ, усы қан жүреклеримизге себилиўи, яғный ҳәр бир адамның жеке өзине себилиўи тийис.

Петрдиң биринши хатындағы 3-бап, 18-аятта да атанақ ағаш ҳаққында мынадай әҳмийетли сөзлер айтылған: «Масихтың Өзи де ҳақ бола тура, наҳақлар ушын азап

шекти. Ол бизлерди Қудайға алып келиў ушын, гүналарымыз ушын бир мәртебе қурбан болды». Гүна бизлерди Қудайдан айырды. Бирақ, Масих бизлерди Қудайға алып келиўди қәледи. Сонлықтан, Ол бизлердиң гүналарымыз ушын азап шекти, айыпсыз Қутқарыўшы айыплы гүнакар адамлар ушын өлди. Ол турақлылық пенен, буны ҳеш ким қайталамаўы, жақсырақ ислемеўи ҳәм толықтырмаўы ушын, бир мәртебе ислеген еди.

Бул жерде жасырын болған ишки мағана бар екенин нәзерден қашырмаўымыз лазым. Буның мәниси — диний үрп-әдетлерди орынлаў ҳәм саўап ислеримиз бизлерге қутқарылыў бере алмайды дегенди билдиреди. Солай болса да, Батыс еллериндеги көплеген адамлар масихыйлықты мысқыллаўға кирисип кетти. Олар масихыйлардың Хош Хабары менен шығыс динлери арасындағы тийкарғы өзгешеликлерди көре алмай атыр. Өйткени, олар ҳәр бир динди адам қәдириниң системасы деп есаплайды. «Қудай өзине өзи жәрдем еткен адамға жәрдем береди», — дейди олар. Бирақ, бул пикир Масихтың атанақ ағашы менен үйлеспейди. Масих бизлердиң барлық гүналарымызды жуўыў ушын өлди. Буның себебин әпиўайы ғана түсиндириўге болады. Өйткени, бизлер өзлеримиз оларды жуўа алмас едик. Егер бул ис бизлердиң қолымыздан келгенде, Оның өлиўи қәжет болмаған болар еди. Негизинде, егер бизлер Қудайдың мийрими-шәпәәтине өзлеримиз-ақ ерисе аламыз, деп исенсек, онда Ийса Масихты қапа қылған боламыз. Бул бизлердиң Оған: «Сенсиз-ақ өзлеримиз ислей аламыз, өлиўиңниң де кереги жоқ еди», — дегенимиз бенен тең болады. Павелдиң жазғанындай: «Егер де Мухаддес Нызам

(яғный, бойсыныў) арқалы ақланыў (яғный, Қудайдың бизлерди қабыл етиўи) мүмкин болғанда, онда Масих бийкарға өлген болар еди».

Павелдиң заманында болғаны сыяқлы, атанақ ағаш ҳаққында айтылған Хабар бизиң заманымызда да даналар ушын ақылсызлық, ал өзлигинше ақланбақшы болғанлар ушын сүрниктиретуғын тас болып қалмақта. Деген менен, ол миллионлаған адамлардың ҳүжданына тынышлық алып келди.

Ибадатхананың бас руўханийи болған Ричард Хукер 1585-жылы оқыған ўазында былай деген еди:

> «Мейли, буны ойсызлық, ақылсызлық, ғәзеп, я болмаса және басқа нәрсе дей қойсын. Бул — бизлердиң даналығымыз ҳәм жубанышымыз. Адам гүна ислегени, ал Қудай азап шеккени ҳаққында тәлийматтан басқа, бул дүньядағы ҳеш бир тәлиймат бизлерге кереги жоқ. Қудай Өзин адамлардың гүнасына айландырды, ал адамлар Қудайдың ҳақлығына айланды».

Ҳәр бир масихый адам бул сөзлерди тәкирарлай алады. Масихтың жарақатлары арқалы шыпаланыў, өлими арқалы өмир, жәбир көриўи арқалы кеширим, азап шеккени арқалы қутқарылыў келди.

# 8
# МАСИХТЫҢ ҚУТҚАРЫЎЫ

Қутқарыў — бул кең мәниске ийе сөз. Оны кеширим сөзиниң синоними деў үлкен қәте болған болар еди. Қудай ушын бизлердиң ҳәзирги ҳәм келешек жағдайымыз әҳмийетли болғаны сыяқлы, Ол ушын бизлердиң өтмишимиз де әҳмийетли. Биринشиден, Оның жобасы — бизлерди Өзи менен жарастырыўдан ибарат. Кейин Ол бизлерди әсте-ақырын өзлеримизге көбирек дыққат аўдарыўдан азат қылыўды, бизлер менен басқа адамлар арасына жақсы қарым — қатнас орнатыўды қәлейди. Бизлер биринши гезекте Масихтың өлими арқалы ғана кеширим алып, жарастық. Енди тек Оның Руўхы ғана бизлерди өзлеримизден азат қылады ҳәм бизлер тек Оның жәмәәтинде ғана сүйиспеншиликли қарым-қатнасқа шерик бола аламыз. Енди бизлер Масихтың қутқарыўы бойынша төмендеги нәрселерди қарап шығамыз.

## Масихтың Руўхы

Бурын көрип өткенимиздей, бизлер гүналарымызға бир-бири менен байланыслы жоқ нәрселерге қарағандай

қарамаўымыз тийис. Ал, оларға ишки руўхый кеселликке қарағандай қараўымыз лазым. Ийса оларды анықлап түсиндириў ушын терек ҳәм оның мийўелерин мысал қылып көрсеткен еди. Ол мийўениң қандай болыўы мийўе өскен терекке байланыслы екенин үйреткен еди. Ийса: «Ҳәр бир жақсы терек жақсы мийўе береди, жаман терек жаман мийўе береди. Жақсы терек жаман мийўе, жаман терек жақсы мийўе бере алмайды», — деген еди. (Матта 7:17, 18).

Солай етип, бизлердиң гүналарымыздың пайда болыў себеби — бизлер мийрас етип алған бузылған ҳәм өзлеримизди көбирек ойлайтуғын тәбиятымыздан ибарат. Ийсаның айтқанындай, бизлердиң гүналарымыз иштен, жүректен шығады. Сонлықтан, минез-қулықтың жақсы тәрепке өзгериўи тәбиятымыздың өзгериўине байланыслы. «Теректи жақсы қылсаң, оның мийўеси де жақсы болады», — деген еди Ийса.

Деген менен, адам тәбиятын өзгертиўге бола ма? Тоңқылдақ адамды мүләйим адамға, менменди кишипейилге, өзин көбирек ойлайтуғын адамды басқаларды көбирек қайғыратуғын адамға айландырыўға бола ма? Бундай кәраматлардың болыўы мүмкин екенин Мухаддес Китап исенимли түрде жәриялайды. Бул — Хош Хабардың даңқының бир бөлеги. Ийса Масих бизлерге тек Қудай алдындағы жағдайымызды емес, ал тәбиятымыздың өзин өзгертиўди усынады. Ийса Никодимге қайтадан туўылыў зәрүр екенлигин айтқан еди. Оның сөзлери бизлер ушын еле де ҳақыйқат. Ийса Никодимге: «Саған шынын, ҳақыйқатын айтаман: ким де ким қайтадан туўылмаса, Қудайдың Патшалығын көре алмайды. Саған: «Қайтадан

туўылыўың керек», — дегениме ҳайран қалма», — деген еди.

Ал, Павелдиң сөзлери буннан да бетер шийеленискен болып, ол ҳәтте, фейилсиз сөзлерди айтып: «Ким де ким Масих пенен байланысқа ийе болса, ол — жаңа жаратылыс», — дейди (2 Кор. 5:17). Демек, бул жерде Жаңа Келисим айтқан жаңа мүмкиншилик — жаңа жүрек, жаңа тәбият, қайтадан туўылыў ҳәм жаңа жаратылыс бар.

Адамның ишиндеги өзгерислер — бул Мухаддес Руўхтың иси. Жаңадан туўылыў — бул «жоқарыдан» туўылыў. Қайтадан туўылыў — бул Мухаддес Руўхтан туўылыў дегенди аңлатады. Бул жерде Мухаддес Үшбирлик ҳаққында сырлы тәлийматты талқылап отырыўдың қәжети жоқ шығар. Бизлер ушын ишки кеширмелерин ўазаларында билдирген елшилердиң Мухаддес Руўх ҳаққында жазғанына қараў жеткиликли болады.

Деген менен, дәслеп мына нәрсени түсинип жетиўимиз әҳмийетли: Мухаддес Руўх Елиўинши күннен баслап пайда болып, сол күннен баслап Өз хызметин баслаған жоқ. Мухаддес Руўх — Қудайдың Өзи. Сонлықтан, Ол мәңгиге бар ҳәм дүнья жаратылған ўақыттан Өз исин баслады. Ески Келисим Ол туўралы көп мәрте айтты. Пайғамбарлар да Мухаддес Руўхтың иси раўажланып, кеңейетуғын ўақтын, Қудайдың Өз халқына Мухаддес Руўхты берип, бул арқалы Өз нызамын орынлаўға оған мүмкиншилик туўдырып бериўин асығыслық пенен күткен еди.

Ески Келисим пайғамбарларды болжап айтқан нәрселердиң Масих жақын арада болатуғынын ўәде етти. Өлиминен бир неше саат бурын кишкене бөлмеде елши-

лери менен бирге болған Ийса Жубатыўшы ҳаққында айтып, ҳақыйқатлық Руўхы болған Ол келип, Өзиниң орнын ийелейтуғынын билдирген еди.

Өзинен гөре, Мухаддес Руўхтың олар менен бирге болғанын жақсырақ деп билип, Ийса: «Мениң кеткеним сизлер ушын жақсырақ. Егер мен кетпесем, сизлерге Жубатыўшы келмейди. Егер кетсем, Оны сизлерге жиберемен», — деген еди (Юҳ. 16:7). Бул жерде артықмашлық мынадан ибарат еди: Масих олар менен бирге болады, ол Мухаддес Руўх олардың ишинде болады (Юн 14:17).

Бизлер анық мәнисте Ийсаның устазлық хызмети келиспеди, деп айта алған болар едик. Ол шәкиртлерин бир неше мәрте кишипейил болыўға, кишкене бала сыяқлы болыўға шақырса да, Симон Петр менмен ҳәм өзимшил болып қалды. Ийса шәкиртлерине бир-бирин жақсы көриўди буйырса да, ҳәтте, Юхан «гүлдирмаманың баласы» деген атты алды. Солай болса да, Петрдиң биринши хатын оқысақ, онда кишипейиллик ҳаққында айтылғанын көрмеў мүмкин емес, ал Юханның хатлары сүйиспеншиликке толы. Бундай өзгерислерди ким пайда етти? Мухаддес Руўх. Ийса оларды сүйиспеншиликли ҳәм кишипейил болыўға үйретти. Бирақ, Мухаддес Руўх оларға түсип, оларды иштен өзгертпегенше, бундай қәсийетлердиң биреўи де оларда болмаған еди. Елиўинши күни ҳәмме Мухаддес Руўхқа толды (Елш 2:4). Бул ўақыя тек елшилер менен уллы ҳәм Мухаддес болған басқа адамлар ушын ғана болып өтти, деп ойламаңлар. Деген менен, бундай сыртқы қубылысқа ийе болған, күшли самал ҳәм отлы тиллер және қайталанады деп күте алмаймыз. «Мухаддес Руўхқа толыңлар», — деген буйрық ҳәмме

масихыйларға қарата айтылған буйрық болып табылады. Ҳәр бир масихый жоқарыдан туўылғаннан баслап, Мухаддес Руўх оның ишинде жасайды. Бул ол ушын берилген руўхый ҳуқық. Негизинде, егер Мухаддес Руўх бизлерде жасамайтуғын болса, демек, бизлер ҳақыйқый масихыйлар болмағанымыз. «Ким де ким Масихтың Руўхына ийе болмаса, ол Масихқа тийисли емес», — деп жазған еди Павел (Ефес. 5:18 Рим 8:9).

Ал, Жаңа Келисим бизлерге мыналарды үйретеди: бизлер Ийса Масихқа өзлеримизди исенип тапсырсақ, Оған өзимизди берсек, бизлерге Мухаддес Руўх түседи. Ол Қудай тәрепинен бизлердиң «жүреклеримизге жиберилген» болып, денемизди Өзиниң Ибадатханасына айландырады (Галл. 4:6; 1 Кор. 6:9).

Бул, бизлер усы ўақыттан баслап гүнадан азатпыз дегенди аңлатпайды. Керисинше, бул нәрсе еле де күшлирек ҳәўиж алады, бирақ бир тәрепинен жеңиске қарай жол ашылады. Павел бул урысты галатиялыларға жазған хатының 5-бабында қызықлы түрде сүўретлейди. Урыс қатнасыўшыларының бири — «дене», яғный бизлердиң мийрас етип алған менмен тәбиятымыз ҳәм «Руўх». «Адам тәбиятының жаман қәлеўлери Мухаддес Руўхқа, Мухаддес Руўх адам тәбиятының жаман қәлеўлерине қарсы. Олар бир-бирине қарсы», — делинген.

Бул қурғақ диний теория емес, ал бир масихыйдың күнделикли өмиринде ушырасатуғын ҳақыйқатлық. Бизлер өзлеримизди төмен қарай тартатуғын гүнакар қәлеўлерди сеземиз, бирақ енди буған қарсы туратуғын, бизлерди жоқарыға, мухаддесликке қарай тартатуғын күш бар екенин де билемиз. Егер бизлер «денемиз»ге,

яғный оның гүнакар қәлеўлерине еркинликти көбирек берсек, онда Павел 19–21 (Галл. 5-6) аятларда атап өткен әдепсиз ҳәм өзимшил қылықларға берилип кетемиз. Ал, егер бизлер Мухаддес Руўхтың бизлерде ҳәрекет етиўине толық жол қойсақ, буның нәтийжеси «сүйиспеншилик, қуўаныш, тынышлық, сабырлылық, жақсылық, мийримлилик, исеним, кишипейиллик ҳәм өзин тыйып билиўден ибарат» болады. Бул жақсы қәсийетлерди Павел «Мухаддес Руўхтың жемиси» деп атайды. Адамның минез-қулқы Мухаддес Руўх жумыс ислейтуғын бағқа уқсайды. Мухаддес Руўх бизлердиң тереклеримизди жақсы қылыўына жол қойып берейик, сонда жемислеримиз де жақсы болады.

«Мухаддес Руўхтың жемиси» өсип жетилисиўи ушын, «гүнакар тәбиятымыз» дың жаман қәлеўлерин қалай жүўенлей аламыз? Бул сораўға жуўапты бизлер өзлеримиздиң усы қәлеўлерге қандай қатнаста екенимизге қарап, биле аламыз. «Ийса Масихқа тийисли болғанлар өз тәбиятын қәлеўлери ҳәм нәпсилери менен бирликте атанақ ағашқа шегелеп қойған. Мухаддес Руўхқа бойсынып жасаңлар! Сонда өз тәбиятыңыздың жаман қәлеўлерине ҳеш қашан бойсынбайсызлар». Бизлер «гүнакар тәбиятымыз» дың жаман қәлеўлерине күшли қарсылық көрсетип, олардан аяўсыз түрде бас тартыўымыз, яғный оларды атанақ ағашқа «шегелеўимиз», ал өзлеримизде жасаўшы Мухаддес Руўхтың өмиримизде бийлик етиўине сөзсиз жол қойыўымыз тийис. Бизлер жаман қәлеўлеримизден қаншама көбирек ўаз кешип, Мухаддес Руўхқа бойсынып барсақ, гүнакар тәбиятымыздың жарамас ислериниң жоқ болып, олардың орнына Мухаддес

Руўхтың әжайып жемислери пайда болып атырғанын көремиз.

Павел бул ҳаққында Коринфлилерге жазған екинши хатының, 3-бап, 18 аятында былай деп жазады: «Бизлердиң ҳәммемиз пердесиз жүз бенен Ийемиздиң уллылығын көремиз. Сол арқалы Оған уқсаў ушын өзгерип, уллылық үстине уллылыққа ерисип барамыз. Бул Руўх болған Ийемиздиң жәрдеминде иске асады». Бизлер тек Масихтың Руўхының жәрдеминде ғана Масихқа уқсап бара аламыз. Бизлер өзлеримиз де ҳәрекет етиўимиз, яғный тәўбе етиўимиз, исениўимиз ҳәм тәртипке бойсыныўымыз керек болады. Бирақ, негизинде мухаддесликке жетисип барыў тек ғана Мухаддес Руўхтың жәрдеминде иске асырылады.

Уильям Темпл бул бойынша мыналарды айтқан еди: «Маған «Гамлет», «Патша Лир» пьесаларын берип, меннен усындай пьеса жазыўды сораўдың кереги жоқ. Шекспир оларды жаза алды, бирақ мен жаза алмайман. Маған Ийса Масихтың өмирин көрсетип, солай жасаўды буйырыўдың кереги жоқ. Ийса солай жасай алды, бирақ мен жасай алмайман. Бирақ, егер Шекспирдиң руўхы маған кирип, менде жасай алғанда, мен ол сықлы жасай алған болар едим. Бул — масихый мухаддесликтиң сыры. Ийса сықлы жасаўға бизлер тырыспаўымыз керек, ал Ол Өз Руўхы менен бизлерде жасаўы тийис. Тек Оның үлгисин көриў жеткиликли емес. Ийса бизлерге Қутқарыўшы сыпатында керек.

Солай етип, тек Ийсаның өлими арқалы ғана бизлер гүналарымыз ушын алыўымыз керек жазадан қутыла аламыз. Және де, тек бизлерде жасаўшы Мухаддес

Руўхтың жәрдеминде ғана гүналарымыздың бийлигин қулата аламыз.

## Масихтың жәмәәти

Гүна — бул бузыўшы күш. Ол бизлердиң жақынларымыз бенен қарым-қатнасымызды бузады. Бизлерди Қудайдан ҳәм өзлеримиз сыяқлы болған адамлардан алыслатады. Бизлер өмир тәжирийбемизден жақсы билемиз, ҳәр қандай жәмәәт, мейли ол институт, емлеўхана, фабрика ямаса мекеме болсын, күншиллик ҳәм душпанлық орайына айланыўы мүмкин. Бизлерге «жалғыз жасаў» қыйын болады.

Бирақ, Қудайдың тилеги — бул бизлерди бир-биримиз бенен ҳәм Өзи менен жарастырыўдан ибарат. Сонлықтан Ол ғәрезсиз, ҳеш ким менен қарым-қатнасқа ийе болмаған адамларды басқалардан бөлек қутқармайды. Ол Өз меншигине *халықты* шақырады.

Бул Жаратылыс китабының биринши бапларынан-ақ анық көринеди. Қудай Ибрайымды шақырғанда, оған үйин ҳәм Месопотамиядағы жақынларын қалдырыўды буйырды. Қудай оған мийрас жер, аспандағы жулдызлар ҳәм теңиз жағасындағы қум сыяқлы есап-сансыз болған урпақлар беретуғынын ўәде етти. Ибрайымның урпақларын көбейтиўди ўәде еткенин ҳәм ол арқалы дүньядағы барлық халықларды да жарылқайтуғынын, Қудай Ибрайымның улы Ысаққа ҳәм ақлығы Яқыпқа да қайталап айтқан еди.

Деген менен, Яқып Мысырда, жат елде өлди. Оның он еки улы «Израил»дың он еки урыўының ата-бабасы

болды. Израил деген атты Яқыпқа Қудай берген еди. Көп жыллардан соң Мысыр қуллығынан азат етилген «Израилдың усы урпақлары» менен Қудай өз келисимин қайтадан дүзди.

Бирақ, дүньядағы барлық хожалықлар қалай жарылқаныўы керек еди? Бир жүз жыллық изинен екинши жүз жыллық өтип, Израилдың тәғдир дегершиги айлана берди. Бирақ, Израил халқы дүньядағы басқа халықларға жарылқаў емес, ал ғарғыс алған халық болып көринди. Өз қоллары менен салған дийўал қоршаўында жасаған Қудайдың халқы напәк бутқа табыныўшылар менен қарым-қатнас жасаў арқалы ипласланыўдан сақ болып келди. Олар өзлерин дүньяға жарылқаў әкелиўшилер бола алмайтуғындай көрди. Бирақ, Қудай майлаған Масих келгенде, дүньяның ҳәмме шетинен Қудай Патшалығына кириўши адамлар келетуғынын көп пайғамбарлар Қудайдың сөзлери арқалы билетуғын еди.

Ақыры Ийса келди. Насыралы Ийса көптен бери күтилген Қудайдың Патшалығы жақынлағанын жәриялады. Және де, Ол арқадан, қубладан, батыстан ҳәм шығыстан көп адамлар келип, Ибрайым, Ысақ ҳәм Яқып пенен бирге дастурханлас болатуғынын айтты. Қудайдың халқы өз алдына бөлек миллет болмай, ағзалары ҳәр қыйлы миллет, патшалық ҳәм тиллерден болған жәмийетке айланады. «Барыңлар, барлық миллетлерди Маған шәкирт қылыңлар», — деп Өз шәкиртлерине өлимнен қайта тирилген Ийемиз буйырған еди. Ийса Өзиниң көп шәкиртлериниң жыйнағын «Өз жәмәәтим» деп атаған еди (Матта 28:19; 16:18).

Солай етип, Қудайдың Ибрайымға берген анты, яғный кейин оның урпақларына қайталаған анты дүньядағы исениўши жәмәәтлердиң көбейиўине қарай әмелге асып атыр. «Егер Масихқа тийисли болсаңыз, онда Ибрайымның урпағысыз. Қудайдың ўәдеси бойынша мийрасхорларсыз», — деп жазған еди Павел (Галл. 3:29).

Павел исениўшилердиң Масихтағы бирлиги ҳаққында айтқанда, адам денесин мысал етип келтирген еди. Оның айтыўы бойынша, исениўшилер жәмәәти — бул Масихтың денеси. Ҳәр бир исениўши — усы денениң мүшеси ямаса органы. Ал, Масихтың Өзи — денениң исин қадағалаўшы бас. Ҳәмме мүшелер бирдей хызмет атқармайды. Олардың ҳәр бири ден саўлықтың жақсы болыўы ушын үлкен пайда келтиреди.

Пүткил дене улыўма тиришилик пенен жасайды. Бул — Мухаддес Руўх. Ол денени бириктирип турады. Мухаддес Руўх себепли исениўшилер жәмәәти бирликке ийе. «Ҳәммемиз бир денемиз ҳәм бир Мухаддес Руўхқа ийемиз», — деп жазады Павел. Ҳәтте, исениўши жәмәәттиң сыртқы бөлиниўи, яғный бир шөлкем сыпатында бөлиниўи (бул туўралы айтыў өкинишли болса да) исениўши жәмәәттиң ишки ҳәм руўхый бирлигин буза алмайды. Исениўши жәмәәттиң бирлиги бузылмас болып, ол Мухаддес Руўхтың бирлиги ямаса Мухаддес Руўх пенен қарым-қатнас болып табылады (Еф. 4:3; Флп. 2:1; 2 Кор. 13:13). Бизлердиң буған қатнасыўымыз бизлерди терең ҳәм мәңгиге бирлестиреди.

Әлбетте, дүнья жүзиндеги пүткил исениўши жәмәәтлердиң, яғный Масихтың денесиниң ағзасыман дей турып, исениўши жәмәәт исинде қатнаспаў ақылсызлық

болып есапланады. Бизлер бир исениўши жәмәәттиң ағзасы болсақ ғана Қудайға сыйыныў, басқа исениўшилер менен қуўанышлы қарым-қатнаста болыў, үлкенирек жәмийетлерге хызмет етиў мүмкиншилигине ийе боламыз.

Ҳәзир көп адамлар шөлкем сыпатында болған исениўши жәмәәтке қарсы шығады, ал айырымлар оннан пүткиллей ўаз кешеди. Жәмәәт ески, жабық ҳәм реакционшыл болса, онда бул түсиникли. Деген менен, исениўши жәмәәт қулап қалыўы мүмкин болған гүнакар адамлардан ибарат екенин умытпаў керек. Оннан қашыўымызға бул нәрсе себепши бола алмайды. Өйткени, бизлер өзлеримиз де гүнакармыз ҳәм қәте ислеп қойыўымыз мүмкин.

Және де, көзге көринетуғын исениўши жәмәәттиң ҳәмме ағзалары Ийса Масихтың жәмәәтиниң сөзсиз ағзалары емес екенин мойынлаўымыз тийис. Жәмәәт қағазларында ҳәм китапларында атлары болған айырым адамлардың атлары Ийсаның айтқанындай, ҳеш қашан аспанда жазылмаған. Бул жағдай Мухаддес Китапта жийи-жийи айтылатуғын болса да, оны бизлер шешпеймиз. «Кимниң Өзине тийисли екенин Қудай биледи». Суўға шомылдырылыў рәсими арқалы, руўханий Масихқа деген исенимин ашық *жәриялаған* адамларды көзге көринетуғын жәмәәтке мирәт етеди. Бирақ, тек Қудай ғана кимниң ҳақыйқаттан исеним менен жасайтуғынын биледи, себеби тек Ол ғана жүреклерди көре алады. Әлбетте, еки жәмәәт көп тәреплеме бир-бирине усайды. Деген менен, олар бирдей емес.

Мухаддес Руўх исениўши жәмәәттиң улыўма өмирин пайда етип қоймай, улыўма сүйиспеншилик те пайда

етеди. Мухаддес Руўхтың биринши жемиси бул сүйиспеншилик. Мухаддес Руўхтың тәбиятының өзи сүйиспеншиликтен ибарат болғанлықтан, Мухаддес Руўх кимде жасаса, соған сүйиспеншилик инәм етеди. Бул әжайып сезимди барлық масихыйлар бастан кеширген. Олар өзлери танымайтуғын ҳәм өзлеринен улыўма басқаша өмир кеширетуғын масихыйларға деген усындай сезимге ийе. Қудайдың балалары арасында болған ҳәм раўажланып атырған қарым-қатнаслар, қаналас адамлардың қарым-қатнасларынан да терең ҳәм жақын. Бул — Қудай хожалығының жақынлығы. «Бизлер өзлеримиздиң өлимнен өмирге өткенимизди билемиз, себеби туўысқанларымызды сүйемиз», — деген еди Юхан (Юх. 1-х 3:14). Бул — тәсиршең сүйиспеншилик емес. Ол тек сезимлерден ибарат та емес. Бул — тийкарында өзи өзин қурбан етиў болған сүйиспеншилик болып, ол өзин басқаларға хызмет етиў, жәрдем бериў ҳәм байытыў арқалы көрсетеди. Тек сүйиспеншилик пенен ғана гүнаға қарсы турыўға болады. Өйткени, сүйиспеншилик бирлестиретуғын жерде гүна айырады ҳәм сүйиспеншилик жарастыратуғын жерде гүна қатнасықты үзеди. Әлбетте, исениўши жәмәәтлер тарийхында ақылсызлық ҳәм өзимшиллик пенен былғанған күнлер, ҳәтте, Масихтың тәлийматын ашық тән алмаў жағдайлары да болды. Бүгин де айырым исениўши жәмәәтлер дәўлетли өмирде жасаўдың орнына, әлле-қашан өлген ямаса ҳәзир өлип атырған болып, биреўлери бөлек-бөлек болып бөлинген ҳәм сүйиспеншилик болмағаны себепли бузылған. Өзлериниң исенетуғынын айтып, өзлерин масихый деп атаўшы адамлардың ҳәммеси де Ийса Масихтың

сүйиспеншилигин ҳәм өмирин көрсетип жасап атыр деп айтыў қыйын.

Деген менен, жергиликли исениўши жәмәәтке ағза болыў (бул жәмәәт минсиз болмаса да) адамға басқалар менен қарым-қатнас қылып, Масихқа сыйыныўға ҳәм гүўалық бериўге мүмкиншилик жаратады. Себеби Масих Өз халқына усы мүмкиншиликти береди.

IV

# АДАМНЫҢ ЖУЎАБЫ

# 9
# БАҲАНЫ ЕСАПЛАЎ

Усы жерге дейин, бизлер Насыралы Ийсаның айрықша қудайлық тәбияты ҳаққында базы гүўалықларды қарап шықтық. Өзи менен өзи бәнт болып, басқа адамлар менен жақсы қарым-қатнаста болмаған, Қудайдан алыслаған гүнакар адамның мүтәжлиги ҳаққында пикир жүргиздик. Және де, Масихтың бизлер ушын жеңип алған ҳәм бизлерге усынып атырған қутқарылыў бойынша көз-карасларды айырып айттық. Ал енди болса, жеке сораў бериў ўақты да жетип келди. Яғный, Саулдың Дамаскке баратырған жолда Ийса Масихқа: «Ийем! Маған не ислеўди буйырасаң?» — деп сораў бергениндей, я болмаса Филип қаласындағы қамақхана хызметкериниң: «Қутқарылыўым ушын не ислеўим керек?» — деген сораўы сыяқлы сораў қойыўымыз тийис.

Бир нәрсе ислеўимиз керек екени анық. Масихыйлық — бул тек қандай да бир қағыйдалар жыйнағына (олар ҳақыйқат болса да) бойсыныў емес. Масихтың Қудай екенине ҳәм Оның қутқарыўына исениўи, адам өзин қутқарылыўға мүтәж болған гүнакар деп сезиўге болады. Бирақ, булар бизлерди еле масихый қылмайды. Бизлер

өзимизди Ийса Масихқа Қутқарыўшымыз ҳәм Ийемиз сыпатында толық бағышлаўымыз арқалы, Оған жеке жуўабымызды бериўимиз тийис. Бундай шешим ҳаққында endиги тараўда сөйлесип, ҳәзир ҳәр қыйлы практикалық пикирлерди қарап шығамыз.

Өз дининиң сыйдан ҳәм талаптан ибарат екенин Ийса ҳеш қашан жасырмаған еди. Ҳақыйқатында, бул талап қәншелли сөзсиз орынланыўы керек болса, сый да соншелли бийғәрез болды. Ийса адамларға қутқарылыў усыныс етти, бирақ соның менен бирге олардан бойсыныўды да талап етти. Өзиниң шәкиртлери болғысы келетуғын ақылсыз адамларды Ийса ҳеш қашан қоллап- қуўатламаған. Сораў берген адамларға да ҳеш қандай аўырманлық жүклемеген. Ийса жуўапкершиликти билмейтуғын жигерли адамларды да қуры қол қайтарған. Лука бизлерге өзлери Ийсаның изине ериўди қәлеген ямаса усыған мирәт етилген үш адам ҳаққында айтқан еди. Бирақ, олардың ҳеш бири де Ийемиздиң сынағынан өте алған жоқ. Жас, бай, әдеп-икрамлы, ҳадал, сүйкимли ҳәм жас ҳүкимдар жигит те мәңгилик өмирди өз талапларына сай алыўды қәлеп еди. Ол да Ийсаның қасынан қапа болып кетип қалды. Оның байлықлары солайынша қалды, бирақ ол өмирге де, Масихқа да ерисе алмады. Ийсаның изине қаншадан-қанша адамлар ерип жүрди. Мүмкин, олар өзлериниң садықлығын айтып бақырған ҳәм бул олардың садықлығын дәлийллеген болыўы да итимал. Деген менен, Ийса олардың Өзине деген қатнасығы қәншелли үстиртин екенин билетуғын еди. Ийса тоқтап, оларға қарата мына тымсалды сораў формасында айтқан еди: «Араңыздағы бириңиз минара қурмақшы болса,

оны питкериў ушын ғәрежет жете ме деп, алдын-ала отырып, есаплап шықпай ма? Олай етпесе, тийкарын салып болып, қурып питкере алмай қалса, буны көргенлер оның үстинен күлип: «Мына адам қурыўды баслап, питкере алмады», — дейди» (Лука 14:28-30).

Масихыйлық майданында таслап кетилген, ярымы қурып питкерилген минаралар жайрап атыр. Оларды биреўлер қурыўды баслап, питкере алмаған. Өйткени, елеге дейин мыңлаған адамлар Масихтың ескертиўин есапқа алмай атыр. Олар алдын-ала ойланып алмай турып, Ийсаға ериўге шешим қабыл етеди. Буның нәтийжесинде масихый хожалықта үлкен жәнжел пайда болып, «тек аты масихый» деген термин келип шығады. Масихыйлық тарқаған мәмлекетлерде көплеген адамлар тек сыртқы жылтырақ көриниси менен ғана масихый. Олар өзлерине ҳүрмет келтиретуғын ислерде қатнасады, бирақ өзлерине қолайсыз ислерден бас тартады. Олардың дини — бул үлкен ҳәм қолайлы дастықтай. Ол сол адамларды өмирдиң қатты ҳәм жағымсыз тәреплеринен қорғайды. Оларға қолайлы болыў ушын, ол бирдей ўақыт ишинде өз орнын ҳәм формасын өзгертеди. Уятсыз адамлардың жәмәәт ишиндеги еки жүзлилер ҳаққында айтып, динди ҳақыйқатлықтан қашыў деп көрсетиўи де таң қаларлық нәрсе емес.

Ал, Ийсаның шақырығы улыўма басқаша еди. Ол адамлардың Өз шақырығын таярлық пенен қабыл етиўи ушын, Өз өлшемлерин пәсейтпеген ҳәм талапларын бийимлестирмеген.

Ийса бурын биринши шәкиртлеринен дәслеп ойланып алып, соңынан Өзине толық бойсыныўды талап

еткен еди. Ол ҳәзир де ҳәр бир шәкиртинен соны талап етпекте. Буннан азына Ол қайылшылық бермейди.

Енди бизлер Ийсаның не дегенин толық ҳәм анық қарап шығыўымыз тийис:

> «Соңынан Ийса шәкиртлери менен халықты Өзине шақырып алып: «Ким де ким Маған ергиси келсе, өзинен кешсин ҳәм атанақ ағашын арқалап, Мениң изиме ерсин. Себеби ким де ким өз жанын сақламақшы болса, оны жоғалтады. Ал ким де ким өз жанын Мен ҳәм Хош Хабар ушын жоғалтса, оны сақлап қалады. Адам пүткил дүньяны ийелеп алып, бирақ өз жанын жоғалтса, буннан оған не пайда? Ол өз жаны ушын қандай төлем бере алады? Егер ким де ким усы опасыз ҳәм гүнакар әўладта Меннен ҳәм Мениң сөзлеримнен арланса, Адам Улы да Әкесиниң салтанатында Өзиниң мухаддес periштелери менен келгенде, оннан арланады», — деди».
>
> *Мк 8:34-38*

## Ийсаның изинен ериўге шақырық

Масихтың шақырығы әпиўайы ғана: «Мениң изиме ер!» — деген сөзлерден ибарат болды. Ол ер адамлардан да, ҳаяллардан да жеке садықлықты талап етти. Ийса оларды Өзинен тәлим алыўға, сөзлерине бойсыныўға ҳәм өзлерин Өз иси менен байланыстырыўға шақырды.

Деген менен, алдын-ала ўаз кешпей турып, Оның изинен ериў мүмкин емес. Масихтың изине ериў деген сөзлер бир нәрселерден ўаз кешиў дегенди аңлатады. Ол жасаған дәўирде адам үйин ҳәм жумысын қалдырыў сыяқлы ис-ҳәрекетлер ўаз кешиўге жатты. Симон ҳәм Андрей «аўларын таслап», Ийсаның изине ерди. Яқып

ҳәм Юхан «әкеси Зебедейди жумысшылар менен қайықта қалдырып», Ийсаның изине ерди. Ал, Матта салық кеңсесинде отырғанда, «Масихтың шақырығын еситип, орнынан турды да, Ийсаның изине ерди».

Бүгин де Ийемиз Ийсаның шақырығы өзгерген жоқ. Ол ҳәзир де: «Мениң изиме ериңлер!» — деп, «Ким де ким өзине тийисли ҳәмме нәрсени қалдырып, Мениң изиме ермесе, Мениң шәкиртим бола алмайды», — деп толықтырып айтады.

Деген менен, бул көп масихыйлар ушын үйин ямаса жумысын туўрыдан — туўры таслап кетиў, дегенди аңлатпайды. Бунын мәниси — оларды Қудайға тапсырып, хожалығыңды ямаса өзиңди биринши орынға қоймаўдан ибарат.

Мен Ийса Масихқа ериў менен ажыралмас болған ўаз кешиў ҳаққында толығырақ айтқым келеди.

Биринshiден, бизлер гүнадан *ўаз кешиўимиз тийис*. Бир сөз бенен айтқанда, бул — тәўбе етиў болып табылады. Бул нәрсе масихыйлықтың биринши бөлими. Ҳеш қандай жағдайда да оны шетлеп өтиўге болмайды. Тәўбе етиў ҳәм исеним бирге жүреди. Гүнадан ўаз кешпей турып, бизлер Масихқа ере алмаймыз.

Тәўбе етиў — ҳәр қандай жаман ой, жаман сөз, жаман ис ҳәм жаман әдеттен жүз бурыў дегенди билдиреди. Ҳүжданның қыйналғанын сезип, Қудай алдында кеширим сораў жеткиликли емес. Негизинде, тәўбе етиў сезимлер ҳәм сөзлер емес. Тәўбе етиў — гүнаға деген ой-пикирлердиң ҳәм қатнасықтың иштен өзгериўинен ибарат. Бул минез — қулықтың өзгериўине алып келеди.

Бул жерде келисим болыўы мүмкин емес. Өмиримизде бир гүналар болыўы мүмкин, бизлер олардан ўаз кешиўди көз алдымызға келтире алмаймыз. Бирақ, бизлер Қудайдан азат қылыўды сорап жалбарынғанымызда, сол гүналардан азат болыўды *қәлеўимиз* керек. Егер сиз ненинң жақсы, ненинң жаман, неден азат болыў керек, нени сақлап қалыў керек екенлигине екиленип, шеше алмай атырған болсаңыз, өзлериңиз таныйтуғын масихыйлардың үрп-әдетлери ҳәм талапларының күшли тәсир жасаўынан қашың. Мухаддес Китаптың анық тәлийматы ҳәм ҳүжданыңыздың жетелеўи менен ҳәрекет етиң. Сонда Масих сизлерди ҳақлық жолы бойынша арман қарай жетелеп барады. Ол бир нәрседен ўаз кешиўди айтып атырған болса, сол нәрседен ўаз кешиң. Бул қандай да бир жыйын ямаса ўақыт өткизетуғын нәрселер, қандай да бир әдебий китаплар, менменлик, қызғаншақлық, қабыл етпеў сезими ямаса кеширим бермеў сыяқлы нәрселер болыўы мүмкин.

Ийса Өз шәкиртлерине өзлерин азғырыўшы көз, қол ямаса аяқты кесип таслаўды буйырды. Әлбетте, бизлер буны туўры түсинип, өз денемизди майып қылмаўымыз керек. Бул бизлерге азғырылыўға қарсы реҳимсиз болыў кереклигин айтады.

Айырым ўақытлары ҳақыйқый тәўбе етиў «қайта тиклеўди» де өз ишине алыўы тийис. Және де, бул өзлеримиз қапа қылған адамлар менен жарасыў дегенди аңлатады. Бизлердиң барлық гүналарымыз Қудайдың жүрегине жарақат салады. Бизлердиң ҳеш бир исимиз бул жарақатты шыпалай алмайды. Тек Қутқарыўшымыз Ийса Масихтың қутқарыў әкелиўши өлими ғана шыпа

бериўге қүдиретли. Бирақ, егер бизлердиң гүналарымыз басқа адамларға жәбир берген болса, айырым ўақытлары бизлер бузылған нәрселерди тиклей аламыз. Егер буған мүмкиншилик болса, бизлер буны ислеўимиз керек. Наҳақ Зақай адамлардан жеген ақшаларын еселеп төледи ҳәм өзи алған нәрселердиң орнын өтеў ушын, мал-мүлкиниң ярымын жарлыларға беретуғынын айтып, ўәде етти.

Бизлер Зақайдан үлги алыўымыз тийис. Мүмкин бизлер ақша ямаса ўақытты қайтып бериўимиз, қандай да сөзлерди бийкарлаўымыз, қандай да мүлкти қайтарып бериўимиз, кеширим сораўымыз ҳәм үзилген қатнасықларды тиклеўимиз керек шығар.

Деген менен, бул исте шектен тыс ҳәрекет ислеўге болмайды. Кейинги он жыллықта айтылған елеспесиз сөзлерди еске түсириў ҳәм өзлеримиз қапа қылған адамларға ислеген ислеримизди олар умытқан болса да еслеў ақылсызлық болар. Сондай болса да, бул қарызға тереңирек қараўымыз лазым. Мен университет басшыларына имтиханда көширгенин мойынлаған студент қызды, дүканнан урлаған китабын қайтып берген студент жигитти де билемен. Бир офицер де Қорғаныў Министирлигине «өзиники қылған» нәрселердиң дизимин жоллаған еди.

Егер бизлер ҳақыйқаттан тәўбе етсек, өтмиште болған нәрселерди дүзетиўге бар күшимизди жумсаўды қәлеймиз. Өзлеримиз кешириўди сорап атырған гүналардың жемисинен рәҳәтлене алмаймыз.

Екиншиден, бизлер *өзимизден кешиўимиз* тийис. Масихқа ериўимиз ушын, бизлер айырым гүналардан ғана ўаз кешип қоймай, ҳәр бир гүнаның тийкарында болған өзимшиликтен де ўаз кешиўимиз лазым. Масихқа ериў

өз өмиримиздеги ҳуқықларды Оған тапсырыў деген-ди аңлатады. Және де, бул өз жүрегимиздеги тахтқа өзлеримизди отырғызыўдан ўаз кешип, Масихқа Патша сыпатында бойсыныў дегенди билдиреди. Адамның өзинен кешиўин Ийса үш сөз арқалы анық сүўретлеп берген еди.

Бул демек *өзиңнен кешиў*. «Ким де ким Мениң изиме ергиси келсе, өзинен кешсин». Бирдей жағдай Петрдиң Ийемизден бас руўханийдиң үйиниң ҳәўлисинде танғанында жүз берген еди. Петрдиң Масихтан танғаны сыяқлы, бизлер де өз-өзимиз бенен болған байланыстан кешиўимиз зәрүр. Сонда Петр «Бул Адамды танымайман», — деген еди. Өзинен кешиў — бул тек мазалы затлардан ҳәм темекиден ўақытша ямаса биротолаға ўаз кешиў емес. Себеби бул өзиңди бир нәрселерден тыйыў дегенди емес, өзиңди өзиңнен тыйыў дегенди аңлатады. Яғный, бул өзиңе «яқ» деп, Масихқа «аўа» дегенди, өзиңнен кешип, Масихты тән алыўды билдиреди.

Ийса қолланған келеси сөзлер: *өз атанақ ағашыңды алып* деген сөзлер болды. «Ким де ким Маған ергиси келсе, өзинен кешсин ҳәм өз атанақ ағашын арқалап, Мениң изиме ерсин», — деген еди Ол (Матта 16:24). Егер бизлер Палестинада жасағанымызда, атанақ ағаш көтерген адамды көрип, оның өлимге ҳүким етилген ҳәм белгиленген орынға барып, жаза алатуғын адам екенин түсинген болар едик. Өйткени, Палестинаны римлилер ийелеп алған болып, олар жынаятшыларға усындай жаза қолланатуғын еди. Профессор Х. Б. Суит өзиниң «Марк жазған Хош Хабар» бойынша жазған комментарияларында өз атанақ ағашын алыў «өлимге баратырған адамның орнына

өзиңди қойыў» дегенди аңлататуғынын айтады. Павел де усы метафораны қолланып, Масихқа тийисли болғанлар өз денесин (бузылған тәбиятын) жаман қәлеўлери ҳәм нийетлери менен атанақ ағашқа шегеленгенин билдиреди.

Ал «Лука жазған Хош Хабар» да Масихтың бул сөзлерине «ҳәр күни» деген рәўиш те қосылған. Масихый ҳәр күни өлиўи керек. Ол ҳәр күни өз еркиниң бийлигинен ўаз кешиўи ҳәм өзиниң Ийса Масихқа деген сөзсиз бойсыныўын жаңалап барыўы зәрүр.

Ийса адамның өзинен кешиўин сүўретлегенде қолланған үшинши сөз бирлиги — «*өмирин жоғалтыў*» еди. «Ким де ким өз жанын жоғалтса, оны сақлап қалады. Бул жердеги «өмир» сөзи бизиң физикалық тиришилигимизди ҳәм бизиң жанымызды емес, ал бизиң өзимизди аңлатады. Жан — бул «мен», яғный ойлайтуғын, сезетуғын, жоба дүзетуғын ҳәм таңлайтуғын жеке адамның өзи. Луканың жазыўы бойынша, Ийса адамның өзин жойтыўы ҳаққында да сөз еткен еди.

Солай етип, адам өзин Масихқа бойсындырып, өзин жоғалтады. Деген менен, бул адам өзиниң өзгешелигин жойтады дегенди билдирмейди. Ҳақыйқаттан да, адамның ерки Масихқа бойсынады, бирақ оның өзи Масихтың Өзлигинен бөлинеди. Яғный, масихый өзин жоғалтыўы арқалы өзин таўып, өзиниң ҳақыйқый өзлигин ашады.

Жуўмақластырып айтқанда, Масихтың изине ериў ушын, адам өзинен кешиўи, өзин атанақ ағашқа шегелеўи ҳәм өзин жоғалтыўы лазым. Енди Масихтың толық ҳәм булжымас талабы пүткиллей анық болды. Ол бизлерди

өз жүрегимизге итибарсызлық пенен қулақ салыўға емес, ал инта менен толық садықлық көрсетиўге шақырмақта. Және де, Ол бизлерди Оны Ийемиз қылыўға шақырады.

Ҳәзир айырым адамлар арасында таң қаларлық пикирлер бар. Мысалы: олар Масихтың қутқарыўын алыў ушын, Оның бийлигин қабыл етпесе де болады, деп есаплайды. Бундай турақсыз түсиник Жаңа Келисимде жоқ. «Ийемиз Ийса» деген сөзлер биринши масихыйлардың исениминиң тымсалы болды. Сол ўақытлары Рим империясы өз пуқараларын «Ийемиз — патша (Қайсар)» деп айтыўға мәжбүрлейтуғын еди. Бирақ, масихыйлар жөгишилик қыла алмас еди. Олар патшаға биринши антын бере алмайтуғын еди, себеби оны әлле-қашан император Ийсаға берген еди. Қудай Өз Улы Ийсаны барлық ҳүкимдарлар ҳәм ҳәкимшиликлерден жоқары мәртебеге еристирип, барлық атлардан жоқары туратуғын атты берди. «Солай етип, Ийсаның алдында ҳәмме дизе бүгип, Оны Ийемиз деп ашық мойынлайды» (Флп 2:10-11).

Масихты Ийемиз қылыў — бул Оған өзимиздиң жәмийетлик ҳәм жеке өмиримиздиң ҳәр бир тараўын қадағалаўға тапсырыў дегенди билдиреди. Бул бизиң жумысымызды да өз ишине алады. Ҳәр бир адамның өмири бойынша Қудайдың Өз мақсети бар. Бизлердиң ўазыйпамыз — усы мақсетти билип, оған қарай жүриўден ибарат. Мүмкин, Қудайдың жобасы бизиң ата-анамыздың ямаса өзлеримиздиң жобамыз бенен туўры келмейтуғын шығар. Егер масихый ақыллы болса, ол ҳеш нәрсени асығыс түрде, ойланбастан ислемейди. Бәлким, ол әлле-қашан Ийемиздиң ол ушын арнаған жеринде ислеп атырған ямаса усыған таярлық көрип атырған болыўы

итимал. Бирақ, басқаша болыўы да мүмкин. Егер Масих бизлердиң Ийемиз болса, сана-сезимимиздиң өзгериўине жол ашыўымыз тийис.

Әлбетте, Ийемиз барлық масихыйларды хызметке шақырып атыр. Яғный, бизлер Масих ушын басқаларға хызмет етиўимиз керек. Ҳеш бир масихый өзи ушын жасаўды даўам ете алмайды. Хызметтиң қандай болыў кереклиги анық емес. Хызмет — бул жәмәәттеги қандай да бир хызмет я болмаса шет елдеги хызмет болыўы мүмкин. Ҳәр бир масихый усындай хызметке шақырылған деў де қәте болады. «Масихыйлық хызмет» деген атқа ылайықлы болған басқа да хызметлер бар. Мысалы: көп ҳаяллар жубай, ана ҳәм үй бийкеси болыў ушын шақырылған. Тийкарында бул да масихыйлық хызмет, себеби олар Масихқа, өз хожалығына ҳәм жәмийетке хызмет етеди. Медицина, илим, юриспруденция, билим бериў, жәмийетлик хызмет көрсетиў, орайлық ҳәм жергиликли ҳәкимият, санаат, саўда-сатық тараўларында исленген ҳәр қандай хызмет те Құдай менен биргеликте адамға исленген хызмет болып табылады.

Өз өмириңиз бойынша Құдайдың еркин ашыўға асықпаңлар. Егер сиз оның еркине бойсынып, Оның қашан еркин ашып беретуғынын күтип атырған болсаңыз, Ол буны ўақты келгенде ислейди. Қандай жағдай болса да, масихый бийталап болмаўы керек. Ол ким болыўына қарамай, мейли ол басшы, хызметкер ямаса жеке исбилермен болсын, оның аспанда Хожайыны бар. Масихый жумысында Құдайдың мақсетин билиўди үйрениўи ҳәм өз исин шын жүректен орынлаўы зәрүр. Себеби ол адамларға емес, ал Ийемизге хызмет етип атыр.

Ийса Масихтың бийлиги астында болыўы керек өмиримиздиң және бир тараўы — бул бизиң некемиз ҳәм үйимиз. Бир күни Ийса: «Мени жер жүзине татыўлық әкелген, деп ойламаңлар. Мен татыўлық емес, қылыш бериўге келдим» деген еди (Мт. 10:34). Кейин Ол бир хожалықта бир адам өзине ерсе, қандай қарама-қарсылықлар келип шығатуғынын айтқан еди.

Ҳәзир де хожалықта усындай қарама-қарсылықлар болып турады. Масихый адам жәнжел шығармаўы тийис. Өз ата-анасын, хожалықтағы адамларды сүйиў ҳәм ҳүрмет етиў — оның ўазыйпасы. Ол жарастырыўшы болыў ушын шақырылғанлықтан, қолынан келгенше келисимли болыўы, бирақ Қудай алдындағы ўазыйпасын умытпаўы лазым. Масихый Масихтың мына сөзлерин ҳеш қашан умытпаўы зәрүр: «Ким де ким Меннен артық әкесин ямаса анасын, улын ямаса қызын сүйсе, ол Маған ылайықлы емес (Мт. 10:37).

Масихый адам тек масихый адамға үйлене алады. Мухаддес Китапта бул ҳаққында анық айтылған: «Исенбейтуғынлар менен бирге бир мойынтырықтың астына кирмеңлер» (2 Кор. 6:14). Бул буйрық әлле-қашан атастырылған адамларды қатты қапа қылыўы мүмкин. Бирақ, буған салдамлы түрде қатнас жасаған дурыс болады. Неке — әпиўайы жәмийетлик үрп-әдет емес. Ал, Қудай мухаддес қылып бирлестиретуғын аўқам. Некедеги қарым-қатнас — адам баласы жасайтуғын терең байланыстан ибарат. Қудай некени тек физикалық, интеллектуаллық, эмоционаллық ҳәм жәмийетлик аўқам сыпатында емес, ал сырлы ҳәм руўхый аўқам сыпатында ойлап тапқан еди. Руўхый бирликке ийе емес адам

менен үйленген масихый тек Қудайға қулақ аспаған болып қалмай, ол Қудай некеде көриўди қәлеген бирликти де жойтқан болады. Бул балалар мәселесинде де қәўип туўғызады, өйткени олар өз үйинде дин бойынша пайда болатуғын жәнжеллердиң гүўасы болады. Және де, олар ҳәм әкеси, ҳәм анасынан алыўы керек болған диний тәлимди алыў мүмкиншилигинен айырылады.

Негизинде, масихый болыўдың өзи адамға үлкен өзгерислер алып келгенликтен, адамның некеге деген қатнасы ҳәм жыныслар арасындағы қарым-қатнаслар да өзгериўи мүмкин. Бизлер жыныслар арасындағы, яғный ер адам менен ҳаял адамның арасындағы тийкарғы айырмашылықты, олардың Қудайдың жаратылысы сыпатында бир-бирине деген мүтәжлигин үйрене баслаймыз. Енди жынысый қарым-қатнасқа да ойламағанда болып қалған, әйтеўир бир нәрсеге қарағандай қарамай, оған Қудайдың көз-қарасы менен қараймыз. Ол бизлер ушын жақсы, дурыс, мухаббатты билдириўши, Қудай белгилеген ҳәм адам баласына тән нәрсеге айланады.

Бизлер Ийсаға Ийемиз сыпатында өмиримизди бойсындырғанымызда, Ол бизлердиң ақшамыздың ҳәм ўақтымыздың да Ийеси болыўы тийис. Ийса ақша ҳаққында ҳәм байлықтың қәўипли екени ҳаққында жийи-жийи айтқан еди. Ийсаның бул бойынша айтқан сөзлери көп жағдайларда қәўтерге толы еди. Ол бир ўақытлары Өз шәкиртлерине бар дүньясын үлестирип бериўди мәсләҳәт еткендей болып көринеди. Бүгин де Ийса айырым шәкиртлерин усынлай ислеўге шақырады. Бирақ, көплеген адамлар бул буйрықты туўрыдан-туўры мәнисте түсинбей, байлықтан ишки сезимлер менен ўаз кешиў

кереклигин түсиниў керек. Жаңа Келисим байлықтың өзи гүна екенин нәзерде тутпайды.

Әлбетте, Ийса бизлердиң Өзин материаллық байлықтан ҳәм хожалықтағы жақынлықтан жоқары қойыўымызды қәлейди. Бизлер ҳәм Қудайға, ҳәм байлыққа бирдей хызмет ете алмаймыз. Оннан қала берсе, бизлер ақшаны ақыллылық пенен сарплай билиўимиз зәрүр. Қудай бизлерге ақшаны сарплаў ушын береди. Байлық пенен жарлылық арасындағы парық үлкейип баратырған ҳәзирги бизлер жасап атырған дәўирде, масихыйлық хызметти алып барыўға ғәрежеттиң жетпеўи көп қыйыншылықлар алып келеди. Бизлер тәртипке бойсынған ҳалда сақыйлық пенен бере алыўымыз лазым.

Ҳәзир бизлердиң заманымызда ўақыт — үлкен машқала. Жақында тәўбе еткен масихыйдың өзи жақтыратуғын нәрселердиң қайсысы әҳмийетлирек екенин белгилеп алыў кереклиги сөзсиз. Ол студент болған ўақытта оқыў биринши орында турады. Масихый өзин мийнеткеш ҳәм ҳадал қылып көрсетиўи керек. Бирақ, студент жаңа сабақларға да ўақыт ажыратыўы лазым. Ол ўақты тығыз болса да, ҳәр күни дуўа етиўге ҳәм Мухаддес Китапты оқыўға ўақыт ажыратыўы, дем алыў ҳәм сыйыныў күни болып белгиленген екшемби күнин Ийемизге арнаўы зәрүр. Және де, ол басқа масихыйлар менен қарым-қатнас жасаўға, масихый әдебиятларды оқыўға ҳәм жәмәәттеги қандай да бир хызметке ўақыт табыўы тийис.

Егер бизлер гүнадан ҳәм өзимизден кешип, Масихқа ергимиз келсе, булардың ҳәммеси әҳмийетли болып табылады.

## Ийсаны ашық тән алыўға шақырық

Бизлерге тек Ийсаға ериў емес, ал Оны адамлар алдында ашық тән алыў да буйырылған. Егер бизлер адамлар алдында Оннан танатуғын болсақ, өзимизден жасырын кешкенимиз жеткиликли емес. Ийса: «Егер ким де ким усы опасыз ҳәм гүнакар әўладта Меннен ҳәм Мениң сөзлеримнен арланса, Адам Улы да Әкесиниң салтанатында Өзиниң Мухаддес периштелери менен келгенде, оннан арланады», — деген еди (Мк 8:38). Және де, Ол:

> «Солай етип, ким де ким Мени адамлар алдында тән алса, Мен де оны аспандағы Әкемниң алдында тән аламан. Ал ким де ким Мени адамлар алдында тән алмаса, Мен де оны аспандағы Әкемниң алдында тән алмайман», — деген еди.
>
> *Мт 10:32, 33*

Ийсаның бизлерге Өзинен арланбаўды буйырғанының өзи бизлер азғырылып, Оннан арланыўымыз мүмкин екенин көрсетеди. Ийсаның: «бул опасыз ҳәм гүнакар әўладта» деген сөзлери Оның буған не себеп болатуғынын билгенин де көрсетеди. Ийса Өз жәмәәтиниң бул дүньяда аз санды қурайтуғын ҳәрекет болатуғынын анық билген еди. Көп санлы исенбейтуғын адамларға аз санлы исениўшилердиң қарсы шығыўы ушын батыллық керек болады. Егер сол аз санлы адамлар белгили болмаса ҳәм басқаларды өзине тарта алмаса, және де қыйынырақ болады.

Деген менен, Ийсаны ашық тән алыўдан қашпаў керек. Павел буның қутқарылыў әкелетуғынын айтқан еди. Қутқарылыў ушын жүректен исениў, Ийсаны

Ийем деп ашық тән алыў кереклигин, адам шын жүректен исенгени арқалы ақланатуғынын, «исеними ҳаққында аўзы менен ашық тән алғаны арқалы қутқарылатуғынын» да билдирген еди. Мүмкин, Павел бул жерде суўға шомылдырылыў рәсими ҳаққында айтқан шығар. Әлбетте, жақында тәўбеге келген адам суўға шомылдырылыў рәсиминен өтиўи, бул арқалы өзиниң ишки жақтан тазаланып, Масихта жаңа өмирге ерискенин билдириўи ҳәм Ийса Масихқа Қутқарыўшым ҳәм Ийем деп исенгенин жәриялаўы зәрүр.

Бирақ, масихыйдың ашық тән алыўы суўға шомылдырылыў рәсими менен жуўмақланбайды. Ол өзиниң масихый екенин (биринши гезекте қалай жасап атырғанына қарап) үй-иши ҳәм дослары билиўин қәлеўи керек. Масихый, әлбетте, бул ҳаққында гүўалық бериўге мүмкиншилик табады. Деген менен, ол ҳадал ҳәм кишипейил болып, басқалардың өмирине рухсатсыз араласпаўы лазым. Буның үстине, ол жәмәәтте, институтта, ямаса жумыста басқа масихыйлар менен қарым-қатнас жасайды, өзин масихый деп таныттыўға қорқпайды. Керек болса, досларын Масихқа әкелиў ушын дуўа етеди, гүўалық айтады ҳәм үлги көрсетеди.

## Себеп

Масихтың талабын орынлаў аңсат емес. Ол талап еткен толық бойсыныў ҳаққында айтатуғын болсақ, буның ушын күшли себеп болыўы керек. Биринши себеп — *бул өз пайдамыз*.

«Ким де ким өз жанын сақламақшы болса, оны жоғалтады. Ал ким де ким өз жанын Мен ҳәм Хош Хабар ушын жоғалтса, оны сақлап қалады. Адам пүткил дүньяны ийелеп алып, бирақ өз жанын жоғалтса, буннан оған не пайда? Ол өз жаны ушын қандай төлем бере алады?»

*Мк 8:35-37*

Көп адамлардың ишинде қорқыныш терең жайласқан болып, олар Ийсаға бойсынса, утылып қалыўдан қорқады. Олар Ийсаның бул дүньяға бизлердиң «дәўлетли өмир»ге ерисиўимиз ушын келгенин, Оның нийети бизлерди жарлы қалыўдан емес, ал байытыўдан ибарат екенин ҳәм оған хызмет етиў — толық азатлық екенин умытып қояды.

Әлбетте, бизлер Масихқа бойсынып, бир нәрселерди жоғалтамыз. Бизлер гүна ҳәм менменликтен ўаз кешиўимиз, бәлким айырым досларымыздан айырылыўымыз да мүмкин. Бирақ, бизлер жойытқан нәрселердиң орны мол-мол етип толтырылады. Масихтың тәлийматы ҳәм масихыйдың өмириниң ҳәдден тыс таң қаларлық қәсийети — бул адамның өзин табыўынан ибарат. Яғный, масихый Масихқа ергени себепли өзин жойытқаны менен, тийкарында өзин табады. Адамның ҳақыйқаттан өзинен кешиўи — бул оның ҳақыйқаттан өзин табыўы демек. Адамның өзи ушын жасаўы — бул ақылсызлық ҳәм өз-өзин өлтириўи болып табылады, ал Масих ҳәм адамлар ушын жасаўы — бул даналық ҳәм ҳақыйқый өмир болып табылады. Бизлер өзимизди Масихқа ҳәм басқаларға хызмет етиўимиз арқалы жойтыўды қәлемегенимизше, өзлеримизди таба алмаймыз.

Бул ҳақыйқатты еле де айқынырақ қылыў ушын, Ийса пүткил дүнья менен жеке адам арасына қарама-қарсылық қойды. Ол кирис ҳәм шығыс бойынша сораў таслап: «Сизлер пүткил дүньяны ийелеп алғаныңыз бенен, өзлериңизди жойытсаңыз, сизлер неге ерисесиз?» — деген еди. Адамның өз мәпин гөзлеўи бойынша дәлийллер келтирип, Өзине ерген адам сөзсиз пайда көретуғынын билдирген еди. Масихқа ериў — бул адамның өзин табыўынан ибарат. Ал, адамның өз-өзинен айырылмай, Масихқа ериўден бас тартыўы себепли, ол өзин жойтып, қандай да бир материаллық байлықларға ерисе алса да, мәңгилик өмирди алыў ҳуқықынан айырылады. Не ушын? Биринշиден, бизлер пүткил дүньяға ийелик ете алмаймыз. Екиншиден, бизлер оған ийелик ете алған жағдайымызда да, ол мәңгилик емес. Үшиншиден, дүнья дүнья болып турса да ол адамды қанаатландыра алмайды. «Адам өз жаны ушын қандай төлем бере алады?». Төлем ушын берилетуғындай, ҳеш қандай қымбатлы нәрсе жоқ. Әлбетте, бизлер масихый болыўымыз ушын, қандай да бир төлемлерди төлеймиз. Деген менен, масихый болмаў буннан да қымбатыраққа түседи. Бул адамның өзин-өзи жойтыўы дегенди аңлатады.

Масихыйлардың бойсыныўының екинши себеби — бул *басқаларға хызмет етиў*. Бизлер Масихқа өзлеримиз бир нәрселерди алатуғын болғанымыз себепли емес, ал бир нәрселерди бере алатуғынымыз арқалы бойсыныўымыз тийис. «Ким де ким өз жанын Хош Хабар ушын жоғалтса, оны сақлап қалады». «Хош Хабар ушын» деген сөз оның «басқа адамларға жәрияланыўы ушын» дегенди билдиреди. Масихтан ҳәм Оның сөзлеринен арланбаўымыз

кереклигин әлле-қашан еситтик. Ал енди болса, Масихтың Хош Хабарын басқаларға қуўанышлы түрде жеткизиў ушын, бизлер Ол менен мақтаныўымыз лазым.

Бизлердиң арамызда көпшилигимиз бул ғалма-ғал дүньяның қыйыншылықлары себепли жәбир шегемиз. Күн көрисимиздиң өзи қыйыншылық пенен кешеди. Әпиўайы пуқара жийи-жийи өзин шырмалған сиясаттың қурбаны ямаса заманагөй жәмийеттиң тыянақсыз ағзасындай сезеди. Бирақ, масихый өзин бундай ҳәлсиз сезбеўи керек. Өйткени, Ийса Масих Өз шәкиртлерин «дүньяның дузы ҳәм нуры» деп атаған-ғо. Тоңлатқыш ойлап табылмастан бурын дуз балық ҳәм гөшти қуртлаўдан сақлаўда қолланылатуғын еди. Масихыйлар да дуз сыяқлы жәмийетти бузылыўдан тыйыўы, әдеп-икрамлылық нормаларын сақлаўға жәрдем бериўи, жәмийеттиң пикирине тәсир жасаўы ҳәм нызам әдиллигин қорғаўы лазым. Дүньяның нуры болған масихыйлар Ийса Масих пенен байланыста болып, нур болып жарқыраўы тийис. Олар тынышлық, сүйиспеншилик, жеке қарым-қатнас ҳәм адамлардың өзгериўиниң сырын билип алғанлықтан, бул сырды адамлар менен бөлисиўи лазым. Масихый өз үйин ылайықлы түрде қурып, Ийса Масихтың Хош Хабарының нурын тарқатса, бул дүньяның мүтәжликлерин қандырыўға ең жақсы үлес қосқан болады.

Булардың ҳәммеси *Масих ушын исленеди*. «Ким де ким Мен ушын өз жанын жоғалтса, оны сақлап қалады». Бизлерден жүдә қыйын болған нәрсени ислеўди өтиниш қылса, сол исти ислеў ямаса ислемеўимиз оны ким өтиниш еткенине байланыслы болады. Егер оны сондай

ҳуқыққа ийе болған ҳәм бизлер қарыздар болған адам сораса, онда бизлер қуўанышлы түрде қайылшылық беремиз. Минекей, анық сол себепли Масихтың шақырығы түсиникли ҳәм исенимли.

Сонлықтан да, Ол атанақ ағашты алыўды талап етеди. Ол Өзи бергеннен көбин сорамайды. Ийса атанақ ағаш ушын атанақ ағаш сорайды. Бизлер Оған тек өзлеримиз ала алатуғын нәрсе ушын емес, ал Оның бизлерге берген нәрсеси ушын, Оған ериўимиз керек. Ийса бизлер ушын Өзин берген еди. Бул бизлер ушын қымбатқа түсе ме? Ол ушын бул қымбатқа түсти. Ийса Әкесиниң салтанатын, аспандағы азатлығын ҳәм есап-сансыз периштелердиң Өзине тәжим етиўлерин қалдырып келген еди. Ийсаның кишипейил болғаны соншелли, Ол ҳәтте, адамның атын алды, мал қорада туўылды, ақырда жатты, ағаш устасы болып иследи, аўыл балықшылары менен дос болды, әпиўайы атанақ ағашта өлди ҳәм дүньяның гүналарын Өзине жүкледи.

Бизлер атанақ ағашты көрип-ақ, өзимизден кешкимиз ҳәм Масихқа ергимиз келеди. Бизлердиң кишкене атанақ ағашларымыз Масихтың атанақ ағашының қасында елеспесиз болып қалады. Егер бизлер бир күни өзлеримиздей жазадан басқаға ылайықлы емес адамлар ушын усындай масқарашылықты ҳәм қыйыншылықты бастан кешириў ушын, Масихтың сүйиспеншилигиниң қәншелли уллы болыў кереклигин көрсек, бизлер ушын бир ғана жол қалады. Қалайынша бизлер усындай сүйиспеншиликтен жүз бурып, ўаз кеше аламыз?

Деген менен, егер сиз руўхый ашлықтан қыйналып атырған болсаңыз, мениң кеңесиме қулақ асып, маси-

хыйлықтан аўлақ кетиң. Егер сиз өз қәлеўлериңизге қулақ асып, жеңил өмир кешириўди қәлесеңиз, онда кеўлиңиз күсегенин қылың, бирақ масихый болмаң. Бирақ, сиз адым сайын өз-өзиңди ашып баратуғын, Қудайдың сизге берген тәбиятына қуўанышлы қанаатланыўшылық беретуғын, ўақыяларға толы, Масихқа ҳәм басқаларға хызмет етиўге болатуғын өмирде жасағыңыз, сиз ушын өлген Масихқа деген толып-тасқан миннетдаршылығыңызды билдире алатуғын өмирди алғыңыз келсе, онда мен сизди Ийемиз ҳәм Қутқарыўшымыз болған Ийса Масихқа дәрҳал өз өмириңизди толығы менен тапсырыўға шақырған болар едим.

# 10

# ШЕШИМ ҚАБЫЛ ЕТИП...

Масихый болыў ушын шешим қабыл етиў керек, деген идея көп адамларға таныс емес. Айырымлар масихый мәмлекетте туўылғаны ушын, өзлерин әллеқашан масихый деп санайды. «Ақыры, бизлер еврей де, мусылман да, буддист те емеспиз, демек бизлер масихыймыз!» — дейди олар. Ал, басқалардың ойы бойынша, масихый тәрбия, масихыйлардың исеним тымсалы ҳәм масихыйлық минез-қулық нормаларынан басқа, олардан ҳеш нәрсе талап етилмейди. Деген менен, ата-анасы ҳәм тәрбияға қарамай, ҳәр бир ғәрезсиз ересек адам Масихқа «аўа» ямаса «яқ» деўи ушын, өзи шешим қабыл етиўи тийис. Бийтәреп болып қалыўға болмайды. Адам ойламағанда ҳәм өз-өзинен масихый болып қалмайды.

Буны ҳеш ким сиз ушын ислемейди. Өзимиз шешиўимиз лазым.

Ҳәтте, бул китапта усы жерге дейин жазылған нәрселерге қосылыў да жеткиликли емес. Ийсаның қудайлық тәбияты ҳаққында гүўалық Оған исениўге мәжбүрлейди, деген пикирге қосылыўға ҳәм Ийса ҳақыйқаттан да Қудайдың Улы болды деген жуўмаққа келиўге болады.

Ийсаның келип, дүньяның Қутқарыўшысы болыў ушын өлгенине исенип, өзлеримиздиң гүнакар екенимизди ҳәм усы Қутқарыўшыға мүтәж екенлигимизди мойынлаўға да болады. Деген менен, булардың ҳәммеси өз алдына ямаса бирге қосылып, бизлерди масихый қыла алмайды. Масихтың Өзлиги ҳәм ислери ҳаққында анық дәлиллерге исениў — бул әҳмийетли болған алдын-ала атылатуғын қәдем. Бирақ, ҳақыйқый исеним бундай ой-пикирде исениўди шешимли түрдеги ис-ҳәрекет ислеўге алып келеди.

Ақыл-сана менен исениў жеке ҳақлыққа алып келиўи керек. Бурын мен өзим де Ийсаның атанақ ағаштағы өлими арқалы пүткил дүнья Қудайдың алдында ақланды деп ойлайтуғын едим. Еле есимде, маған биринши мәртебе Масихтың Өзин ҳәм Оның қутқарыўын өзиме тийисли қылып бақлаўды усыныс еткенде, мен ҳеш нәрсеге түсинбей, наразы болған едим. Кейин ала мениң көзимди ашқаны ушын Қудайға шүкирлик билдиремен. Сонда мен өзиме қандай да бир Қутқарыўшы кереклигин мойынлаўдан да көбирек, ҳәтте, Ийса Масихтың маған керек болған Қутқарыўшы екенин мойынлаўдан да артығырақ нәрсе ислеўим кереклигин көрдим. Оны өз Қутқарыўшым деп мойынлаўым керек болды. Бул өзлик алмасығы Мухаддес Китапта айырылып туратуғыны сөзсиз.

«Ийем — Шопаным мениң. Мен ҳеш нәрсеге мүтәж болмайман».

«Ийем — мениң нурым ҳәм қутқарылыўым».

«О, Қудайым, Сен — мениң Қудайымсаң».

«Аўа, мен ҳәмме нәрсени мениң Ийем Масих Ийсаны билиўдиң артықмашлығы алдында пайдасыз деп санайман».

Мухаддес Китаптағы бир аят изленип жүрген көп адамларға (соның ишинде маған да) исеним менен қәдем таслаўдың не екенин түсиндирди. Ол Ийса Масихтың сөзлеринен ибарат еди. «Мине, Мен қапы алдында қағып турман. Егер ким де ким даўысымды еситип, қапыны ашса, оның үйине киремен. Мен оның менен, ол Мениң менен бирге аўқат жеймиз» (Аян 3:20). Бул аятты Хольман Хант өзиниң 1853-жылы салған «Дүньяның нуры» деген сүўреинде сүўретлеген еди. Бул сүўреттиң түп нусқасы Оксфордтағы Хибл колледжиниң часовнясында илдирилген. Ал сүўреттиң қырық жылдан соң сүўретшиниң өзи тәрепинен исленген көширмеси Мухаддес Павел Соборында илдирилген. Искусствода Рафаэл мода бола ма, я басқа ма, бирақ бул сүўреттиң символизми нәсият бериўши болып қалады. Джон Рескин өзиниң 1854-жылы «Таймс» газетасына жазған хатында оны былай деп сүўретлеген еди:

«Картинаның шеп жағында адам қәлбине ашылатуғын қапыны көремиз. Қапы беккем етип шегелеп тасланған болып, оның шеге ҳәм илдиргишлерин тат басқан. Және де, қапы өз жақлаўларына шырмаўықтың шырмалып өскен шақалары менен тас болып бекитилген болып, өсимлик қапыны бүркеп таслаған еди. Қапы ҳеш қашан ашылмағаны бизге мәлим. Қапы үстинде жарғанат айланып ушар, оның босағасында ежевика, крапива ҳәм жемис бермейтуғын шөплер ғаўлап өскен еди. Масих қапы алдына түнде келип тур еди».

Оның үстинде патшалық шапан, басында шеңгелден өрилген таж, шеп қолында паныс (дүньяның нуры

сыпатында) бар еди. Ол оң қолы менен қапыны қағып тур еди».

Аяттың контексти де көп нәрселерди айқынластырады (Аян 3-бапқа қараң). Ол Масихтың Юхан арқалы Лаодикия жәмәәтине жазған хатының соңында пайда болады. Лаодикия ҳәзирги Туркияда жайласқан еди. Ол белгили гезлеме ҳәм кийим — кеншеклерге, медицина мектебине ийе болған, гүлленген қала еди. Лаодикияда белгили фригиялық көз порошогы ислеп шығарылатуғын еди ҳәм қала банклерге бай еди.

Материаллық гүллениў себепли лодикиялыларда тойыныўшылық пайда болып, бул исениўши жәмәәтке де жуқты. Усындай адамлар өзлерин исениўшимиз деп атаса да, негизинде тек аты исениўши еди. Олар белгили дәрежеде салдамлы, диний қызығыўшылығы майда ҳәм турақсыз еди. Лаодикияға трубалар арқалы келетуғын Гиераполистиң ыссы булақларының суўы сыяқлы, олар (Ийсаның сөзи бойынша) суўық та, ыссы да емес еди. Олар жыллы, яғный Ийсаға бийпәрўа еди. Бундай руўхый жыллылық адамның өз-өзин алдаўынан келип шығады. «Байман, байыдым, ҳеш нәрсеге мүтәж емеспен, дейсең. Бирақ өзиңниң бахытсыз, аянышлы, жарлы, соқыр ҳәм жалаңаш екенлигиңди билмейсең». Менмен ҳәм гүлленген Лаодикия усылай сүўретленген бе? Кийим-кеншек шығаратуғын фабрикасы болыўына қарамай, олар жалаңаш, фригиялық көз порошогы болыўына қарамай, соқыр, банкилери болыўына қарамай, жарлы болғаны ма?

Ҳәзир бизлердиң де олардан ҳеш қандай айырмашылығымыз жоқ. Мүмкин, бизлер де олар сыяқлы:

«Маған ҳеш нәрсе керек емес», — дейтуғын шығармыз? Руўхый мәнисте буннан қәўиплирек болған басқа сөзди табыў қыйын. Басқа нәрселерге қарағанда, бизлердиң өзимизше ғәрезсиз болыўымыз Масихқа бойсыныўымызға көбирек тосқынлық жасайды. Әлбетте, Масих бизлерге керек! Олсыз бизлер руўхый жалаңаш (Қудайдың алдына барыўға ылайықлы кийимимиз жоқ), руўхый ҳақыйқатлықты билиўге соқыр ҳәм Қудайдың қайырхомлығын сатып алыўға жарлымыз. Бирақ, Масих бизлерге ҳақлықты кийдирип, қолын тийгизиўи арқалы көзлеримизди ашыўы ҳәм руўхый ийгиликлер менен байыта алыўы мүмкин. Қапыны ашып, Оны киргизбегенимизше, бизлер Олсыз соқыр, жалаңаш ҳәм жарлы болып қала беремиз.
«Мине, Мен қапы алдында қағып турман», — дейди Ийса. Бул қыяллар жемиси ҳәм диний романның ойлап табылған қаҳарманы емес. Ол — минез-қулқы ҳәм өлимнен қайта тирилиўи арқалы, Өзиниң Қудайдың Улы екенин дәлийллеген Насыралы адам. Және де, Ол — атанақ ағашқа шегеленген Қутқарыўшы. Оның қапыны қаққан қолында тыртық бар. Ал, босаға алдында турған аяғында шеге излери көринеди.
Ол — өлимнен қайта тирилген Масих. Юхан Оны аянында қандай тәризде көргенин «Аян» китабының биринши бабында сүўретлеген еди. Оның көзлери оттың жалынындай жарқырап турған еди. Аяқлары пеште қыздырылған қолаға уқсаған болып, даўысы сарқырап аққан суўдың сестиндей еди. Юханның Ийсаның аяқларына жығылыўы таң қаларлық жағдай емес. Усындай уллылыққа ийе заттың бизлердей соқыр,

жалаңаш ҳәм жарлы адамларға келиўин түсиниў қыйын.
Солай болса да, Ийса Масих Өзиниң бизлердиң өмиримиздиң қапысын қағып, күтип турғанын айтады. Бирақ, дыққат аўдарыңлар, Ол қапы алдында тур, оны ийтерип турған еди. Масих бизлер менен сөйлесип атыр, бирақ бақырып атырған жоқ. Еле де әжайып болған нәрсе сол, бир еслеп көриңлер, не болса да, үй Оған тийисли-ғо. Ол усы үйди ойлап тапқан архитектор ҳәм оны салған қурылысшы. Ол — үйди Өз қаны менен сатып алған, оның ийеси де. Үйдиң ойлап табылыўы, қурылыўы ҳәм сатып алыныўы бойынша ҳуқық Оған тийисли. Бизлер — өзлеримизге тийисли болмаған үйдиң турғынларымыз ғана. Масихқа үйди ийни менен ийтерип көриўине де болатуғын еди, бирақ Ол қолы менен қағады. Ол бизлерге қапыны ашыўға буйрық бере алатуғын еди. Буның орнына, Ол бизлерге қапыны ашыўды усыныс етеди. Масих басқалар өмирине суғылып кирмейди. Ол (18-аят). «Саған айтатуғын мәсләҳәтим мынаў...», — дейди. Ол пәрман ете алар еди. Бирақ, оған мәсләҳәт бериўдиң өзи жеткиликли. Масихтың райшыллығы менен кишипейиллиги ҳәм бизлерге берген азатлығы усыннан ибарат.
Бирақ, не ушын Ийса Масих кириўди қәлейди? Буның жуўабын бизлер әлле- қашан билемиз. Ол бизлердиң ҳәм Ийемиз, ҳәм Қутқарыўшымыз болыўды қәлейди. Масих бизлердиң Қутқарыўшымыз болыў ушын өлди. Егер бизлер Оны қабыл етсек, Ол бизлерге Өз өлими менен сатып алған барлық жақсылықларды саўға

ете алады. Масих үйге кирип, оны жаңалайды, қайта қурады, оған жаңа мебель киргизеди. Демек, Ол бизлерди тазалайды ҳәм кеширеди. Бизиң өтмишимиз өширилип тасланады. Ол Өзиниң бизлер менен, бизлердиң Оның менен бирге аўқат жейтуғынымызды ўәде етеди. Бул сөзлер Оның менен бирге болып, қуўанышқа ерисиў дегенди билдиреди. Масих бизлерге тек Өзин берип қоймай, бизлердиң өзимизди Оған бериўимизди сорайды. Бурын бизлер таныс емес едик, ал енди дос болдық. Бурын арамызда жабық қапы бар еди, ал енди бизлер бир дастурхан әтирапында отырамыз.

Ийса Масих бизлерге Ийемиз ҳәм Хожайынымыз сыпатында да кирип келеди. Бизиң үйимиз Оның басқарыўы астына өтеди. Егер бизлер қәлемесек, қапыны ашыўдың ҳеш қандай мәниси жоқ. Ийса босағадан атлағаннан, бизлер Оның ҳәр бир бөлмеге кире алыўына жол қойып, барлық гилтлерди қолына тапсырыўымыз тийис. Канадалы төртинши курс талаба маған былай деп жазған еди: «Мен Масихқа ҳәмме бөлмелердиң гилтин биреўдиң орнына, ҳәмме бөлмелердиң қулпына туўры келетуғын бир ғана гилт бердим». Бул ушын бизлер тәўбе етиўимиз ҳәм Ийсаға унамайды деп ойлаған нәрселердиң ҳәммесинен шешимли түрде жүз бурыўымыз зәрүр. Бизлер Оны кириўге мирәт етиўден алдын жақсы болыўға тырысыўымыз керек емес, ал керисинше, Ол киргеннен кейин қандай өзгерислерди ислегиси келсе, ҳәр бирине таяр болыўымыз лазым. Қарсылық көрсетиўимиздиң ямаса өз талапларымызды қойыўға

урыныўымыздың кереги жоқ. Бизлер Масихқа сөзсиз бойсыныўымыз тийис. Бул нени аңлатады? Мен буны бирме-бир түсиндире алмайман. Тийкарында, бул жаманлықтан ўаз кешип, Масихқа ериў дегенди аңлатады.

Сиз екиленип атырсыз ба? Масихқа гүмилжи ҳалда бойсыныў ақылсызлық деп есапларсыз? Әлбетте, бул ондай емес. Бул некелесиўден де гөре ақыллырақ ис. Некеде ер адам ҳәм ҳаял бир-бирине сөзсиз бойсынады. Олар келешекте өзлерин не күтип турғанын билмейди. Олар бир-бирин сүйеди ҳәм бир-бирине исенеди. Бүгиннен баслап, мәңгиге жаманлықта ҳәм жақсылықта, байлықта ҳәм жарлылықта, денсаўлықта ҳәм аўырыў болғанда бирге болып, өлим айырмағанша, бир-бирин сүйиўди ҳәм қәдирлеўди ўәде етеди. Егер адам өзинен басқаға усылай исенсе, Қудайдың Улына неге исене алмайды? Адамлар ишиндеги ең жақсы ҳәм адамгершиликли адамға бойсынғаннан гөре, Масихқа бойсынған анағурлым ақыллырақ болады. Ийса ҳеш қашан сатпайды ҳәм бизлердиң исенимимизден пайдаланбайды.

Солай етип, бизлер не ислеўимиз керек? Дәслеп Оның даўысын еситиўимиз тийис. Масихты еситпейтуғын қулағымыз бенен тыңлап, Оның зинҳарлап айтқан шақырығын еситтирмей таслаўдай қайғылы жағдай қәлеген ўақытта болыўы мүмкин. Айырым ўақытлары бизлер Ийсаның даўысын ҳүждан ништери арқалы, базы ўақытлары ҳақыйқатлықты излегенде еситемиз. Руўхый соққы, өмирдиң бос ҳәм мәниссиз болып көриниўи, күшли руўхый ашлық, кеселлик,

жоқшылық, аўырыў ямаса қорқыныш бизлерге қапы артында турған ҳәм сөйлеп атырған Масихты көриўимизге жәрдем етеди. Және де, бизлер Масихтың шақырығын достымыз, ўаз айтыўшы ямаса китап арқалы еситиўимиз де мүмкин. Бизлер бул шақырықты қашан еситсек те, оған қулақ түриўимиз керек. «Қулағы барлар еситсин», — деген еди Ийса.

Соңынан бизлер қапыны ашыўымыз керек. Яғный, Ийсаның даўысын ҳәм қапыны қаққанын еситип, қапыны ашыўымыз керек. Ийса Масихқа қапыны ашқанымыз — бул Оған Қутқарыўшымыз деп исенгенимиз ҳәм Оған Ийемиз деп бойсынғанымыз болады.

Бул анық ис-ҳәрекет болады. Қапы тосаттан ашылып кетпейди. Ол аз-маз саңлақ қалдырылып, ашылған да емес. Қапы жабық ҳәм сонлықтан оны ашыў керек. Масих қапыны Өзи ашпайды. Хольман Ханттың картинасындағы қапының услағышы, ҳәтте, оны услап тартатуғын ҳеш нәрсеси де жоқ. Айтыўларына қарағанда, қапының услағышы иште екенин көрсетиў ушын, художник арнаўлы түрде усылай сүўретлеген. Масих қағып тур, бизлер ашыўымыз тийис.

Бул — ҳәр бир адамның жеке ис-ҳәрекети. Хат тек аты исениўши жәмәәт болған, «жыллы» Лаодикия жәмәәтине арналған еди. Деген менен, шақырық ҳәр бир жеке адамға қаратылған. «Егер ким де ким (яғный, ҳәр бир адам) даўысымды еситип, қапыны ашса, оның үйине киремен». Ҳәр бир адам өзи шешим қабыл етиўи тийис. Буны ҳеш ким сиз ушын ислемейди. Ата-анаңыз ҳәм масихый муғаллимлериңиз, досларыңыз ҳәм руўханийлериңиз сизге жол көрсетиўи мүмкин,

бирақ тек сизиң қолыңыз ғана қапының илдиргишин ийтерип, услағышын төмен бурай алады.
Бул сийрек болатуғын ис-ҳәрекет болып, ол өмирде тек бир мәртебе исленеди. Масих қапыдан кирген-нен кейин, қапыны жаўып, оны иштен шегелеп тас-лайды. Гүна Оны тамның төбесине ҳәм подвалға ба-рыўға мәжбүрлейди, бирақ Ол Өзи кирген үйин ҳеш қашан таслап кетпейди. «Сени таслап, қалдырып кет-пеймен», — дейди Ол. Сизлер қанатлы периштелер-ге айланып, көзди ашып жумғанша минсиз болып қаласыз, демекши емеспен. Бир сәтте масихый болып қалыўға болады. Бирақ, бирден жетилискен масихый болыўға болмайды. Бир неше секунд ишинде Ма-сих кирип, бизлерди тазалап, кешире алады. Деген менен, Оның еркине сай минез-қулқымыз өзгерип, қәлиплесиўи ушын көп ўақыт керек болады. Күйеў ҳәм келин ерли-зайыплы болыўы ушын, бир неше минут-ақ керек болады. Бирақ, екеўи бирликке ийе болыўы ушын, көп жыллар керек. Сол себептен биз-лер Масихты қабыл еткенимизде, бир сәтте бойсын-ғанымыз бенен, әсте-әсте бейимлесип барамыз.
Бул — ҳәзир исleниўи тийис ис-ҳәрекет. Керегинен артық күтпеңлер. Ўақыт өтип баратыр. Келешеги-миз анық емес. Мүмкин, сизге буннан жақсы мүм-киншилик туўылмайтуғын да шығар. «Ертеңги күн менен мақтанба, себеби оның не алып келетуғынын билмейсең» (Сулайман ҳикметлери 27:1). «Сол себеп-тен Мухаддес Руўх былай дейди: „Егер бүгин Қу-дайдың даўысын еситсеңиз, қайсарлық етпеңлер“» (Евр. 3:7,8). Бул исти жақсы тәрепке өзгерип, Масихқа

ылайықлы болғаныңызша ямаса машқалаларыңыздың ҳәммесин шешип алғаныңызға дейин қалдырып қой-маңлар. Егер Ийса Масихтың Қудайдың Улы екенине ҳәм Оның сизиң Қутқарыўшыңыз болыў ушын өлгенине исенсеңиз, бунның өзи жеткиликли болады. Қалғанлары ўақты келгенде бола береди. Аўа, дурыс, асығып ҳәм ойланбай исленген ис қәўипли болады, бирақ бундай қәўип асықпаўдың өзинде де бар.

Егер сиз ҳәрекет етиў кереклигин жүрек төринен сезсеңиз, онда ўақытты созыўдың кереги жоқ.

Бул — исениўи керек ис-ҳәрекет. Әлбетте, масихыйлық өмирде оннан басқа да көп ис-ҳәрекетлер бар. Жәмәәтте қарым-қатнас қылыў, Қудайдың еркине бойсыныў, Қудайдың мийримин түсинип, руўхый өсиў, Қудайға ҳәм адамларға хызмет етиўге умтылыў сыяқлы ис-ҳәрекетлерди келеси бөлимде көриўимизге болады. Биринши қәдемди ҳеш нәрсе менен аўмастырыўға болмайды. Масихқа ақыл-ой менен исенип, Оған сүйсиниў, қапының тесиги арқалы оған дуўа етиў (мен де көп жыллар даўамында усылай ислеген едим), Масихтың кеўлин жумсартыўға тырысып, қапының астынан пул узатыў мүмкин. Тағы да, әдеп-икрамлы, сыпайы, ҳақ, жақсы ҳәм диншил адам болыўың, шомылдырыў рәсиминен өтиўиң, диний философияға терең берилип, Қудай ҳаққында үйрениўиң ҳәм қол қойылып, дуўа етилген руўханий болыўың мүмкин, бирақ елеге дейин Масихқа жүрегиңниң қапысын ашпаған болыўың мүмкин. Буны ҳеш нәрсе менен аўмастырыў мүмкин емес.

Университет муғаллими өз өмирин былай сүўретлейди:

*«Бир күни автобустың төбесинде кетип баратырып, өзим ҳаққында ойлап қалдым. Өзимди бир нәрсени услап турғандай ямаса бир нәрседен шетке алып атырғандай сездим. Үстимде корсет сыяқлы қатты кийим, ҳәтте, шаянның қабы сыяқлы нәрсе бардай сезилди. Сонда мен өзиме таңлаў еркинлиги берилгенин билдим. Мен қапыны ашыўым ямаса оны жабық қалдырыўым мүмкин еди. Үстимдеги саўытты шешип таслаўым ямаса даўам етип кийип жүриўим де мүмкин еди. Ҳеш бир мүмкиншилик маған ўазыйпадай болып көринбеди, оларда қорқыныш та, қорқытыў да жоқ еди. Қапыны ашыў ямаса корсетти шешиўдиң алдын-ала билип болмайтуғын нәрсе екенин мен билетуғын едим. Мен қапыны ашып, дизгинди шешип босатыў кереклигин шештим. Мен: «Мен шештим», — деп атырман, бирақ буған қарама-қарсы болған нәрсени ислеў улыўма мүмкин емес еди».*

Профессор К. Льюс өз кеширмелерин «Қуўанып, таң қалыў» деген китапта былай сүўретлейди: «Атақлы бир ҳаял исениўшилердиң бир жыйнағының соңында Билли Грэмниң шақырығы бойынша алдыға шықты. Ҳаялды бир исениўши менен таныстырады. Исениўши адам ҳаялдың еле өз өмирин Масихқа бойсындырмағанын билгенде, оған сол ўақытта-ақ дуўа етиўди усынды. Ҳаял басын ийип: «Қымбатлы Ийем Ийса! Бәринен де бетер Сениң мениң жүрегиме келиўиңди қәлеймен. Аўмийин!» — деди».

Бир екшемби күни кешқурын жас өспирим бала жатақханадағы кәтиниң қасында дизе бүгип, әпиўайы түрде ҳәм әдеттегидей қылып, бирақ табанлылық пенен, өмири шатасып қалғанын Масихқа айтып берди.

Ол өз гүналарын мойынлады ҳәм Масихқа өзи ушын өлгенине миннетдаршылық билдирип, Оннан өмирине келиўин өтинди. Келеси күни ол күнделигине мыналарды жазды:

*«Кеше ҳақыйқаттан да көп нәрселер жүз берди! Усы ўақытқа дейин Масих артқы планда болып, мен өзим үстимнен пүткил бийликти оған тапсырыўдың орнына, тек бағдарлаўды сорайтуғын едим. Ал ол турып, қапыны қаға берди. Мен Оны еситтим ҳәм енди Ол мениң үйиме кирди. Масих үйимди тазалайды ҳәм енди ол жерде Ол патшалық етеди».*

Бир күннен соң, ол және былай деп жазды:

*«Бүгин мен күни бойы үлкен ҳәм жаңа қуўанышты расында-ақ сездим. Бул қуўаныш — адамлар менен татыў болып, Қудай менен қарым-қатнаста болыўдан ибарат. Оның мени басқарып атырғанын ҳәм Оны ҳеш қашан жақсы билмегенимди енди жақсы билдим».*

Бул мениң күнделигимнен алынған сөзлер еди. Сизлердиң: «Бизлерди өзи ислемеген исти ислеўге шақырып атыр», — деп ойлаўыңызды қәлемегеним ушын, усы сөзлерди келтирип өткен едим. Сиз масихыйсыз ба? Ҳақыйқый ҳәм садық масихыймысыз? Сизиң бул сораўларға қалай жуўап бериўиңиз басқа бир сораўға байланыслы болады. Сиз жәмәәтке қатнайсыз ба ямаса яқ па, исеним тымсалына исенесиз бе ямаса яқ па, ылайықлы өмир кеширесиз бе ямаса яқ па (бул сораўлар өз орны менен әҳмийетли болса да), деген сораўларға емес, ал: «Ийса Масих сизиң қапыңыздың қай жағында тур: ишинде ме, я сыртында ма?» — деген сораўларға байланыслы болады. Ең әҳмийетлиси усы.

Мүмкин, сиз Масихқа қапыны ашыўға таяр шығарсыз? Егер бул исти ислегениңизге исенимиңиз кәмил болмаса, онда сиз қәлем менен жазылғанды сыя менен айландырып шыққандай, исенимиңизди кәмил қылың. Мен сизге дуўа етиў ушын жалғыз қалыўды усыныс етемен. Ийемиз алдында гүналарыңызды мойынлап, олардан ўаз кешиң. Сизиң орныңызға ҳәм сиз ушын өлгенине Ийса Масихқа миннетдаршылық билдириң. Кейин жүрегиңиздиң қапысын ашып, Оннан Қутқарыўшыңыз ҳәм Ийеңиз болып кирип келиўин өтиниң. Бәлким, сизге өзиңиз жүрегиңизде қайталай алыўыңыз мүмкин болған мына дуўа жәрдем берер:

Ийем Ийса Масих! Мен өз жолым менен жүрип жасағанымды мойынлайман. Мен ойларым, сөзлерим ҳәм ислерим менен гүна иследим. Гүналарымды кешире гөр. Мен өкинип, олардан ўаз кешемен. Гүналарымды Өз денеңе жүклеп, Мен ушын өлгениңе исенемен. Саған уллы сүйиспеншилигиң ушын рахмет. Енди мен өз жүрегимниң қапысын ашаман. Ийем Ийса, оған кире гөр! Оған Қутқарыўшым болып кирип, мени тазалай гөр ҳәм Ийем болып кирип, мени басқара гөр. Мен Саған хызмет етемен, өйткени Сен маған пүткил өмирим даўамында күш бересең. Аўмийин.

Егер сиз шын жүректен усылай дуўа етсеңиз, сизге киргени ушын Масихқа кишипейиллик пенен миннетдаршылық билдириң. Себеби Ол киремен, деп ўәде еткен еди. «Ким де ким даўысымды еситип, қапыны ашса, оның үйине киремен». Өз сезимлериңизге дыққат аўдармаңлар. Ал, Масихтың ўәдесине исенип, Өз сөзин орынлағаны ушын, Оған миннетдаршылық билдириң.

# 11
# МАСИХЫЙ БОЛЫЎ

Бул соңғы бөлим Ийса Масихқа өз жүрегиниң қапысын ашқанлар ушын жазылған. Олар өзин Масихқа тапсырып, масихый өмирди баслаған адамлар. Масихыйға *айланыў* ҳәм масихый *болыў* екеўи еки түрли нәрсе. Енди бизлер «масихый болыў» деген сөзлер нени аңлататуғынын ойлап көриўимиз керек.

Сиз әпиўайы қәдем атып, Масихты Өз Қутқарыўшыңыз ҳәм Ийеңиз болыўға шақырдыңыз. Сонда кәрамат жүз берди. Сиз Қудайдың мийримисиз тәўбе етип, исене алмаған болар едиңиз. Ол сизге жаңа өмир берди ҳәм сиз қайтадан туўылдыңыз. Сиз Қудайдың баласы болып, Оның хожалығына кирдиңиз. Дүньяға келген ўақтыңызда не болып атырғанын түсинбегениңиз сыяқлы, бул ўақыялар жүз бергенде де не болғанын түсинбеген болсаңыз керек. Өзиңниң ким екениңди түсиниў раўажланыў барысының бир бөлеги. Сиз туўылған ўақтыңызда, жаңа ҳәм ғәрезсиз адам болғаныңыз сыяқлы, руўхый туўылғаныңызда да, Масихтағы жаңа жаратылыс болдыңыз.

Мүмкин, сиз: «Қудай ҳәмме адамлардың Әкеси емес пе? Адамлардың ҳәммеси де Қудайдың балалары емес

пе?» — деп ойлаўыңыз мүмкин. Буған: ҳәм «аўа» ҳәм «яқ» деп жуўап беремиз. Әлбетте, Қудай ҳәмме адамларды жаратқан ҳәм адамлардың ҳәммеси — Қудайдың балалары. Себеби, олар Қудайдан өмир алған (мысалы: Елш. 17:28 ға қараң). Бирақ, Мухаддес Китап Қудайдың пүткил адамзатқа Жаратыўшы сыпатында қатнас жасайтуғынын, Ийса Масих арқалы жаңа жаратылыс болған адамларға Әкеси сыяқлы айрықша қатнаста болатуғынын айтып, арасына айырмашылық қояды. Юхан буны өзи жазған Хош Хабардың бас бетинде былай түсиндирген еди:

> «Ол (яғный: Ийса) Өз жерине келди, бирақ Өз халқы Оны қабыл етпеди. Бирақ, Ол Өзин қабыл еткенлерге, атына исенгенлердиң ҳәммесине Қудайдың балалары болыў ҳуқықын берди. Олар Қудайдан туўылды».

Қудайдың балалары — бул Қудайдан туўылған, Масихты өмирине қабыл етип, Оның атына исенген адамлар.

«Қудайдың баласы болыў» деген нени аңлатады? Ҳәр бир хожалықта болғаны сыяқлы, хожалыққа ағза болыў — ҳәм артықмашылыққа, ҳәм жуўапкершиликке ийе болыў дегенди аңлатады. Бизлер оларды көрип биле алыўымыз тийис.

## Масихый болыў артықмашлығы

Қудайдың хожалығына кирген ҳәр бир адамның бирден-бир артықмашлығы — Қудай менен байланысқа ийе болыў. Келиңлер, усы қарым-қатнасларды қарап шығайық.

*Жақын қарым-қатнаслар*

Алдын көргенимиздей, гүналарымыз бизлерди Қудайға жат қылды. Олар Қудай менен бизлердиң арамызда турып алды. Буны басқаша қылып айтатуғын болсақ, бизлер пүткил дүньяны ҳүким етиўшиниң әдил айыплаўы астында болдық. Бирақ, енди бизлердиң айыпларымызды Өзине жүклеген Масих арқалы, бизлер исенимде биригип, ақландық. Яғный, бизлерди Қудайдың Өзи қабыл етип, ақланған деп жәриялады. Бизлерди ҳүким етиўши — бизлердиң Әкемизге айланды. «Қараңлар, Қудайдың балалары деп аталыўымыз ушын, Әке бизлерди қандай уллы сүйиспеншилик пенен сүйди. Ҳақыйқаттан да, бизлер Қудайдың балаларымыз», — деп жазған еди Юхан. «Әке» ҳәм «Ул» деген терминлерди Ийса Қудайға ҳәм Өзине байланыстырып айтқан еди. Ол бул атларды қолланыўға бизлерге де рухсат етеди! Масих пенен қарым-қатнасқа ийе болғанымыз ушын, бизлер де Ол сыяқлы Қудай Әке менен жақын қарым-қатнаста бола аламыз. Бизиң эрамыздың III әсириниң ортасында Карфаген епископы Киприан бул артықмашлықты жақсы сүўретлеп, Ийемизге дуўа етиў ҳаққында былай дейди:

«Ийемиздиң райшыллығы қандай уллы! Оның бизлерге беретуғын мийрим-шәпәәти ҳәм мол-мол жақсылығы да қандай уллы. Бул Қудайды Әке деп, ол өзлеримизди Оның балалары деп атап, Қудайдың алдында дуўа етиўимизди Оның бизлерге буйырғаны арқалы билинеди. Егер Өзи рухсат етпегенде, дуўа еткенде ҳеш ким Масихты Қудайдың Улы деп атай алмас еди».

Енди бизлер Ийемиздиң дуўасын еки жүзли болмай қайталай аламыз. Бурын сөзлер бостай болып көринетуғын еди. Ал, енди олар жаңа ҳәм сулыў мәниске толы. Ҳақыйқаттан да, Қудай — бизлердиң мүтәжликлеримизди Оннан сорамасымыздан алдын билетуғын, Өз балаларына жақсылық бериўге шаршамайтуғын, бизлердиң аспандағы Әкемиз.
Бәлким, айырым ўақытлары Оның қолы менен бизлердеги бир нәрселерди өзгертиў керек болатуғын шығар. «Себеби Ол сүйген адамын тәрбиялайды, улы қылып қабыл еткен ҳәр бир адамын жазалайды» (Евр. 12:6). Бул мәселеде де Қудай бизлерге Өз баласындай қатнас жасап, өзлеримиздиң пайдамыз ушын, бизлерди жазалайды. Усындай сүйиўши, дана ҳәм күшли Әкемиз бенен бизлер барлық қорқыныштан азат бола аламыз (аспандағы Әкемиздиң ғамхорлығы ҳаққында Мт. 6:7-13, 25-34 ал, Оның жазалайтуғыны ҳаққында Евр. 12:3-11 оқың).

*Садық қарым-қатнас*

Масихыйдың Қудайға өз Әкесиндей қарым-қатнас жасаўы — бул тек жақын емес, ал садық қарым-қатнас болып табылады. Көплер усындай қарым-қатнастың жақсырақ болыўынан тек үмит етеди. Бирақ, бизлердиң Қудай менен қарым-қатнасымыз садық болыўы оның еркине сай-ғо. Бундай қарым-қатнас тек бизлердиң сана-сезимимиз тыныш болыўы ушын емес, ал басқаларға жәрдем бериўимиз ушын да керек. Және де, Қудай қарым-қатнасымыздың садық болыўын қәлейди. Юхан өзиниң биринши хатында

усыларды тастыйықлайды: «Мен буларды Құдайдың Улына исенген сизлерге мәңгилик өмирге ийе екениңизди билиўиңиз ушын жазып атырман».

Деген менен, исенимли *болыў* — тек өзин исенимли *сезиў* дегенди аңлатпайды. Көплер масихый өмирдиң басында бул қәтеге жол қояды. Олар өзлериниң үстиртин сезимлерине қатты берилип кетеди. Бүгин олар өзлерин Құдайға жақын сезсе, ертең жат *сезеди*. Олар сезимлери қандай болса, руўхый жағдайын да сондай көрип, исенбеўшиликке бериледи. Солай етип, олардың масихый өмири турақсыз, өзгермели болып, әткеншек ушқанға уқсап қалады. Яғный, бийик жерге көтерилгенде қуўанып, кейин және түскинликке түседи. Құдай бундай надурыс өмирди Өз балаларына раўа көрмейди. Бизлер өз сезимлеримизге исене бермеўди үйрениўимиз тийис. Олар жүдә өзгермели болып, ҳаўа — райы, аўҳал ҳәм ден-саўлығымыздың жағдайына қарап, өзгерип турады. Бизлер — өз қәлеўлеримизге ҳәм кейпимизге берилетуғын турақсыз адамлармыз, бизлердиң турақсыз сезимлеримиз көп жағдайларда руўхый аўҳалымызға туўры келмейди. Құдай менен қарым-қатнасқа ийе екенимизди сезимлеримиз арқалы емес, ал Оның бизлерге буны билдиргени арқалы билемиз. Бизлер өзлеримизде руўхый өмирдиң гүўалығын излеўге тырыспай, Құдайға ҳәм оның сөзине қараўымыз лазым. Бирақ, бизлерди Құдайдың балалары болғанымызға исендиретуғын Құдайдың сөзин қаяқтан излеўимиз керек?

Бириншиден, Масихты қабыл еткенлерге мәңгилик өмирди беретуғынын Құдай Мухаддес Жазыўларда

айтылған Өз сөзинде ўәде еткен. «Сол гүўалық мынаў: Қудай бизлерге мәңгилик өмир берди ҳәм бул өмир Оның Улында. Қудайдың Улына ийе болған адам өмирге ийе болады, Қудайдың Улына ийе болмаған адам өмирге ийе емес» (1 Юҳ. 5:11-12).

Демек, мәңгилик өмирге ийе екенимизге исенгенимиз өзимшиликке жатпайды екен. Керисинше, Қудайдың сөзине исениў — менменликтен емес, ал кишипейилликтен, өзимшиллик емес, ал даналықтан ибарат. Екилениў — ақылсызлық ҳәм гүна болады. «Қудайға исенбейтуғын адам Қудайды өтирикши қылған болады. Өйткени, Қудайдың Өз Улы туўралы берген гүўалығына исенбейди» (1 Юҳ 5:10).

Буның үстине, Мухаддес Китап Қудайдың ўәделерине толы. Ақыллы масихый оларды тезирек ядында сақлап қалыўға тырысады. Себеби, ол бир ўақытлары түскинлик ҳәм екилениў шуқырына түсип қалса, Қудайдың ўәделерин арқан сыпатында пайдаланып, сол шуқырдан шыға алады.

Минекей, ядлап қалыў керек болған бир неше аят. Олар Қудайдың ўәдесине ийе.

Егер бизлер Масихқа келсек, Ол бизлерди қабыл етеди.

*Юҳ. 6:37*

Ол бизлерди ҳеш қашан жибермей, беккем услап турады.

*Юҳ. 10:38*

Ол ҳеш қашан бизлерди таслап кетпейди.

*Мт. 28:20; Евр. 13:5,6*

Күшимизден артық сынақларға түсиўимизге Қудай жол қоймайды.

*1 Кор. 10:13*

Гүналарымызды мойынласақ, Ол бизлерди кеширеди.

*1 Юҳ. 1:9*

Даналық сорасақ, Ол бизлерге береди.

*Яқып 1:5*

Екиншиден, Қудай бизлердиң жүрегимиз бенен сөйлеседи. Мына сөзлерге қулақ салыңлар: «Қудай бизлерге берген Мухаддес Руўхы арқалы жүреклеримизди Өз сүйиспеншилигине толтырады. Усы Руўх арқалы Қудайды: «Әке, Әкежаным!» деп шақырамыз. Мухаддес Руўхтың Өзи бизлердиң руўхымыз бенен бирликте Қудайдың балалары екенлигимиз ҳаққында гүўалық береди» (Рим. 5:5, 8:15-16). Буның не екенин ҳәр бир масихый биледи. Мухаддес Руўхтың Мухаддес Жазыўда айтылған сыртқы гүўалығы Оның бизиң тәжирийбемиздеги ишки гүўалығы менен дәлийлленеди. Сонлықтан, майда ҳәм өзгермели сезимлеримизге исенбей, жүреклеримиздеги исеним терең болыўын күтиўимиз зәрүр. Мухаддес Руўх бизлерди Қудайдың өзлеримизди сүйетуғынына исендиреди ҳәм Қудайдың жүзин излеп, дуўа еткенимизде, Қудайды «Әке» деп айтыўымыз кереклигин үйретеди.

Үшиншиден, бизлердиң Қудайдың балалары екенимиз ҳаққында Мухаддес Жазыўда ҳәм бизлердиң тәжрийбемизде гүўалық беретуғын сол Мухаддес Руўх бизлердиң минез-қулқымызда да Өз гүўалығын көрсе-

теди. Егер биз Қудайдың хожалығына кирген болсақ, онда бизде Мухаддес Руўх жасайды. Негизинде, бизлерде Мухаддес Руўхтың болыўы ҳәм Оның бизлерде жасаўы — бул Қудайдың балалары ийе болған уллы артықмашлық ҳәм олар ийе болған айрықша белги. «Қудайдың Руўхы менен басқаратуғынлардың ҳәммеси — Қудайдың балалары» (Рим. 8:14). «Ким де ким Масихтың Руўхына ийе болмаса, ол Масихқа тийисли емес» (Рим. 8:9). Мухаддес Руўх бизлерге келип орналасқаннан соң, көп ўақыт өтпей-ақ, Ол бизлердиң өмиримизге өзгерис киргизеди. Бул ҳаққында Юхан өзиниң биринши хатында айтқан еди. Оның айтыўы бойынша, ким де ким қайсарлық қылып, Қудайдың буйрықларын тыңламай атырған ҳәм өз жақынларының алдындағы ўазыйпасын орынламай атырған болса, онда ол не айтып, не сөйлесе де, масихый емес. Ҳақлық ҳәм сүйиспеншилик — Қудайдың баласының әҳмийетли қәсийетлери болып табылады.

*Исенимли қарым-қатнас*

Айтайық, сиз Қудай менен жақын қарым-қатнасқа ийе болдыңыз ҳәм буған Қудайдың сөзи арқалы исендиңиз дейик. Деген менен, бундай қарым-қатнас исенимли ме? Я болмаса, ҳәзир Қудайдың хожалығына кирип, бир секундтан соң, оннан қуўып шығарыласаң ба? Мухаддес Китап бул қатнасықтың ҳәмме ўақытта болатуғынын айтады. «Егер бизлер Қудайдың балалары болсақ, онда мийрасқа ийе боламыз. Бизлер Масих пенен мийрасқа шерик болған Қудайдың мийрасхорларымыз», — деп жазған еди Павел «Римли-

лерге жазған хаты» ның 8-бабында. Ол сол баптың кейинги бетинде Қудайдың балалары мәңгиге қорғаў астында екенин ҳәм Оның сүйиспеншилигинен бизлерди ҳеш нәрсе айыра алмайтуғынын даўам етип тастыйықлайды.

Сиз: «Мен гүна ислесем, не жүз береди? Мен Қудайдың баласы болыў ҳуқықынан айырылып қаламан ба?» — деп сораўыңыз мүмкин. Яқ. Буны адамлардың хожалығы менен салыстырып көриң. Мысалы: бала қопаллық ислеп, ата-анасын қапа қылып қояды. Сонда үйде келиспеўшилик пайда болып, әкеси менен баласы сөйлеспей жүреди. Не жүз берди? Бала өз әкесиниң баласы болмай қалды ма? Яқ. Олардың өз-ара байланысы үзилмей, тек қатнасы ғана бузылды. Байланыс туўылыўға, ал қарым-қатнас минез-қулыққа байланыслы. Бала кеширим сораўдан, әкеси оны кеширеди. Ал кеширим қарым-қатнасты тиклейди. Араларында келиспеўшилик болса да, әкеси менен баласының байланысы үзилмеди. Бала ўақытша қулақ аспайтуғын, ҳәтте, қайсар бала болды. Бирақ, ол әкесине бала болмай қалған жоқ.

Қудайдың балалары менен де сондай. Бизлер гүна ислесек, Қудай Әкемиз бенен қатнасымыз бузылады ҳәм гүнамызды мойынлап, оннан ўаз кешпегенимизше, қатнасымыз тикленбейди. «Егер гүналарымызды мойынласақ, садық ҳәм ҳақ Қудай гүналарымызды кеширип, бизлерди ҳәр қандай жаманлықтан тазалайды. Бирақ, егер гүна ислеп қойсақ, Әкениң алдында Жақлаўшымыз, ҳақ болған Ийса Масих бар. Ол бизлердиң гүналарымыздың кеширилиўи ушын қурбан

болды» (1 Юҳ. 1:9, 2:1-2). Солай екен, бүгин ислен-ген надурыс ис-ҳәрекетти дүзетиўди кешки ямаса келеси екшембиге қалдырмаң. Бунның орнына, дизе бүгип, дәрҳал тәўбе етиң ҳәм Әкемизден кеширим сораң. Өз ҳүжданыңызды ипласламай, таза сақлаўға тырысың.

Буны басқаша қылып айтатуғын болсақ, бизлер бир мәртебе ақланамыз, бирақ ҳәр күни кеширим алыўымыз керек. Ийса елшилердиң аяғын жуўғанда, буны ис жүзинде көрсетти. Сонда Петр Ийсадан қолларын ҳәм басын да жуўыўды өтинди. Бирақ, Ийса оған: «Шомылған адам пүткиллей таза. Оның тек аяқларын ғана жуўыў керек», — деди. Ерусалимде болатуғын байрамға шақырылған адам оған барыўдан алдын жуўынып алады. Ол достысының үйине келгенде, оған және бир мәртебе жуўыныўды усыныс етпейди. Ал, қапының алдында оны қул күтип алып, аяқларын жуўады. Сол сыяқлы бизлер де Масихқа исенип, тәўбеге келсек, шомылып, тазаланамыз (суўға шомылдырылыў рәсиминен өтемиз). Бул ҳәрекетти қайталаўдың кереги жоқ. Бирақ, бизлер шаң көшелер арқалы жүргенимиз себепли аяқларымызды бәрқулла жуўыўымыз тийис (ҳәр күни кеширим сораўымыз тийис).

*Масихыйдың ўазыйпалары*

Қудайдың баласы болыў — әжайып артықмашлық. Бирақ, ол айырым ўазыйпаларды да ишине алады. Петр: «Жаңа туўылған нәрестелердиң ана сүтине қуштар болғанындай, сизлер де руўхый таза сүт болған Қудайдың сөзине қуштар болыңлар. Сонда азық алып

өсип, қутқарыласызлар», — (1 Петр 2:2) деп жазғанда, анық усыны нәзерде тутқан еди.

Қудайдың баласының уллы артықмашлығы — қарым-қатнастан, ал уллы ўазыйпасы — руўхый өсиўден ибарат. Ҳәмме адам кишкене балаларды жақсы көреди, бирақ ақыл-еси дурыс болған ҳеш бир адам олардың өспей, солайынша қалыўын қәлемейди. Деген менен, ең қайғылысы — қайтадан туўылған масихыйлардың көбиси ҳеш қашан руўхый өспейди. Олардың руўхый сайызлығы себепли басқалар да жәбир көреди. Бирақ, бизиң аспандағы Әкемиз: «Масихтағы нәрестелер Масихта жетилисип барсын», — деп буйырған. Туўылғаннан кейин өсиў керек. Қудайдың бизлерди қабыл еткени мухаддесликке алып келиўи тийис (бул ҳаққында Петр айтқан еди.)

Масхый тийкарғы еки тараўда руўхый өсип барыўы зәрүр. Бириншиси — түсиниў, екиншиси — мухаддеслик. Бизлер жаңа ғана масихый болғанымызда, Қудай ҳаққында аз билгенимиз себепли, жүдә аз түсинемиз. Енди бизлер Қудайды ҳәм Ийемиз болған Қутқарыўшы Ийса Масихты билиўде жетилисип барыўымыз лазым. Бул жартысы ақыл менен қабыл етиўге болатуғын, ал жартысы жеке қабыл етиў керек болған билим. Жоқарыда айтылғаны бойынша, мен сизлерге тек Мухаддес Китапты үйрениўди емес, ал басқа жақсы масихый китапларды оқыўды мәсләҳәт еткен болар едим. Түсиниў арқалы өсип барыў кереклигин итибарға алмаў қәўипли нәрсе.

Мухаддес өмир кешириў бойынша да өсип барыў керек. Жаңа Келисим авторлары Қудайға деген исенимди,

басқаларға деген сүйиспеншиликти арттырып, Масихқа уқсап барыў ҳаққында айтады. Қудайдың баласы болған ҳәр бир адам Қудайдың Улына минез-қулқы ҳәм ис-ҳәрекети менен көбирек уқсап барыўды қәлейди. Масихый болып жасаў — ҳақ болып жасаў дегенди билдиреди. Бизлер Қудайдың буйрықларын ҳәм Оның еркин орынлаўға тырысыўымыз керек. Мухаддес Руўх бизлерге усы ушын да берилген. Ол бизлердиң денемизди Өз Ибадатханасына айландырды. Ол бизлерде жасайды. Егер бизлер Мухаддес Руўхтың бийлигине бойсынсақ, Ол бизлердеги жаман қәлеўлерди жеңип, өмиримизге Өз жемисин береди. «Мухаддес Руўхтың жемиси сүйиспеншилик, қуўаныш, тынышлық, сабырлылық, мийримлилик, қайырхомлық, садықлық, мүләйимлилик ҳәм өзин тутып билиўден ибарат» (Галл. 5:16, 22-23).
Бизлер қалай руўхый өсе аламыз? Бунының баслы үш сыры болып, олар Қудайдың балаларының тийкарғы ўазыйпалары болып табылады.

### *Қудай алдындағы ўазыйпамыз*

Бизлердиң аспандағы Әкемиз бенен қарым-қатнасымыз исенимли болса да, ҳәрекетшең емес. Қудай балаларының руўхый өсип, Өзин еле де көбирек билип барыўын қәлейди. Бунының бирден бир жолы — бул ҳәр күни Мухаддес Китапты оқып, дуўа етиў арқалы Оның менен қатнас жасаў екенин масихыйлар әўладлар даўамында түсинип алған еди. Алға илгерлеўди қәлейтуғын масихыйлар ушын бул жүдә әҳмийетли. Бизлер ҳәммемиз бәнт адамлармыз. Солай болса да,

усы әҳмийетли иске ўақыт ажыратыў ушын, ислеримизди ретлестириўимиз шәрт. Демек, бизлер өзлеримизди қатал тәртипке бойсындырыўымыз лазым. Қолымызда Мухаддес Китаптың түсиникли тексти болып, азанда оятатуғын саатымыз жақсы ислеп турса, жеңиске ерисемиз, деп исенемиз.

Мухаддес Китапты оқыў менен дуўа етиў арасында теңбе-теңлик болыўы зәрүр. Өйткени, Мухаддес Жазыў арқалы Қудай бизлерге сөйлейди, ал дуўа етиў арқалы бизлер Оған сөйлеймиз. Мухаддес Китапты оқыў бойынша тәртип енгизсек, ақылға муўапық болар еди. Бунның ҳәр түрли усыллары бар. Мухаддес Китапты оқымастан бурын дуўа етип, көзлериңизди ашып, ақыл-даналық бериўин Мухаддес Руўхтан сораң. Соңынан китапты әсте, ойланып, түсинип оқың. Мухаддес Китапты түсиндиретуғын жақсы китабыңыз болса, ол сизге жәрдем берер еди. Кейин оқыған аятларыңыздан өмириңизге байланыслы қылып қолланып алыўға тырысың. Алыўға болатуғын ўәделер, орынлаў керек буйрықлар, үлги алыў керек мысаллар, ислемеў керек гүнакар ислер ҳаққында билип алың. Үйренгенлериңиздиң ҳәммесин жазып барыў ушын дәптериңиз болса жақсы. Ең баслысы Ийса Масихты излеңлер. Ол — Мухаддес Китаптың баслы темасы. Китаптан Оның Өзин қалай ашқанын билип қоймай, Оның менен жеке танысамыз да.

Буннан соң сиз дуўа етиўиңиз тийис. Қудайдың тап жаңа ғана өзиңизге айтқанларына жуўап бериў менен дуўаңызды баслаң. Гәпти басқа жаққа бурып жибермең. Егер Қудай сизге Өзи ҳәм салтанаты ҳаққында

айтқан болса, Оны алғыслаң. Егер гүналарыңыз ҳаққында айтқан болса, олар ушын кеширим сораң. Оқығаныңызда сизге ашылған барлық жарылқаўлар ушын Қудайға шүкирлик билдирип, Өзиңиз ҳәм досларыңыз бул сабақты түсинип алыўыңыз ушын дуўа етиң. Өзиңиз Мухаддес Китаптан оқыған үзинди ушын дуўа еткениңизден соң, басқа нәрселер бойынша да дуўа еткиңиз келер. Дуўа еткениңизде биринши жәрдемшиңиз Мухаддес Китап болса, екинши жәрдемшиңиз күнделик болады. Оған ҳәр күни азанда жаңа күн бойынша ҳәмме нәрселерди жазып, кеште және бир мәртебе көзден өткерип, күн бойы ислеген гүналарыңды мойынлаң, алған жарылқаўларыңыз ушын миннетдаршылық билдириң ҳәм усы күни өзиңиз ушыратқан адамлар ушын дуўа етиң.

Қудай — сизиң Әкеңиз. Оның менен қатнаста өзиңизди тәбийий ҳалда тутып, исениң ҳәм батыл болың. Қудайға өмириңиздеги ҳәр бир нәрсе қызықлы. Дуўа етиўиңиз керек болған ағайин-туўғанларыңыздың, досларыңыздың ҳәм. т. б. дизимин дүзиў зәрүр екенлигин тез арада түсинип аласыз. Бул дизимди мүмкиншилиги болғанша қолайлы қылып, сонда оған биреўлердиң атын қосып, басқалардың атын алып таслаўға болады.

*Жәмәәт алдындағы ўазыйпамыз*

Сизиң масихый өмириңиз — тек жеке өзиңизге байланыслы өмир емес. Егер сиз қайтадан туўылып, Қудайдың хожалығына кирген болсаңыз, Қудай сизге Әке болып қалмай, дүнья жүзинде жасаўшы ҳәр

түрли миллет исениўшилериниң ҳәммеси сизге туўысқан болады. Бул — уллы ҳақыйқат. Масихтың дүнья жүзилик жәмәәтине ағза болыў жеткиликли деп ойлаў надурыс, бизлер өзлеримиздиң жергиликли жәмәәтимиздиң ағзасы болыўымыз тийис. Және де, университеттеги масихый аўқамға да ағза болыў да жеткиликли емес (сизди белсенди ағза болады деп, үмит етемен). Масихыйдың орны жергиликли жәмәәтте, ол сол жерде басқалар менен бирге сыйыныўы, қарым-қатнас қылыўы ҳәм гүўалық айтыўы керек.

Сиз: «Қандай жәмәәтке барсам болады?» — деп сораў қойыўыңыз мүмкин. Егер сиз бала ўақтыңыздан бир жәмәәт пенен байланыста болған ямаса кейинги ўақытлары оған қатнаған болсаңыз, әҳмийетли себеп болмаса, оннан қол үзиў ақылсызлық болар еди. Бирақ, сиз қәлеген жәмәәтти таңлай алатуғын жағдайда болсаңыз, онда мына еки белгиге әмел қылсаңыз болады. Биринписи хызметшиге, екиншиси жәмәәтке байланыслы. Өзиңизге мына сораўларды берип көриң: Хызметши өз ўазларында Мухаддес Жазыўда айтылған сөзлерди түсиндириўге тырысып, оларды заманагөй өмирге байланыстырып, Мухаддес Жазыўдың абройына бойсына ма? Жәмәәт басқа жәмәәтлер, Масихты сүйиўшилер, дүньядағылар менен, және өз-ара жақын қатнаста ма?

Шомылдырыў рәсми — көзге көринетуғын масихый аўқамға қарай жол болып табылады. Бурын көргенимиздей, оның басқа да мәнислери бар. Егер сиз шомылдырылыў рәсминен өтпеген болсаңыз, жәмәәт хызметшисинен өзиңизди шомылдырылыў рәсмине

таярлаўды сораң. Соңынан сиз де масихыйлар жәмәәтине ағза болың. Дәслеп көп нәрсе ерси болып көриниўи мүмкин. Бирақ, бир шетте қалып кетпең. Ҳәр екшемби күни жәмәәтке барыў масихый сөзсиз орынлаўы керек ўазыйпа. Масихый жәмәәтлердиң барлық тараўлары Еслеў кешесин Масих тәрепинен киргизилген орайлық хызмет ҳәм ол Оның өлимин исениўшилер бир-бири менен қарым-қатнас жасап еслеўге жәрдем береди, деген пикирге қосылады.

Қарым-қатнас — бул екшемби күни әпиўайы ғана кеўил көтериў, деген пикир туўдырмадым, деп үмит етемен. Басқа масихыйларды жақсы көриў (буған бирден исениў қыйын болса да) — бул жаңа ҳәм ҳақыйқый сезим. Масихыйлар арасында шығысы ҳәм жасы ҳәр қыйлы болған адамлар өз-ара дос болып, бир-бирин байытып барады. Масихый адамның ең жақсы дослары — масихыйлар ҳәм өмирлик жолдасы болады (мысалы: 2 Кор. 6:14).

*Бизиң дүнья алдындағы ўазыйпамыз*

Масихый өмир — бул балалар Әкеси менен ҳәм өз-ара қарым-қатнас жасағаны себепли қуўанышқа бөленетуғын хожалық қарым-қатнаслары. Өзиңизде: «Бул арқалы жуўапкершилик жоқ болады», — деген пикирдиң пайда болыўына жол қоймаң. Масихыйлар — тек өзлерине кеўли толып, өзлерине исенетуғын, тек өзлери менен қызықсынатуғын адамлардан ибарат болған жабық топар емес. Керисинше, ҳәр бир масихый басқа адамлар менен терең қызықсыныўы керек. Масихыйдың хызметиниң бир бөлеги — қо-

лынан келгенше, ҳәмме адамларға хызмет етиўден ибарат.

Масихый жәмәәтлер дүньяда қатардан шығарылған ҳәм мүтәжликте жасаўшы адамларға, яғный жарлы, аш, кесел, жәбир шеккен, ҳақ-ҳуқықсыз, қул, тутқын, қашқын ҳәм жалғыз адамларға көп жақсы ислер ислеп, адамгершилик көрсетиў. Масихыйлар бүгин де Масихтың аты ушын адамлардың қайғы-азапларын жеңил қылыўға тырыспақта. Бирақ, бизлерди еле де көп жумыс күтпекте. Масихыйлыққа қатнасы жоқ айырым адамлардың Масихты билемиз, деп жәриялайтуғын бизлерге қарағанда бир ўақытлары мийримлирек екенин уят болса да, мойынлаўымыз лазым.

Масихыйлардың «дүнья» алдындағы, яғный Масихты билмейтуғын адамлар алдындағы ўазыйпасы — бул «Хош Хабарды тарқатыў»дан ибарат. Масихты ҳәм Оның қутқаратуғынын билмейтуғын еле миллионлаған адамлар бар. Ондай адамлар тек Азия, Африка ҳәм Латын Америкасында емес, ал раўажланған Батыс еллеринде де көп. Көп әсирлер даўамында масихыйлар уйықлап атырғандай түйилиўи мүмкин, усы бизиң әўладымыздың заманында масихыйлар оянып, Масих ушын дүньяны жеңип алар? Мүмкин, Ол сизди айрықша хызметке таңлаған шығар? Сиз сол хызметти Хош Хабарды тарқатыў ушын қол қойылып дуўа етилген хызметши ямаса елши болып орынларсыз. Егер сиз ҳәзир оқып атырған ҳәм әлле-қашан өмир жолыңызды таңлаған адам болсаңыз, асығыс ҳәм ойсыз ис-ҳәрекет қылыў надурыс болар еди.

Деген менен, Қудайдың сизиң өмириңиз бойынша еркин түсинип, оған бойсыныўға ҳәрекет етиң.

Ҳәр бир масихый руўханий ямаса елши болыў ушын шақырылмаса да, Қудай ҳәр бир масихыйға Ийса Масихтың гүўасы болыўды буйырып атыр. Масихый адам үйинде, университеттегиays арасында ямаса жумыста бәрқулла сүйиспеншиликке толы, кишипейил ҳәм ҳадал өмир кеширип, басқаларды Масихқа әкелиўге тырысыўы керек. Бул — оның миннетли ўазыйпасы болып табылады. Масихый адамлардың мазасын алмайтуғын, әдепли ҳәм турақлы болыўы лазым. Исти дуўа етиўден баслаў керек. Қудайдан өз досларыңыздың биреўиниң ямаса екеўиниң өмирине сизде айрықша қызығыўшылық туўдырыўын сораң. Егер де олардың жынысы да, жасы да сизики менен бирдей болса жақсырақ. Соңынан олардың Қудайға келиўи ушын үзликсиз ҳәм тыянақлы түрде дуўа етиң. Араңыздағы дослықты беккемлеп барың, ўақтыңызды олар менен бирге өткизип, оларды ҳақыйқаттан жақсы көриң. Оларды Хош Хабардың мәниси түсиндирилетуғын жыйналыс ямаса ушырасыўға мирәт етиң ҳәм оларға масихый китапларды оқыўға бериң ямаса Ийса Масихтың сиз ушын ким екенин ҳәм Оны қалай тапқаныңызды айтып бериң. Егер сизиң дилўарлық пенен айтып берген гүўалығыңызға ислериңиз туўры келмесе, онда буның пайдасыз екенин айтып отырыўымның кереги жоқ шығар. Масих өзгертип атырған өмириңиздеги кишкене нәрсе үлкен тәсир ислеп, Масихтың пайдасына хызмет ете алады.

Қудайдың балаларының уллы артықмашлығы ҳәм жууапкершилиги усыннан ибарат. Қудайдың хожалығына кирген, аспандағы Әкеси менен жақын, садық, исенимли қатнасқа ийе болған масихый адам ҳәр күни Муқаддес Китапты оқып, дууа етиуди тәртипке айландырыуға, өз жәмәәтинде садық хызметши болыуға, Масихқа хызмет етип, Ол ҳаққында гүуалық бериуде белсендилик көрсетиуге тырысады.

Булар барлық масихыйлардың өмиринде болатуғын айырым нәрселерди түсиндиреди. Егер қысқаша қылып айтатуғын болсақ, бизлер еки патшалықтың, яғный жердеги ҳәм аспандағы патшалықтың пуқараларымыз. Сонлықтан, усы еки патшалықтың бизлерге жүклеген жууапкершилигинен бас тартыуға ҳақымыз жоқ.

Ал, Жаңа Келисимниң айырым авторлары бизлердиң бул дүньяда жат жерли ҳәм қонақ екенимизди, бизиң уатанымыз аспанда екенин ҳәм бизлер мәңгилик үйимизге баратуғынымызды айтады (Мысалы: 1 Петр 2:11; Флп. 3:20; 2 Кор. 4:16-18). Енди бизлер бул дүньяда байлық жыйнамауымыз, тек өз мәпимизди гөзлемеуимиз ҳәм бул дүньяның қайғыларына берилмеуимиз тийис.

Бизлер Масих пенен тығыз қарым-қатнас жасап, бул дүньяға итибар бермеуимиз ямаса бул дүньяға берилип, Масихты умытыуымыз мүмкин. Деген менен, булардың екеуи де масихый адамның қарарына тууры келмейди. Себеби олар масихыйдың өз жууапкершилигинен бас тартыуына алып келеди. Муқаддес Китаптың басқарыуында жасайтуғын масихый Масих алдындағы да, дүнья алдындағы да жууапкершилигин теңдей қылып

орынлаўға ҳәрекет етеди. Ол усы еки жуўапкершиликтиң ҳеш биринен де бас тарта алмайды.

Бул — Масихтың шәкиртиниң өмири. Масих бизлерди усылай өмир кешириўге шақырады. Ол бизлерге жаңа өмирди сыйға бериў ушын өлди ҳәм өлимнен қайта тирилди. Усы дүньяда бундай жаңа өмир кешириў ушын, Масих бизлерге Өз Руўхын берди. Ол бизлерди Өзиниң изине ериўге ҳәм Оның хызметине өзимизди толық ҳәм пүткиллей бағышлаўға шақырады.

# МАЗМУНЫ

*Сөз басы* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
1. Исенимли жантасыў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 7

I. МАСИХТЫҢ ӨЗЛИГИ

2. Масих Өзин ким деп жәриялады? . . . . . . . . . . . . . 22
3. Ийсаның минез-қулқы. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 43
4. Ийсаның қайта тирилиўи. . . . . . . . . . . . . . . . . . . 59

II. АДАМНЫҢ МҮТӘЖЛИГИ

5. Гүнаның раслығы ҳәм келип шығыўы. . . . . . . . . . 82
6. Гүнаның нәтийжеси . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 97

III. МАСИХТЫҢ ДЕНЕСИ

7. Масихтың өлими. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 112
8. Масихтың қутқарыўы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 138

IV. АДАМНЫҢ ЖУЎАБЫ

9. Баҳаны есаплаў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 152
10. Шешим қабыл етип.... . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 173
11. Масихый болыў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 187